# Гъэсэпэтхыдэхэр

# ДжакIуэ

# Сэфирэт и тхылъ

# Гъэсэпэтхыдэхэр

# ДжакIуэ

# Сэфирэт и тхылъ

# Гъэсэпэтхыдэхэр

Сэлмэн бегъымбарым
и ущие псалъэхэмрэ хъыбархэмрэ

# ДжакIуэ

Пащтыхь Iущым и гупсысэхэр

# Сэфирэт и тхылъ

ФIыцIагъэ ЛъапIэр зэдзэкIынымкIэ Институтыр
Мэзкуу, 2021

**Гъэсэпэтхыдэхэр**
**ДжакIуэ**
**Сэфирэт и тхылъ**

ЗэзыдзэкIар Табыщ Муратщ

Филологие редакторыр Къумахуэ Аслъэнщ

ФIыцIагъэ ЛъапIэм щыщу адыгэбзэкIэ зэрадзэкIа тхылъхэм я е-жыпхъэхэр фэ къыщывгъуэтыфынущ ФIыцIагъэ ЛъапIэр зэдзэкIынымкIэ Институтым и сайтым: http://ibt.org.ru/ru/media?id=KBD

ISBN 978-5-93943-291-7
© Институт перевода Библии, 2021

# ХЭЗЫГЪЭГЪУАЗЭ

**Ныбжьэгъу лъапIэ!**

ФIыцIагъэ ЛъапIэм щыщ тхылъищ уи пащхьэ илъщ.

Илъэс миным щIигъукIэ ятхыжурэ зэхуахьэсыжа тхыгъэжьхэу адыгэхэр ТэурэткIэ, бегъымбархэм я тхылъкIэ, ЗабуркIэ, ИнджылкIэ зэджахэр ФIыцIагъэ ЛъапIэм щыщщ. Ахэр зытеухуар Тхьэм цIыхум къыхуиIэ хущытыкIэрщ, зытепсэлъыхьри и къэгъэщIыгъэ псори Езым деж къеэзышэлIэж гъуэгу захуэм тегъэувa, фIымрэ захуагъэмрэ щытепщэ дуней еншэ ухуа зэрыхъунум и хэкIыпIэхэрщ. ФIыцIагъэ ЛъапIэми а гуращэ къабзэр зэрызащIэр Хьисэ бегъымбарым и гъащIэмрэ и псэр зэрита щIыкIэмрэ IэтащхьэIулIэж зыхуэхъуж журтхэм я тхыдэмкIэ нахуэу икIи Iупщ Iу къегъэлъагъуэр.

Зи гугъу тщIы тхыгъэжьхэм ныбжьышхуэ яIэ пэтми, я мыхьэнэр зы мащIэкIи кIащхъэ хъуакъым. Зыщыщ лъэпкърэ зэрахьэ фIэщхъуныгъэм емылъытауэ, цIыхухэр абыхэм дихьэхыу нобэми йоджэ, итым зыщагъэгъуазэ, пщIэ хуащI, Iущыгъи къыхах.

Мы къыдэкIыгъуэм къызэщIиубыда тхылъхэр щатхар ди лъэхъэнэр къихьэным и япэ илъэс минырщ. Ахэр зытеухуакIи зэхуэдэкъым, зэрытха бзэкIи зэщхькъым. «Гъэсэпэтхыдэхэр», псалъэм папщIэ, щIоупщIэ цIыхур ехъулIэу дунейм тетын щхьэкIэ ищIэн хуейхэм. Тхылъаджэри и гур етауэ ущиехэмрэ гъэсэпэтхыдэхэмрэ

щIэдэIуну, Iущыгъэрэ зэхэщIыкI нэсрэ зригъэгъуэтыну къыхуреджэ.

Дунейм щекIуэкI Iуэхугъуэхэм ящыщу гукъыдэж къезытымрэ игу зэщызыгъэауэмрэ я щэхур къэтIэщIыным иужь итщ «ДжакIуэр» зи Iэдакъэ къыщIэкIар. Пасэрей гупсысакIуэр пщIэ зыхуэщIыпхъэмрэ насыпкIэ узэджэ хъунумрэ зищIысым я лъыхъуакIуэ емышыжщ.

ТIуми аркъудей ещхькъым «Сэфирэт и тхылъыр». Къэжэр (Перс) пащтыхьыгъуэм къыщыхута журтхэр зэрыхуа псэзэпылъхьэпIэ бзаджэрщ ар зытепсэлъыхьыр, къызэрыгуэкI унагъуэ къыхэкIыу пащтыхь гуащэ хъуа цIыхубз цIыкIум и фIыгъэкIэ абыхэм лъапсэкIуэдыр къахуэмыкIуэу къызэрызэтенами и хъыбарырщ къиIуэтэжыр. Тхылъым къыдгурегъаIуэ журтхэм ехьэжьауэ ягъэмэхуэщI «Пуримым» къежьапIэ хуэхъуар абы щыгъуэ екIуэкIа хъугъэ-щIагъэхэр ару зэрыщытыр.

Зи цIэ къитIуа тхылъхэр лъэпкъ куэдым я бзэкIэ зэдзэкIауэ щыIэщ. «Гъэсэпэтхыдэхэр» адыгэбзэкIэ дунейм къыщытехьар 2017 гъэрщ. «ДжакIуэр» 2020 гъэм къыдэкIащ. «Сэфирэт и тхылъыр» адыгэхэм я бзэкIэ къыщыдэкIыр иджыщ.

Зытеухуамрэ къыщыIэта Iуэхугъуэхэмрэ тхылъаджэм нэхъ гурыIуэгъуэ щыхъун папщIэ тхылъ къэс пэублэ псалъэ хуэтщIащ. Iэрыхуэ хъун щхьэкIэ псалъэ гурыIуэгъуейхэм я псалъэгъэнахуэ кIэщIри тхылъым и кIэм деж къыщыхьащ, гупсысэ нэхъыщхьэхэр къэзыIуатэ псалъэхэм я цIэгъэлъагъуэри апхуэдэ дыдэу кIэлъытхыжащ.

Адыгэхэм я анэдэлъхубзэмкIэ ФIыцIагъэ ЛъапIэм щыщ тхылъхэр ябгъэдэтлъхьэныр хуабжьу ди гуапэщ. Абы зи гуащIэ хэзылъхьа зэдзэкIакIуэм, щIэныгъэлэжьхэм, упщIэжакIуэхэм фIыщIэ ин яхудощI.

*ФIыцIагъэ ЛъапIэр зэдзэкIынымкIэ Институтыр*

# Гъэсэпэтхыдэхэр

## Сэлмэн бегъымбарым и ущие псалъэхэмрэ хъыбархэмрэ

### Пэублэ псалъэ

*ЦIыхур фIым хуэзыущий, екIумрэ емыкIумрэ, хъунумрэ мыхъунумрэ зэхезыгъэгъэкI хъыбархэрщ, тхыдэжьхэрщ, ущиехэрщ, кIэщIущыгъэхэрщ гъэсэпэтхыдэкIэ зэджэр. ЗэхэщIыкIым зезыгъэужь, гупсысэкIэм зезыгъэузэщI апхуэдэ щэнгъасэ псалъэхэм ижькIэрэ цIыхум гулъытэ лей хуащIу къекIуэкIащ. Мы тхылъым щызэхуэхьэса гъэсэпэтхыдэхэми КъуэкIыпIэ Благъэм щыпсэу лъэпкъхэм пщIэ хуащIу, лъапIэныгъэ ирахыу илъэсищэ Iэджэхэр къызэпачащ.*

*«Гъэсэпэтхыдэхэм» ущыхуэзэну ущие псалъэхэмрэ Iущыгъэхэмрэ я нэхъыбэр Даут бегъымбарым и къуэ Сэлмэн и цIэм ирапх хабзэщ. Ар езыр ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ Х лIэщIыгъуэм щыIа ИсрэIил къэралыгъуэм и пащтыхьу щытащ. ФIыцIагъэ ЛъапIэм къызэрыхэщымкIэ, Тхьэр Сэлмэн зыхуеймкIэ щеупщIым щыгъуэ, емрэ фIымрэ зэхищIыкIыну, и лъэпкъ гъуэгу захуэм зэрытригъэувэн акъылрэ губзыгъагъэкIэ къетэну щIэлъэIугъащ. Дунеягъэ Iуэхурэ мылъкукIэ зыхуимыгъазэу апхуэдэ лъэIукIэ игу къызэрызэхуIуихам папщIэ, и Iущыгъэрэ губзыгъэгъэкIэ япэкIи щымыIауэ, иужькIи*

*къэмыхъуауэ Сэлмэн цIыху лъэпкъым яхиIэтыкIащ (3 Пащтыххьэр 3:5-12).*

*ЦIыхум и щыIэныгъэкIэ къыхуэщхьэпэну ущие куэд «Гъэсэпэтхыдэхэм» щызэхуэхьэсащ. Абыхэм уалъэIэсын, нэсу къыбгурыIуэн щхьэкIэ зы щыпкъагъэ уигу имыхуу илъын хуейщ: Тхьэуэ Зиусхьэным уфIэлIыкIыныр – зэхэщIыкIым и пэублэщ (Гъэс. 1:7). Тхылъым Iущыгъэу хэлъыр хилъагъуэрэ ар къыхэзыхыфыр гъуэгу махуэ теуващ (Гъэс. 3:13-18).*

*ГъащIэм цIыхур зыIуигъэувэ сыт хуэдэ IэнатIэми епхьэлIэ хъуну псалъэ пэжу «Гъэсэпэтхыдэхэм» мащIэкъым узыщрихьэлIэр. Псалъэм папщIэ, тхылъыр цIыхур зыгъэпIейтей Iуэхугъуэ куэдым я щхьэфэ йоIэбэ: унагъуэм (11:29, 14:1, н.къ.), быным (10:1, 19:26, н.къ.), гъэсэныгъэм (13:24, 22:6, н.къ.), нэчыхьым (5:15-20, 18:22, н.къ.), лIыгъуэ-фызыгъуэм (12:4, 21:9, н.къ.), жылагъуэ Iуэхухэм (11:10-11, 14:34, н.къ.), мылъкум (10:2, 11:28, н.къ.), лэжьыгъэм (6:6-11, 10:4, н.къ.), н.къ. ИкIэщIыпIэкIэ жыпIэмэ, «Гъэсэпэтхыдэхэм» гупсысэу къыщыIэтар, япэрауэ, Тхьэмрэ цIыхумрэ, етIуанэрауэ, езы цIыхухэм я зэхуаку къыдэхъуэ зэхущытыкIэхэр пэжым тегъэувэным, зэтес щIыным теухуащ. УзытеплъэкъукI мыхъуну а зэхущытыкIэхэр нэхъри щефIэкIуэнур, тхылъым къызэрыхэщщи, цIыхур и дэтхэнэ зы Iуэхурэ зы псалъэкIэ Тхьэм и Хабзэр и тегъэщIапIэу зекIуэу щытмэщ.*

*«Гъэсэпэтхыдэхэм» усэбзэм и нэщэнэхэр яхыболъагъуэ. Псом хуэмыдэу ар щынэрылъагъущ сатырит1 хъу усэпкъ кIэщIхэм деж. Апхуэдэ усэпкъхэм, зэрыхабзэщи, е сатыритIыр щызэпэщытщ, е къаIэт гупсысэхэм зыр зым тригъэчыныхьу гъэпсащ. КIэщIу икIи купщIафIэу зэрызэхэуххуэнам тхылъым къиIуэтэну зыхуейр нэхъ зэхэщIыкIыгъуафIэ ещI. Мы зэдзэкIыгъэри зэрылъэкIкIэ зыхущIэкъур аращ: пасэрей журт усэ гъэпсыкIэм ит «Гъэсэпэтхыдэхэм» я фащэр къыщыднэжкIэрэ абы адыгэбзэкIэ*

*зыщызыгъэгъуазэхэм ар еджэгъуафIэ, гурыIуэгъуафIэ ящыщIынырщ. Дыщогугъ тхылъым еджэнуми едэIуэнуми абы зи гугъу ищIыр зэхищIыкIыну икIи зэхихыну.*

## ЯПЭ IЫХЬЭ

### Гъэсэпэтхыдэхэм уахэзыгъэгъуазэ

[1] ИсрэIилым и пащтыхь Даут и къуэ Сэлмэн и гъэсэпэтхыдэхэр.

2 Iущыгъэрэ ущиер къыфхуахьынщ абыхэм,
акъылкIэ гъэнщIа псалъэхэр
къывгурыIуэнкIэ щхьэпэ къыфхуэхъунщ,
3 щыпкъагъэм, захуагъэм, пэжыгъэм –
псэукIэ нэсым хабзэу хэлъхэм –
фыхуаузэщIынщ.
4 ЖыIэзыфIэщхэм я зэхэщIыкIым зрагъэIэтынщ,
щIэныгъэрэ губзыгъагъэкIи ныбжьыщIэхэм
ядэгуэшэнщ;
5 щIредэIу а псалъэхэм цIыху Iущхэри –
щIэныгъэу ябгъэдэлъми хагъэхъуэнщ,
зи акъыл тIысахэм чэнджэщ щхьэпи
къыхахынщ.

6 ЗэхэфщIыкIынщ итIанэ фэ псалъэжьхэр,
псалъэ хъуэрхэр,

цIыху Iущ и Iущыжхэм я псэлъафэхэр,
щIагъыбзэхэр.
7 Тхьэуэ Зиусхьэным[a] уфIэлIыкIыныр –
зэхэщIыкIым и пэублэщ,
Iущыгъэрэ ущием нэмыплъ езытыр –
акъылыншэщ.

## ЩIалэгъуалэм яхуэгъэза ущиехэр

### *БзаджэщIагъэм ущызыгъащтэ псалъэ*

8 ЕдаIуэ, си щIалэ, уи адэ и ущие,
уи анэ и псалъи иригъуазэ,
9 къыпхалъхьэнщ абыхэм уэ щэн дахэ,
уи щIыхьри лъагэу яIэтынщ[b].
10 Си щIалэ, удашэхыну гуэныхьщIакIуэхэр
къыщихьэкIэ уи ужь,
защыдзей абыхэм.
11 «НыддэкIуэ,
щхьэусыгъуэншэу лажьэншэхэм
дапэтIысынщи, ялъ дгъэжэнщ,
12 пэмыплъагъэххэу зи уахътыр къэсахэм ещхьу
абыхэм зэшэзэпIэу кIэр еттынщ[c];
13 фIыгъуэбэр къэтхъунщIэнщи,
а къуентхъхэмкIэ* ди унэхэр дыуфэнщ.

---

a **1:7** Журт. «Яхве». Тхьэм Мусэ бегъымбарми журтхэми закъызэрыригъэцIыхуауэ щытар апхуэдэущ. «Яхве» жиIэмэ, «ЩыIэр», «Псэур» жиIэу аращ. Журтхэр а цIэм апхуэдизкIэ фIэлIыкIырт, къапсэлъыну щышынэрти, Тхыгъэ ЛъапIэми макъкIэ щеджэкIэ, а цIэр къамыпсэлъу абы и пIэкIэ «Адонай» жаIэу хуежьащ. «Си Зиусхьэн» жиIэу аращ абы къикIыр.

b **1:9** Журт. «къыпщхьэратIэгъэнщ абыхэм уэ къэгъагъэ блэрыр, зэпэлыдыж щыгъэри къыппщIэхалъхьэнщ». КъикIым теухуауэ зэддзэкIауэ аращ.

c **1:12** Журт. «хьэдрыхэ дунейм зэрызыIэщIилъхьэжым хуэдэу псэууэ ахэр едгъэндырэхынщи, мащэм ихуам ещхьуи зыIэщIэтлъхьэнщ». КъикIым теухуауэ зэддзэкIауэ аращ.

14 Къытхыхьи, пхъэидзэр щытщIкIэ,
къыплъыс уи Iыхьэри хэпхынщ!» – щыжаIэкIи,
15 умыщI апхуэдэхэр, си щIалэ, уэ гъуэгуэгъу,
абы я лъагъуи утеувэну щыщтэ.
16 Лей зехьэнырщ ахэр зыхущIэкъур,
зыхуэпIащIэри лъыгъажэщ.
17 Бзурэ пэт нахуэу ягъэува бзуущэм
иубыдынкъым[a],
18 ауэ мы бзаджащIэхэр аракъым –
зыпэтIысыжурэ ягъажэр ялъщ,
я мащэри езыхэм я IэкIэ ятIыж.
19 Аращ къапэплъэр щIэпхъаджэ къуентхъ
щIэнэцIхэм, –
халъхьэнущ я щхьэр абы щIэхъуэпсхэм.

## *Iущыгъэм и джэ макъ*

20 Iущыгъэр[b] уэрам-уэрамкIэрэ къыщоджэ,
утыкухэми щеIэт и макъ;
21 цIыху зэблэкIыпIэхэм ар къыщогуо,
и псалъэхэр щегъэIу къалэ дыхьэпIэхэми:
22 «ЦIыху жыIэзыфIэщхэм зэхэфх псоми фигу
хагъахъуэу сыт хуэдизрэ екIуэкIыну?
ЩIэнэкIалэхэр* сыт хуэдизрэ щIэнэкIэнкIэ
фыерыщыну,
акъылыншэхэми щIэныгъэм сыт хуэдизрэ
зыпэIувдзыну?
23 Си гие* псалъэ хуэфэщэн хуэдизкIэ
фыкъыпэджэжатэмэ,
сыфхуэхъунтэкъэ фэ чэнджэщэгъу,
сывдэгуэшэнтэкъэ гущIагъщIэлъыбзэу
сщIымкIэ?!

---

*a* 1:17 ЗэрызэдзэкIам къигъэлъагъуэр иIэнкIэ хъуну мыхьэнэхэм языхэзырщ.

*b* 1:20 «Гъэсэпэтхыдэхэм» Iущыгъэр бзылъхугъэу къыщыгъэлъэгъуащ.

24 Сынывэджат – фи щIыб къысхуэвгъэзащ,
зынэсшият – къыслъыфтакъым зыми гу.
25 Си чэнджэщхэм фыщелъэпэуакIэ,
сынымщIывэгияр къыщывмыщтакIэ,
26 гукIуэдыгъуэр къыщыфлъэIэскIэ,
фи гузэвэгъуэм сэри сыщIэнэкIэжынщ.
27 Шынагъуэр дуней жьапщаеу
къыщыфлъэIэскIэ,
гузэвэгъуэр гъуэжькуийуэ
къыщыфтехуарзэкIэ,
гуауэмрэ гуIэмрэ лъэгуажьэмыщхьэу
фыкъыщагъэтIыскIэ,
28 мис абы щыгъуэщ фыкъыщызэджэнур,
ауэ сыныфпэджэжынукъым,
мис абы щыгъуэщ сыкъыщыфлъыхъуэнур,
ауэ сывгъуэтыжынукъым.
29 ЩIэныгъэм гущыкI хуэзыщIахэмрэ
Тхьэуэ Зиусхьэным фIэлIыкIыным
хуэмеяхэмрэ,
30 си чэнджэщ зымыщтахэмрэ си гие псалъэ
елъэпэуахэмрэ –
31 гъуэгу къыхахам и дыджкIэ пшынэжынущ,
гугъэу зэрахъами пэкIуэж уасэри
ягъуэтыжынущ.
32 ЖыIэзыфIэщыр зэрымыдаIуэм
текIуэдэжынущ,
акъылыншэри гу къаскIэ зэримыIэм
теунэхъуэнущ.
33 КъызэдаIуэр псэунщ шынагъэм пэIэщIэу,
бэлыхьлэжьаекIи къыхэщт иIэнкъым».

## ЕТIУАНЭ IЫХЬЭ

### *Iущыгъэм щхьэпагъэу пылъыр*

1 Си щIалэ, си псалъэр пщтэрэ
унафэу пхуэсщIыр уи гум иплъхьэмэ,
2 Iущыгъэм ухуэгъэзарэ
зэхэщIыкIым уигу етауэ,
3 акъылым ухущIэкъурэ уигу хузэIухауэ
ар къыбгурыIуэным уеблэу щытмэ,
4 дыжьыныжьым хуэдэу абы улъыхъуэрэ
кIадэ* гъэтIылъыгъэу ущIэхъуэпсмэ,
5 абдежщ къыщыпщIэнур Тхьэуэ Зиусхьэным
фIэлIыкIыным къикIыр,
мис итIанэщ Тхьэр къыщыпцIыхунур.
6 Iущыгъэр дэ къыдэзыпэсыр Тхьэуэ Зиусхьэнырщ,
Аращ къызыбгъэдэкIри щIэныгъэр,
зэхэщIыкIыр.
7 ЦIыху захуэхэм ехъулIэныгъэ инхэр[a]
Тхьэрщ къезытыр,
гъуэгу пхэнж пэIэщIэ зыхуэзыщIхэм
Ар я мэIущ*.
8 Аращ захуащIэхэм хъумакIуэу яIэр,
хуэпэжхэми я гъуэгур еузэщI.
9 КъэпщIэнщ итIанэ щыпкъагъэм, захуагъэм,
пэжыгъэм –

---

*a* 2:7 ЖуртыбзэкIэ псалъэм къикIынкIэ хъунум щыщу зы мыхьэнэращ зэддзэкIар. «Чэнджэщхэр», «текIуэныгъэ», «Iущыгъэ щхьэпэ» мыхьэнэхэри иIэщ.

дэтхэнэ зы гъуэгу занщIи утетыным къикIыр.
10 Абдежым щегъэжьауэщ уигу Iущыгъэр щитIысхьэнур,
щIэныгъэр уи псэми щехуэбылIэнур.
11 Акъыл гъэтIысам укъихъумэнщ,
зэхэщIыкIми укъызэтринэнщ.

12 Iущыгъэм уащехъумэ бзаджащIэхэм я гъуэгум:
псалъэ пцIыIуэпцIышэр зи бзэгупэ телъхэм,
13 гъуэгу занщIэм текIыу
кIыфIыпцIэ лъагъуэ теувахэм,
14 гуфIэ-гупсэм зэщIищтауэ бзаджэ зыщIэхэм,
щIэпхъаджэуи ялэжьхэм щыгуфIыкIхэм,
15 зи гъуэгур нашэкъашэхэм,
пцIы зэфэзэщ и лъагъуэ тетхэм.

16 Iущыгъэм хамэ цIыхубзым[a] ущехъумэ,
нэгъуэщIым и щхьэгъусэ и псалъэпцI къумалэм*,
17 пIэщхьагъ ищIар хьэкъыншэу зыхъуэжам,
Тхьэм и пащхьэ щита нэчыхь псалъэр зыкъутам.
18 Ажалщ[b] а цIыхубзым и унэр зи хэщIапIэр,
гъуэгупэуи екIуалIэм узыхуашэр хьэдрыхэщ.
19 Хэт къыхуэмыкIуэми абы, итщ кIуэдыпIэ, –
гъащIэм и нэзми къыщыхуташ.

20 Аращи, цIыхуфI я гъуэгу щызэхэзекIуэ,
захуащIэхэм я кIуапIэр умыбгынэ.
21 ЦIыху захуэхэрщ мы щIыгум щыпсэунур,
зигу къабзэхэрщ къинэнури абы;

*a* **2:16** Мы псалъэм мыхьэнищ иIэнкIэ хъунущ: 1. нэгъуэщI лъэпкъ щыщ бзылъхугъэ; 2. хамэ цIыхухъу и щхьэгъусэ; 3. зи пщIэ зыгъэкIуэда цIыхубз хэтакIуэ.

*b* **2:18** Журт. «ныбжьыкъухэм дежщ», нэгъуэщIу жыпIэмэ – лIахэм я деж.

22 ауэ бзаджащIэхэр мы щIыгум трихыжынущ,
цIыху гъэпцIакIуэхэм я лъабжьэри
ирихыжынущ.

## ЕЩАНЭ IЫХЬЭ

### *Тхьэуэ Зиусхьэным егъэз уи дзыхь*

1 Ущиеу узыщIэзгъэдэIухэр, си щIалэ,
зыщумыгъэгъупщэ,
унафэу пхуэсщIхэри кърено уигу:
2 абы уи гъащIэр илъэс куэдкIэ яшэщIынущ,
ехъулIэныгъи гупсэхугъуи[a]
къыпхуахьынущ.

3 ФIылъагъуныгъэмрэ пэжыгъэмрэ пэIэщIэ
уахуэмыхъукIэ,
гъащIэ гъуэмылэу ахэр зехьэ,
гущIагъщIэлъыбзэуи къехьэкI[b].
4 КъыплъэIэсынщ итIанэ Тхьэм и нэфIыр,
удыхьэнщ итIанэ цIыхухэм ягу.

5 ГущIэ лъащIэ псомкIи Тхьэуэ Зиусхьэным
дзыхь егъэз,
уи акъылым ущымыгугъыщэ;
6 кIуапIэу хэпшхэми Тхьэр къыщылъыхъуэ,
уи гъуэгур занщIэ мис Абы ищIынщ.

---

a 3:2 Журтыбзэк Iэ мыхьэнэ куэд къызэрыкI «шалом» псалъэращ. «Мамырыгъэ», «ехъулIэныгъэ», «псэуныгъэ», «узыншагъэ» мыхьэнэхэри иIэщ.

b 3:3 Журт. «уи пщэм къешэкIи, уи гущхьэм тетхэ». КъикIым теухуауэ зэддзэкIауэ аращ.

7 ЦIыху Iущу зыкъыпфIэщIыжыным щыщтэ,
Тхьэуэ Зиусхьэным фIэлIыкI зэпыт,
бзаджэм зыпыIудз:
8 ар уи Iэпкълъэпкъым хуэщхьэпэнщ,
уи гуащIэми* къыхигъэхъуэнщ.

9 Къыпхэхъуэм щыщкIэ Тхьэуэ Зиусхьэным
фIыщIэ хуэщI,
гъавэщхьэ тыхьри лъыгъэс[a];
10 уи гуэн я лъащIэ унэмыплъысыфу хъунщ,
санэхури санэщIэхухэм*
къащхьэпрыжынщ.

11 УемыпэгэкI, си щIалэ, Тхьэуэ Зиусхьэным
ущиузэхужкIэ,
Абы и гие псалъэри зоумыусыгъуэджэ*:
12 зэрыхуэхъущIэм ещхьу фIыуэ илъагъу быным
адэр
Тхьэуэ Зиусхьэнри и щIасэхэм йогие.

### *Iущыгъэм и гъуэгухэр*

13 Ежьащ гъуэгу махуэ Iущыгъэр къэзыгъуэтыр,
ехъулIащ зиIэр зэхэщIыкI;
14 Iущыгъэр йолъэпIэкI дыжьыным,
дыщэ плъыжьым хуэмыдэуи и хэхъуэр инщ.
15 Налкъутналмэсхэм нэхъри ар нэхъ лъапIэщ,
уи гум фIэIэфIхэм ящыщу абы пэхъуни зы
щымыIэ.
16 ГъащIэ кIыхькIэ ар къыпхуэупсэнщ,
къыуэтэнущ мылъкурэ щIыхькIи[b].

---

*a* **3:9** Тэурэт Хабзэм ипкъ иткIэ, япэу кърахьэлIэ гъавэр Тхьэм ейщ, журтхэми ар Абы фIыщIэепэс тыгъэу къыхуахьынуи пщэрылъ яIэщ.

*b* **3:16** Журт. «ГъащIэ кIыхьыр и Iэ ижьым илъщ, мылъкумрэ щIыхьымрэ и Iэ сэмэгум илъщ». КъикIым теухуауэ зэддзэкIауэ аращ.

17 Абы и гъуэгухэр – гъуэгу гурыхьщ,
абы и гъуэгухэр – мамыр гъуэгущ.
18 Иригъуазэ псомкIи ар гъащIэ жыгщ,
ар зыIэщIэзмыгъэкIри ехъулIащ.

19 Мы дунеижьыр Тхьэуэ Зиусхьэным и Iущыгъэщ
къызэригъэщIар,
и акъылщ уафэгури зэрыхуищIыжар;
20 и щIэныгъэщ щIы къат лъащIэншэхэр
къызэгуитхъыу псыхэр зыутIыпщар[a],
уафэпшэхэми уэшхыпсыр къезыгъэхьыр.

21 Акъыл жаныгъэр, зэхэщIыкIыр, щIалэ,
умыбгынэ,
абыхэм зэикI уатемыплъэкъукI;
22 уэр папщIэ ахэр хъунщ гъащIэ гъуэмылэ,
сыт щыгъуи ахэр уэ къыпщхьэпэжынщ[b].
23 Шынагъуэншэ хъунщ итIанэ гъуэгуу узытетыр,
урикIуэнщ абы умылъэпэрапэу;
24 къыхэщт жыхуаIэр пщIэнкъым, угъуэлъамэ,
уи жеипэри пщIыхь IэфIхэм хэтуи ипхынщ.
25 Ущымышынэ бэлыхь зэуэзэпсэм,
бзаджащIэхэм я кIуэдыр къызэрыкIми
ущымыщтэ, –
26 къэнэнущ Тхьэуэ Зиусхьэныр сыт щыгъуи
уи гугъапIэу,
уи кIуапIэхэр кIуэдыпIэми хуишэнкъым.

---

*a* **3:20** Журт. «щIы щIагъхэр зэгуэзыгъэкIар». Зи гугъу ищIыр е дунейр къищыгъэщIым щыгъуэщ, е Нухь бегъымбарым и лъэхъэнэу дунейр псыкIэ Тхьэм щикъутэжам щыгъуэщ.

*b* **3:22** Журт. е «пхуэхъунщ ахэр пщэрыдзэ лъапIэ», е «пхуэхъунщ ахэр дыуэ». КъикIым теухуауэ зэддзэкIауэ аращ.

### *Iущыгъэмрэ хабзэ-зэхэтыкIэхэмрэ*

27 ФIыр зыхуэфащэм епэс,
ар уи IэмыщIэ илъмэ.
28 ПхузэфIэкIыу щытмэ, къолъэIуми хуэщIэ,
«ИужькIэ къакIуэ, уэстынщ пщэдей!» –
жумыIэ.

29 ЦIыхум щхьэкIэ къыумыгъэкI уи гум Iей,
гурыщхъуэншэу ар къыщыбдэпсэукIэ.
30 Щхьэусыгъуэншэу цIыхум уфIэмынэ,
фIэгъэнапIэ пщIын къыщыуимыщIакIэ.

31 Уемыфыгъуэ цIыху мэхъаджэм*,
ар зэрыкIуэ зы гъуэгуи утемыувэ, –
32 Тхьэуэ Зиусхьэным хуищIащ гущыкI цIыху
тхьэгъэпцIым,
Абы и дзыхь цIыху захуэхэрщ зригъэзыр.

33 БзаджащIэхэм я унэм Тхьэуэ Зиусхьэным нэлат
ярех
захуащIэхэм я унэм Ар нэфIкIэ йоплъ.
34 ЦIыху щIэнэкIалэхэм Тхьэр ящIонакIэри,
зыхуэзыгъэцIыкIухэми и фIыгъэр йокI.
35 Акъыл зыбгъэдэлъым щIыхь игъуэтынурэ,
акъылыншэм и напэр текIынущ.

## ЕПЛІАНЭ ІЫХЬЭ

### *Іущыгъэр псом я щхьэщ*

1 ФыкъедаІуэт, щІалэхэ, фи адэ и ущие,
гупсэхуу фыщІэдэІут, акъыл хэфхыным
щхьэкІэ –
2 сэ фэ вжесІэнур гъэсэпэтхыдэжьщ,
фызыхуэзущийр фымыщІ ІэщІыб.
3 Си адэ и жьэгужь щІалэжь цІыкІуу
сыщыдэсым,
си анэ и щІалэ гъэфІэн закъуэу
сыщыщытым,
4 си адэ сиущийурэ къызжиІэрт:
«Уигу иубыдэ псалъэу уэркІэ хэсхыр,
унафэу пхуэсщІым утемыкІмэ, гъащІэ уиІэщ.
5 Іущыгъэрэ акъылрэ зэгъэгъуэт;
псалъэу бжесІахэр уигу иумыгъэхуж икІи
умыбгынэ.
6 умыщІ ІэщІыб Іущыгъэр – абы укъихъумэнщ,
гурыщІэ дахэ хуэщІи, укъызэтринэнщ.
7 ЩыІэкъым Іущыгъэм и щхьэ кІуэ,
зэбгъэгъуэтыну ар хущІэкъу.
Сыт уи Іэ къимыхьэми, акъылыр япэ уэ игъэщ[a].
8 Лъытэныгъэ хуэщІи, уигъэлъэпІэжынщ,
уи гур хузэІупхмэ[b], щытхъуи къыпхуихьынщ.

[a] **4:7** Е «Сыт убгъэдэмылъами, акъыл абыкІэ зэгъэгъуэт».
[b] **4:8** Журт. «ІэплІэ епшэкІмэ».

9 Къыпхилъхьэнщ абы уэ щэн дахэ,
уи щIыхьри лъагэу иIэтынщ[a]».

10 КъызэдаIуи, щIалэ, псалъэу пхухэсхахэр
къащтэ,
итIанэ гъащIэ кIыхь ухъунщ.
11 Узыхуэзущийр Iущыгъэм и гъуэгущ,
узытезгъэувэри абы и лъагъуэ захуэхэрщ.
12 УщрикIуэкIэ – щIэкIынущ уи лъэр хуиту,
ущрижэкIи – улъэпэрэпэнкъым.
13 Си ущие быдэу иригъуазэ, ухуэмыбэлэрыгъ;
уи гъащIэр абы хэлъщи, тегъэт уи нэIэ.
14 БзаджащIэхэм я гъуэгу утемыувэ,
щIэпхъаджэхэм я лъагъуэ думычых.
15 Зыщыдзей а гъуэгум, уримыкIуэ,
уи щIыб хуэгъази, блэкI.
16 ЯщIэнукъым абыхэм еши псэхуи,
бзаджагъэ гуэр ямыщIэу щытмэ,
жей жыхуаIэри яIэнукъым,
зыгуэрым зэраныгъэ ирамыхыу щытмэ.
17 Ялэжьмэ мыхъумыщIагъэ –
я мэжэщIалIэ ягъэнщIым хуэдэщ,
я псыхуэлIэ зэрырагъэкIри лей
зэрахьэрщ[b].

18 ЗахуащIэхэм я гъуэгу пщэдджыжь пшэкIэплъ
къэщIыгъуэм ещхьщ,
дыгъэпсым зиIэтыху нэхъ ину
къызэщIэблэу.
19 Ауэ бзаджащIэхэм я гъуэгу мазэхэ жэщым
хуэдэщ;

---

*a* **4:9** Журт. «къыпщхьэратIэгъэнщ абыхэм уэ къэгъагъэ блэрыр, щIыхь пыIэм я нэхъ лъапIэмкIи къотэнщ». КъикIым теухуауэ зэддзэкIауэ аращ.

*b* **4:17** Журт. «Хабзэншагъэм и щIакхъуэр яшхри, щIэпхъаджагъэм и санэр ираф». КъикIым теухуауэ зэддзэкIауэ аращ.

я гущхьэ лъапсэм къэкIкъым
зыгъэлъэпэрапэр сытми.

20 Си щIалэ, си жыIэ уи нэIэ тегъэт;
си псалъэхэми уигу теухуауэ едаIуэ.
21 Абыхэм зэикI уатемыплъэкъукI,
ахэр зэикI уигу иумыгъэху;
22 къэзыгъуэтымкIэ ахэр гъащIэщ,
IэпкълъэпкъымкIи – узыншагъэщ.
23 Псом япэ уигу щыхъу-щыщIэхэм хуэсакъ,
аращ уи гъащIэ гъуэгур зыунэтIыр[a].
24 ПцIым зыщыхъумэ,
уи бзэгупэ псалъэ пхэнж
къытумыгъыхьэ.
25 УтемыплъэкъукIыу япэкIэ плъэ зэпыт,
щрет уи гур хуэгъэзауэ а лъэныкъуэм.
26 Гъуэгу захуэм узэрытемыкIынум егупсыси,
шынагъуэншэ хъунщ уи кIуапIэр.
27 Думыдзых ижькIи, сэмэгукIи,
хуэщI уи лъэр ем пэIэщIэ.

## ЕТХУАНЭ IЫХЬЭ

***Нэчыхь хьэкъым епцIыжыным ущызыгъащтэ псалъэхэр***

1 ЩIэдэIу гупсэхуу си Iущыгъэ, щIалэ,
си акъыл зыкъытегъахуэ,
2 гупсысэу уиIэр зэгъэзэхуа хъун щхьэкIэ,

a **4:23** Журт. «гъащIэр къыщежьэр абдежщ». КъикIым теухуауэ зэддзэкIауэ аращ.

уи жьабзэ сыт щыгъуи губзыгъагъэкIэ
гъэнщIа хъун папщIэ.
3 Хамэ цIыхубз[a] и псалъэ фо хьэкIуэм хуэдэу
къыпIуроIэфIэ,
абы и жыIэ уедэIуэнкIэ къызэрымыкIуэуи
дэхащIэщ*[b];
4 ауэ, икIэм, хъунгъалIэ дыджу зыкъызэредзэкI,
хэмыгъущхьэж уIэгъи къыптредзэ.
5 Ажалщ ар зыхуэпIащIэр,
узришалIэри хьэдрыхэщ.
6 ГъащIэ гъуэгум ар егупсысыххэркъым,
лъагъуэу хишыр нашэкъашэщ,
гу лъитэркъым абыи.

7 Аращи, си щIалэ[c], къызэдаIуэ,
си жыIи утемыкI:
8-10 емыкIу къыптемыхуэным щхьэкIэ[d],
уи гъащIэм къэблэжьар щысхьырабгъу
зымыщIэм IэщIэмыкIуэдэным щхьэкIэ,
уи мылъкум хамэр Iэ щIыIэкIэ хэIэбэрэ
уи гуащIэдэкIым хамэ унэр иримыунэным
щхьэкIэ,
зыхуэщI пэIэщIэ апхуэдэ цIыхубз,
и унэ бжэщхьэIуи уемыкIуалIэ.
11 Армыхъумэ, уи фэр зэлъарэ уи къупщхьэр щауэ
уи гъащIэ гъуэгуанэр къыщыпхьэскIэ, –
уигъэщэIужынщ.

---

*a* **5:3** Мы псалъэм мыхьэнищ иIэнкIэ хъунущ: 1. нэгъуэщI лъэпкъ щыщ бзылъхугъэ; 2. хамэ цIыхухъу и щхьэгъусэ; 3. зи пщIэ зыгъэкIуэда цIыхубз хэтакIуэ.

*b* **5:3** Журт. «и псалъэри зейтун дагъэм нэхърэ нэхъ гуакIуэщ». КъикIым теухуауэ зэддзэкIауэ аращ.

*c* **5:7** Журт. «си щIалэхэр». 8-нэ усэм щегъэжьауэ зэрызэхуагъазэ псалъэу хъуар закъуэ бжыгъэм итщ.

*d* **5:8-10** Е «уи цIыхухъу гуащIэр нэгъуэщIым тумыгъэкIуэдэн щхьэкIэ».

12 Мис итӀанэщ щыжыпӀэнур:
«Сызыхуаущияхэм гужьгъэжь щхьэ хуэсщӀыгъа,
сыт щхьэкӀэ гие псалъэхэм селъэпэуа?
13 СедэӀуакъым си егъэджакӀуэхэми,
си ущиякӀуэхэм я псалъи къызмыдза!
14 Сыщхьэщытщ щыхупӀэ гъунэм,
шынагъуэщ цӀыхуцӀэ зиӀэми я пащхьэ си напэр щытекӀынкӀи».

### ***Нэчыхь хьэкъым хуэпэжын зэрыхуейм теухуауэ щӀалэгъуалэм хуэгъэза щӀагъыбзэ***

15 Уи псы хъумапӀэм къыщыщӀэгъэлъа псыщ узэфэнур,
уи псыкъуиипскӀэщ уи псыхуэлӀэхэр зэрибгъэкӀынур:
16 иремылъадэ утым уи псынэпсхэр,
уэрамхэм ирумыгъажэ уи псы уэрхэр.
17 Ахэр уи щхьэ хуэхъумэж:
Ӏыхьэгъу умыщӀ абыкӀэ хамэр.
18 Уи псынащхьэ дахэепэс Тхьэм ищӀ,
щыгуфӀыкӀ уи щӀалэгъуэм пӀэщхьагъ бдэзыщӀа щхьэгъусэм,
19 бланэм и дахэм, къурш бжэн щӀэращӀэм.
Ирехъу абы и бгъафэр сыт щыгъуи уэркӀэ гуӀэфӀщӀэгъэкӀ,
урегъэгъуэт абы и фӀылъагъуныгъэм чэф темыуж.
20 Сыт, щӀалэ, хамэ цӀыхубз зыщӀебгъэщӀынур чэф,
сыт нэгъуэщӀым и щхьэгъусэ ӀэплӀэ щӀепшэкӀынур?

21 ЦӀыхум и гъуэгур Тхьэуэ Зиусхьэным и нэ плъэгъуэм щӀэтщ,
лъагъуэу хишхэми Ар сыт щыгъуи иризоплъэ.

22 БзаджащIэр зыIэщIэзубыдэр псэкIуэдщIагъэу* ищIэрщ,
гуэныхьу IэщIэщIахэращ зылъахъэр.
23 МэкIуэдыр ар, зыущиин имыIэу,
и акъылыншагъэ инкIэ гъуэгу захуэми тощхьэрыукI.

# ЕХАНЭ IЫХЬЭ

## *Щэнгъасэ псалъэ зэмылIэужьыгъуэхэр*

1 Зыгуэрым и цIэкIэ шэсыпIэ уиувамэ*,
нэгъуэщIым и щIыхуэ птыжыну хьэкъ зыщыпщIыжамэ,
2 псалъэр пIэщIэкIагъэххэщи,
уи жыIи теубыда ухъуащи,
3 зи IэмыщIэ уихуам, си щIалэ,
зыкъыIэщIэпхын щхьэкIэ пщIэн хуейр мыращ:
еужьэрэкI, уи щхьэр хуэгъэтIылъ,
елъэIу, лъэгуажьэмыщхьэ зыхуигъауи,
4 зумыгъыIэ гупсэхугъуэ зи цIэ,
уи напIи зэтумылъхьэ!
5 ЗыкъыIэщIэх а Iуэхум щакIуэм IэщIэкIыжа бланэм ещхьу,
бзуущэм и бзулъахъэ илъэтыкIыжа бзум хуэдэу.

6 Еплъыт хъумпIэцIэджым, хуэмыху;
кIэлъыплъыт абы игъэхъей лэжьыгъэм,
и Iущыгъэм щыщи къызыхэгъахуэт!
7 ИIэкъым абы унафэщIи,
кIэлъыплъакIуи, Iэщхьэтети*,

8 ауэ гъэмахуэ псом зэрегъэпэщ гъуэмылэр,
и шхыни къерехьэлІэ гъавэ хыжыгъуэр
икІыхункІэ.

9 Куэдрэ ухэлъыну, хуэмыху?
Уи жей Іувыр сыт щыгъуэ щыптеунур?
10 МащІэу укъыпыжеикІынщ, мащІэу ущхьэукъуэнщ,
уи Іэр уи щхьэ щІэдзауэ тІэкІу ущылъынщи,
11 къыптеуэнщ итІанэ къулейсызыгъэр
хъунщІакІуэм[a] ещхьу,
къыплъэщІыхьэнщ тхьэмыщкІагъэри
хъырцыжьым* хуэдэу.

12 МыхъумыщІэ-бзаджащІэр
псалъэпцІыр кърихьэкІыурэ мэзекІуэ,
13 ІупщІэнапщІэ ищІ хуэдэурэ,
и Іэ и лъэхэр игъэджэгу хуэдэурэ,
14 игу илъ зэпытыр пцІыщ,
гухэлъу ищІыр бзаджэщ,
сыт щыгъуи зэныкъуэкъур къыхэзылъхьэр арщ.
15 Зэгуэр апхуэдэм бэлыхьлажьаер тепсыхэнущ,
зы напІэзыпІэми и лъабжьэр ирихынущ –
къелыпІи иІэкъым абы.

16 Іуэхугъуих и жагъуэщ Тхьэуэ Зиусхьэным,
хэбгъэзыхьмэ, блы ирокъу гущыкІ зыхуищІыр:
17 пагагъэ зыхэлъ плъэкІэр,
бзэгу пцІыІуэпцІышэр,
хейм* илъ зыгъажэ Іэр,
18 зи гущІэ лъапсэм мурад мыгъуэр щызыхъумэр,
бзаджагъэ щІэным хуэлъэр,
19 пцІы зэфэзэщу зэІылъ щыхьэт нэпцІыр,
зэш быным я зэхуаку ныкъуакъуэ
къыдэзылъхьэр.

---

[a] 6:11 Е «хьэулейм».

### *Нэчыхь хьэкъым епцIыжыным ущызыгъащтэ нэгъуэщI псалъэхэр*

20 Щыхъумэ уигу, си щIалэ, уи адэ и унафэхэр,
уи анэ и псалъи иумыгъэгъазэ.
21 ГущIагъщIэлъыбзэу сыт щыгъуи ахэр зехьэ,
гъащIэ гъуэмылэуи къэхьэкI[a].
22 УщежьэкIэ – ахэрщ уезышажьэр,
жейм ущыхилъафэкIэ, хъумакIуэ пхуэхъури,
укъыщыхишыжкIи, чэнджэщ къозытри
ахэрщ.
23 А унафэхэр нэхунэ блэрщ, ущиер – нурщ,
узыгъэIущ гиер – гъащIэм ухуэзышэ
гъуэгущ,
24 цIыхубз емыкIущIэм,
нэгъуэщIым и щхьэгъусэм и бзэ IэфI
гъэпцIакIуэм уащихъумэу.
25 Думыгъэшэх абы дахагъэу къуэлъым уи гур,
нэзкIапэр игъэджэгуу ар къыщоплъкIэ
зумыгъащтэ.
26 ЦIыхубз дэхуэхам и уасэр щIакхъуэ Iыхьэщ[b], –
нэчыхь зиIэ бзылъхугъэ зыпыпшакъэ –
щIэптынур уи псэращ.
27 Уи щыгъыныр пхимысыкIыу уи гуфIакIэ мафIэ
пхудэлъхьэн?
28 ЛыцIынэIэнэуи уимысу дэп жьэражьэм
утеувэфын?
29 Апхуэдэщ хамэм и щуIэгъэ* дэгъуэлъым и
Iуэхури –
абы еIуса дэтхэнэ зыми хуэфащэ хьэкъ
игъуэтыжынщ.

---

*a* **6:21** Журт. «ИгъащIэкIэ ахэр къэмытIэтэжыну уи гум къепхэкIи, ахэр уи пщэми къешэкI». КъикIым теухуауэ зэддзэкIауэ аращ.
*b* **6:26** Е «ЦIыхубз дэхуэхам и ягъэкIэ щIакхъуэ тыкъыр щхьэкIэ лъаIуэу хыхьэжаи щыIэщ».

30 Нэмыплъ ираткъым дыгъум[a], мэжэщIэлIагъэм
ирихулIэу Iэбэм,
и ныбэ лажьэм къирихуэкIырт ар.
31 Яубыду щытми, пшынэнущ ар хуэдиблкIэ,
и унэ фIыгъуэу илъыр ита папщIэ.
32 Нэчыхь зиIэ цIыхубзыр гупэхэлъ къэзыщIыр
акъылыншэщ,
апхуэдэу зекIуэм и IэкIэ зеукIыж.
33 Удынрэ хъуэну абы хуэфащэр игъуэтынщ,
укIытэгъуэу зэрыхуами къикI иIэнкъым;
34 зи фызыр хамэм езыфыгъулIэ* лIыр мэгубжь,
гущIэгъу жыхуаIэри ищIэнкъым илъ
щищIэжкIэ.
35 Лъы уасэ зи цIи къыIихынкъым,
сыт хуэдэ тыгъэ хуумыщIами,
къэувыIэнкъым.

## ЕБЛАНЭ IЫХЬЭ

### *Нэчыхь хьэкъым епцIыжыным теухуауэ иджыри зэ*

1 Си щIалэ, си псалъэм зэикI утемыкI,
иубыдэ уигу унафэу пхуэсщIри.
2 УзыщIэзгъэдэIухэр уэ гъэзащIи, упсэунщ,
пхузощI узыхуэзущийхэр анэмэт.
3 Ирехъу а псори уэркIэ гурыгъуазэ,
гущIагъщIэлъыбзэуи къехьэкI[b].
4 ЖепIэркъэ Iущыгъэм: «Узишыпхъущ», –

[a] **6:30** Е «Нэмыплъ иpаткъэ дыгъум».
[b] **7:3** Журт. «КъешэкI ахэр уи Iэпэхэми, уи гущхьэми тетхэ». КъикIым теухуауэ зэддзэкIауэ аращ.

Iыхьлы гъунэгъу пэлъыт акъылыр.
5 Ущахъумэнщ абыхэм хамэ цIыхубзым,
нэгъуэщIым и щхьэгъусэ и псалъэпцI къумалэм.

6 СыкъыIуст зэгуэрым си унэ щхьэгъубжэ,
абы и хъарым сыкъыдэплъу,
7 щIалэ зэрызехьэу си нэр зытехуахэм
къахокI зы щIалэ акъылыншэ.
8 Зы цIыхубз гуэр и унэ къуапэ блэкIыу ирикIуэрт
ар уэрамым,
и гъуэгупэ зыхуэунэтIари арт,
9 пшапэ зэхэуэгъуэт, хэкIуэтат,
жэщыпцIэ кIыфIми и зэщIэщтэгъуэт.

10 Арыххэу, къыпежьащ абы цIыхубз,
емыкIу щIэращIэу зэщыхуэпыкIауэ,
бзаджагъэ щэхукIэ и гур щIэгъэнауэ.
11 (Бзылъхугъэ бырсырщ ар, ерыщ бзаджэщ,
и унэ и лъэ щигъэувкъым –
12 зэм – уэрамыщхьэтетщ ар, зэми – утыкуакIуэщ,
плIанэпэ къэси къыщыппотIыс).
13 Зридзащ абы щIалэщIэм, ба хуищIащ,
и нэгу мыджылуи жриIащ:
14 «ТхьэщIауэ сиIэр* нобэ згъэзэщIакIэщ,
къурмэн тыхь лъапIэр ефэ-ешхэм хуэхьэзырщ.
15 Сыкъежьат сэ уи лъыхъуакIуэ;
сыныплъыхъури – укъэзгъуэтащ!
16 Си гъуэлъыпIэм мысыр алътес къуэлэныр и
пIэтепхъуэщ,
17 мэ гуакIуэ къызыпих мир Iугъуэр,
удзIэфI-уздыхухэр щIэгъэуащ.
18 НакIуэ, пщэдджыжь пшэкIэплъыр
къищIыхункIэ
си бгъафэ щабэм ущIэлъынщ.
19 Искъым унэм си щхьэгъусэр –
теувауэ тетщ гъуэгуанэ жыжьэ.

20 Чысэ из дыжьын здищтащ абы,
мазэр из хъухункIи къэсыжынкъым».
21 ФIэщтеубыдэ псалъэкIэ дихьэхри,
псалъэ гупсэ куэдкIэ дишэхащ.
22-23 Иуващ иужь цIыхубзым асыхьэту щIалэр,
фIэбзыпIэ кIуэ выгъашхэм ещхьу,
щакIуэшэр зэгъэпща къапхъэным ис щыхь
бланэм ещхьу[a].
Бзуущэм хуепIэщIэкI бзу цIыкIум хуэдэщ ар,
имыщIэу абдеж абы ажалыр къызэрыпэплъэр.

24 Аращи, щIалэхэ, фыкъызэдаIуэ,
сыт нывжезмыIэми, зэхэфх.
25 Апхуэдэ цIыхубз и кIуапIэхэм девмыгъэшэх
фэ фигу,
и лъагъуэ нэпцIхэм зыщывдзей.
26 КъызэрымыкIуэу куэд IэщIэкIуэдащ абы,
IэщIэунэхъуари нэхъыбэжщ.
27 Абы и унэр хьэдрыхэ гъуэгум тетщ,
ажалщ абдеж фэ къыщыфпэплъэр.

## ЕЯНЭ IЫХЬЭ

### *Iущыгъэм и джэ макъ*

1 ФыдаIуэт, Iущыгъэм и мымакъыу пIэрэ къэIур?
Акъылыр армырауэ пIэрэ зи джэ макъ
зэхэтхыр? –
2 Гъуэгубгъухэм узыщыхуэзэ бэтэгъэхэм*,

*a* **7:22-23** Пасэрей журтыбзэкIэ тха Iэрытхым къыщыкIуэ псалъэхэм къарыкIыр гурыIуэгъуэ дыдэкъым, зэрызэдзэкIами къигъэлъагъуэр иIэнкIэ хъуну мыхьэнэхэм языхэзырщ.

гъуэгу зэхэкIыпIэхэм щызэхыбохыр ар;
3 къалэ дыхьэпIэхэм, жылэр
щызэхыхьэ-щызэхэкIхэми
щегъэIу и макъыр:
4 «Уэ жылэ махуэ, фэращ сызэджэр,
си псалъэри цIыхуцIэ зиIэм хуэгъэзащ.
5 ЖыIэзыфIэщхэм фи зэхэщIыкIым
зевгъэIэтыну,
акъыл хущыщIэхэм гупсысэм
хэвгъэхъуэну игъуэ хъуакъэ?
6 ФыкъэдаIуэт, купщIэ зиIэщ жысIэр,
си псалъэхэри зы къэмынэу пэжщ.
7 ГущыкI хуэсщIащи пцIыIуэпцIышэ псалъэм,
си бзэгупэ щыпкъэщ къыпыкIынур.
8 Си жыIэ псори пэжщ –
уагъэгъуэщэнукъым абыхэм,
фэрыщIыгъи хэлъкъым.
9 Си псалъэхэр цIыху акъылыфIэхэмкIэ
IупщIщ,
щIэныгъэ зиIэхэм я дежкIи захуэщ.
10 Си ущие певмыдзых дыжьыныжьым,
щIэныгъэри – дыщэм я нэхъ лъапIэм
евмылъыт:
11 налкъутналмэсхэми йолъэпIэкI Iущыгъэр,
уигу фIэIэфIхэм щыщу абы пэхъуни зы
щымыIэ.

12 IущыгъэкIэ зэджэр сэращ, акъылыфIагъри
си псэгъущ,
акъыл тIысар, щIэныгъэр си Iэпэгъущ[a].
13 Тхьэуэ Зиусхьэным фIэлIыкIыным къокI
бзаджагъэр плъагъу мыхъуныр.
Си жагъуэзэрабгщ* пагагъэр, зызыхэзышыр,
мыхъумыщIэ гъуэгур, пцIы зэфэзэщыр.

[a] 8:12 Е «къызогъуэт», е «къызэрызгъуэтынур сощIэ».

14 ЧэнджэщыфIымрэ гъащIэ Iущыгъэмрэ си дежщ
къыщежьэр,
акъылри сщIыгъущ, скъуэлъщ къаруи.
15 Пащтыхьхэм сэркIэщ пащтыхьыгъуэр
зэраIыгъыр,
унафэ захуэхэри тетхэм къызэращтэри
сэращ,
16 пщыи пщы къуэдзи сэркIэщ я Iуэху
зэрыдагъэкIыр,
хеящIэ* захуэу щыIэми[a] я гъуазэри сэращ.
17 ФIыуэ сыкъэзылъагъу дэтхэнэри си щIасэщ,
къыслъыхъу дэтхэнэми сыкъигъуэтынщ.
18 Сэ сиIэщ мылъкуи, щIыхьи,
мыкIуэдыжын хэхъуэри, ехъулIэныгъэри[b] –
си тынщ.
19 Дыщэм я нэхъ къабзэм йолъэпIэкI си тыгъэр,
йофIэкIыр дыжьыныжьми си щхьэпэр,
20 щыпкъэм и гъуэгущ сыщызэхэзекIуэр,
сызытетыр захуагъэм и лъагъуэщ,
21 фIыуэ сыкъэзылъагъухэм сетэурэ,
я хъугъуэфIыгъуэхэми хызогъахъуэ.

22 И IуэхущIафэ псоми ипэ Тхьэуэ Зиусхьэным
сыкъигъэщIыгъащ,
и Iуэхуфэ псом сриублапIэщ;
23 пэублэу сыщыIэну къысхуиухащ,
мы дунеижьым срищыпэкъэхъущ.
24 СыкъигъэщIыгъат сэ хышхуэр къыщымыхъум,
псынэгъуагъуэхэр щыщымыIам;
25 сыкъигъэщIыгъат къуршыбгхэр
щызэфIэмыувам,
Iуащхьэбэхэр иджыри къыщыхэмыщам,

*a* **8:16** Е «мы дунейм хеящIэу тетхэми». Пасэрей Iэрытххэр мы щIыпIэм деж щызэтемыхуэ къыхокI.
*b* **8:18** Е «захуагъэри».

26 щIыгуи, губгъуи,
зы сабэ налъи къыщимыгъэщIам.
27 СыщыIащ уафэгухэр Тхьэм къыщигъэувым,
щIэплъыпIэр хы гущIыIухэм
щахущIишым,
28 пшэ зэфэзэщыр уэгум щригъэкIум,
щIы щIагъ псынэпсхэр щиутIыпщым,
29 Абы и ухыгъэхэм псыр емыбэкъуэным папщIэ
хыгу гъунапкъэр къыщищIыхьым,
щIыгу лъабжьэхэр къыщыхигъэкIым –
30 абы щыгъуэ сэркIэщ КъэгъэщIакIуэм
дунеижьыр зэриухуэгъар[a];
сыхэтащ гухэхъуэ зэпымычым,
си гурыфI сыт щыгъуи щыушащ и
пащхьэ, –
31 сигу хигъахъуэрт Абы и дунейм,
сащыгуфIыкI зэпытт цIыху цIыкIум.

32 Аращи, щIалэхэ, фыкъызэдаIуэ;
теуващ гъуэгу махуэ си гъуэгупэ
иригъуазэр.
33 Си ущие фыкъедаIуи – Iущ фрихъу;
фымыбгынэ ар.
34 Теуващ гъуэгу махуэ къызэдаIуэр, –
си куэбжэпэ и жэщ-махуэхэр щизыхыр,
си бжэщхьэIу и деж сэ къыщыспэплъэр.
35 Сыкъэзыгъуэтым гъащIэ иIэщ,
Тхьэуэ Зиусхьэным и нэфIи къыщыхуащ.
36 СызыIэщIэзыгъэкIым зегъэунэхъуж;
сызылъагъу мыхъу псоми ажалыр
къыхахащ».

---

*a* **8:30** Е «сыщIыгъуащ Абы сэ IэщIагъэлI Iэзэу». КъикIым теухуауэ зэддзэкIауэ аращ.

## ЕБГЪУАНЭ IЫХЬЭ

### *Iущыгъэм урегъэблагъэ*

1 Игъэуващ Iущыгъэм унэ,
пкъощIэсибли хуищIыжащ.
2 И Iэщым щыщу фIибзщ нэхъыфIри,
удзыфIкIэ санэри зэхищIэри,
и Iэнэри къыузэдащ.
3 ЗэбгригъэкIащ абы и унэIут цIыхубзхэр
къалэ лъагапIэхэм къыщигъэджэну:
4 «ЖыIэзыфIэщ псори фыкъекIуалIэкъэ си деж! –
захуегъазэ абы акъылкIэ хуэмыщIахэм, –
5 ФыкъакIуи, зыIувгъахуэ си шыгъу-пIастэ,
удзыфIкIэ зэхэсщIа си санэми фыкъефэ.
6 Фи щIыб хуэвгъазэмэ акъылыншагъэм –
фыпсэунщ;
акъыл и гъуэгукIэ фызэхэзекIуэ!»

7 ЦIыху щIэнэкIалэр зэ бгъэIущмэ – лъэкъухь
къэпхьынщ*,
бзаджащIэр къыщIэбгъэщмэ – уигъэикIэнщ.
8 ЩIэнэкIалэм уегиемэ, къыпхуэхъунщ жагъуэгъу;
уегиемэ цIыху Iущым, щIасэгъу уищIынщ.
9 Iущым еущии,
и зэхэщIыкIым нэхъри зиIэтыну арщ;
захуащIэми еущие –
и акъылым хигъэхъуэну арщ.

10 Тхьэуэ Зиусхьэным уфIэлIыкIыныр –
Iущыгъэм и пэублэщ,
Тхьэ ЛъапIэр къэпцIыхуныр –
акъылым ищхьэщ.
11 Iущыгъэм гъащIэ кIыхь уищIынщ,
иригъэкъунщ уи ныбжьри.
12 УIущыр пэжмэ, узыхуэIущыр уи щхьэщ,
ущIэнэкIалэу щытмэ,
уэр-уэрурэ узэхуохъуж зэран.

### *Акъылыншагъэм урегъэблагъэ*[a]

13 Акъылыншагъэр хуэдэщ цIыхубз бырсырым[b] –
зэхэщIыкI жыхуаIэр ищIэркъым абы;
14 и унэ бжэщхьэIу гупэм дежи щысу,
къалэ лъагапIэм къытет тIысыпIэм тесуи
плъэгъунущ ар,
15 абдеж къыблэкIхэм,
щызэхэзекIуэхэм ар йоджэ:
16 «ЖыIэзыфIэщ псори фыкъекIуалIэкъэ си деж! –
захуегъазэ абы акъылкIэ хуэмыщIахэм, –
17 Узрамыгъафэ псыр аракъэ IэфIыр,
гъэпщкIуауэ пшхыр аракъэ
къыпIурыIэфIэр?»
18 Ар ажалым зэрилIыкIуэр къыхэхуэркъым абы
я пщIыхь,
хьэщIэу къыхуепсыхри зы къэмынэу зытетыр
хьэдрыхэ гъуэгущ.

---

*a* **9:13-18** Iущыгъэм хуэдэу акъылыншагъэри бзылъхугъэ сэфэтым итущ «Гъэсэпэтхыдэхэм» къызэрыщыгъэлъэгъуар.
*b* **9:13** Е «Бырсырщ акъыл зыбгъэдэмылъ цIыхубзыр».

## ЕПЩІАНЭ ІЫХЬЭ

## Тхылъ зэхуэмыдэхэм щызэхуэхьэсыжа псалъэ Іущхэр

### *Сэлмэн и псалъэ Іущхэр*

1 Сэлмэн и гъэсэпэтхыдэхэр:

Къуэ Іущыр – адэм и гухэхъуэщ,
къуэ акъылыншэр – анэм и гухэщІщ.

2 Мылъку хьэрэмым и фІагъ къокІынукъым,
захуагъэрщ укъыІэщІэзыхыр ажалым.

3 ИщІынкъым Тхьэуэ Зиусхьэным захуащІэр
мэжэщІалІэ,
бзаджащІэми къыдигъэхъункъым и гухэлъ Іейр.

4 Щхьэхынэр зэІусам къишэнур тхьэмыщкІагъэщ,
елІалІэм ищІэм фІыгъуэщ къыпэкІуэнур.

5 Къуэ Іущщ гъэмахуэм зи лэжьыгъэр
къезыхьэлІэр,
гъавэ хыжыгъуэр жейпырхъым хэту
блэзыгъэкІыр къуэ мыхъумыщІэщ.

6 ЩІыху захуащІэхэм ирагъэлъагъур я щхьэ лъагэу,
гущІэгъуншагъэкІэ псыхьащ бзаджащІэм и
дэтхэнэ псалъи.

7 ЗахуащIэм и цIэр игъащIэм ялъытэнущ,
кIуэдыжыкIейуэ хэкIуэдыжынущ
бзаджащIэм и лъэужьыр.

8 ЦIыху Iущым и гур хузэIуех ущием,
цIыху Iуэрбжэр* акъылыншэм зегъэунэхъуж.

9 Шынагъуэ яIэкъым гъуэгу пхэнж пэIэщIэ
зыхуэзыщIхэм,
гъуэгу захуэм дэзыдзыххэр къыщIэхуэнущ.

10 Бэлыхьым ухидзэнщ бзаджащIэу зи нэхэр
зыгъэупIэрапIэм,
цIыху Iуэрбжэр акъылыншэм зегъэунэхъуж.

11 ЗахуащIэхэм я псалъэр псэхэлъхьэж псынэм хуэдэщ,
гущIэгъуншагъэкIэ псыхьащ бзаджащIэм и
дэтхэнэ псалъи.

12 Лъагъумыхъуныгъэрщ зэныкъуэкъу псори
къызэщIэзыгъэстыр,
сыт хуэдэ щхьэкIуэри* зыгъэгъур
лъагъуныгъэрщ.

13 Губзыгъэм и бзэгупэ пылъыр псалъэ Iущщ,
акъылыншэм и фэ дахыжынщ фэлъырыр*.

14 ЦIыху Iущщ щIэныгъэр зыгъэтIыгъуэр,
акъылыншэм и псалъэмакъщ щыхупIэм
ущхьэщызышэр.

15 ХуэщIауэ псэум и мылъкур – быдапIэ хуэдэщ,
тхьэмыщкIэр зэкIуэдылIэр факъырагъэщ.

16 ЗахуащIэм и фIыщIапщIэр – гъащIэщ,
гуэныхьу къихьырщ бзаджащIэм хэхъуэу иIэр.

17 Ущием щIэдэIур – гъащIэ гъуэгум тетщ,
къегием емыдаIуэр щхьэрыуащ.

18 Лъагъумыхъуныгъэр щIэзыуфэр цIыху
пцIыIуэпцIышэщ,
убэныр зи щэн цIыхури акъылыншэщ.

19 Псэлъалэр сытым щыгъуи гуэныхькъэхьщ,
зи бзэ хуитыр – цIыху акъылыфIэщ.

20 ЗахуащIэм и дэтхэнэ псалъи – дыжьыныжь
хэплъыхьам хуэдэщ,
бзаджащIэм и зы гупсыси и уасэкъым щай
фIыцIи.

21 ЗахуащIэм и псалъэр бэм я гъуазэщ,
акъылыншэр зытекIуадэр и акъылыншагъэщ.

22 Тхьэуэ Зиусхьэным и нэфIырщ хэхъуэ
къыуэзытыр –
Iуэху гугъусыгъу ухэткIэ нэхъ лейуэ
зыуигъэузэщIкъым[a].

23 Акъылыншэр зыгъэгуфIэр мыхъумыщIэу
зэхищIыхьырщ,
акъылыр зи Iэпэгъум гухэхъуэу иIэр
Iущыгъэщ.

24 БзаджащIэр зыщыщтэрщ зыIууэнур,
захуащIэхэм хъуэпсапIэу яIэр
къайхъулIэнущ.

25 Уэкъуор* къызэрыкъуэхмэ, ихьыжынущ цIыху
бзаджащIэр,

---

*a* **10:22** Е «абы хэлъкъым нэщхъеягъуэ зи цIэ».

лъэ быдэкIэ игъащIэми щытынущ цIыху
захуащIэр.

26 Псыхуэшым* зэригъэшым хуэдэу дзэр,
нэм Iугъуэр зэрыщIэуэм ещхьу, –
апхуэдэщ лIыщIэ щхьэхынэр зыгъэлIыщIэм
дежкIэ.

27 Тхьэуэ Зиусхьэным фIэлIыкIым къыпищэнщ и
гъащIэм,
бзаджащIэм ейр хъунщ нэхъ кIэщI.

28 Гугъэурэ игъафIэм захуащIэр хуишэнщ
тхъэжыгъуэм,
бзаджащIэм къехъулIэнкъым зыщыгугъыр.

29 Тхьэуэ Зиусхьэныр зигу къабзэхэм яхуохъу
щхьэегъэзыпIэ,
ер зылэжьми уэхбзэхыр къахуегъакIуэ.

30 ЗахуащIэхэр игъащIэми кIуэдынкъым,
къытенэнукъым мы щIыгум зы бзаджащIи.

31 Псалъэ Iущщ къыпыкI зэпытыр цIыху
захуащIэм и бзэгупэ,
бзаджэрыIуэм и бзэгу дакъэм Тхьэм и гыбзэ
телъщ.

32 ЗахуащIэм и дэтхэнэ псалъи щхьэпэщ,
бзаджащIэхэм я псалъэ мыхъумыщIэкIэ
гъэнщIащ.

## ЕПЩЫКIУЗАНЭ IЫХЬЭ

1 ХуищIакIэщ гущыкI тэрэзэ нэпцIхэм Тхьэуэ
Зиусхьэным,
еплъащ Ар нэфIкIэ шэчалъэ* пэжым.

2 Пагагъэм итщ иужь емыкIур,
цIыху Iэсэми Iущыгъэр и Iэпэгъущ.

3 ЗахуащIэхэр я гу къабзагъэм еузэщIыр,
цIыху гъэпцIакIуэхэр бзаджагъэу ящIэм
токIуэдэжыр.

4 Мылъкум Тхьэм и губжьым ущихъумэнукъым,
захуагъэрщ ажалым укъыIэщIэзыхынур.

5 Зигу къабзэхэм я гъуэгур захуагъэм еузэщIыр,
бзаджащIэхэр я мыхъумыщIагъэщ
зытекIуэдэжыр.

6 ЦIыху пэжыр и захуагъэм кърегъэлыр,
гъэпцIакIуэр зыIэщIэзылъхьэр гухэлъ
бзаджэу зэрихъэрщ.

7 БзаджащIэр щылIэкIэ, гугъэу ихъахэри
мэкIуэдыж,
зыщыгугъахэм щыщу зыгуэри
къыдэхъункъым.

8 Бэлыхьлажьаем къыIэщIокI захуащIэр,
бзаджащIэращ абы пэщIэхуэр.

9 Тхьэр зыщIэну хуэмейхэм я псалъэщ цIыхур
зытекIуадэр,
хэкIыпIэу яIэр цIыху захуащIэхэм – акъылщ.

10 ЗахуащIэм и кIэн къыщикIкIэ, жылэр щогуфIыкI;
бзаджащIэр къыщыхэщIэкIи,
зеIэтыр гуфIэ макъым.

11 ЦIыху захуэм и нэфI зыщыхуа жылэм зеузэщI,
бзаджащIэм и псалъэщ а псор зэтезыкъутэр.

12 АкъылкIэ хуэмыщIаргщ цIыхум псалъэкIэ егуауэр,
зэхэщIыкI зиIэр хуосакъыр и бзэ.

13 Хуэущэхункъым бзэгузехьэм кърагъэза дзыхьыр,
цIыху пэжым щэхур и хьэдрыхэ псалъэщ.

14 Зыгъэгъуэзэн щимыIэм деж мэкIуэдыр лъэпкъыр,
упщIэжакIуэр* и куэдмэ, ар мэунэ.

15 Зыгуэрым и цIэкIэ шэсыпIэ хэт иувэми,
зегъэунэхъуж,
шынагъэ иIэкъым апхуэдэ пщэрылъ
зыщызыдзейм.

16 ЦIыхубз щIыкIафIэр щытхъубэщ,
цIыхухъу гущIэгъуншэр мылъкум хуэлъэщ.

17 ЦIыху щабэр и щхьэщ зыхуэтэжыр,
гущIэгъу зимыIэрщ зи зэран зэкIыжыр.

18 БзаджащIэр зытелажьэр нэкъыфIэщIу
кIуэдыжынущ,
захуагъэм къыхуезыджэм и фIыщIэр
мыкIуэдыжщ.

19 Захуагъэм тетым гъащIэ иIэщ,
ажалщ къыпэплъэр ем иужь имыкIыу итым.

20 ХуищIащ хьилэгум* гущыкI жагъуэр Тхьэуэ
Зиусхьэным,
зи гъуэгупэ къабзэми и нэфI щыхуащ.

21 ЗэгъащIэ: бзаджащIэм хуэфащэ хьэкъ
игъуэтыжынущ,
захуащIэм и телъхьэхэр[a] къелынущ.

22 Сыт зэщхьыр цIыхубз гуакIуэу акъыл зимыIэр? –
Дыщэ Iэлъыну кхъуэпэм фIэлъырщ зыхуэдэр ар.

23 ЦIыху захуащIэхэм гухэлъу ящIым зыхуишэр
фIыгъуэщ,
Тхьэм и губжьырщ къапэщылъыр цIыху
бзаджащIэм.

24 Зыр – увыIэ жыхуаIэр имыщIэу мэгуашэ,
щIэчэ имыIэуи къыхохъуэ;
зым – и нэпсеягъэм кIэ имыIэ,
итIанэми тхьэмыщкIэ мэхъур.

25 Унэнущ цIыху жумартыр,
псы хуэлIэм и псыхуэлIэр изыгъэкIым
ищIэнкъым зэикI ар зищIысыр.

26 Гъавэр зыубыдым телъщ цIыхубэм и нэлат,
игъуэм сату абы хэзыщIыкIым цIыхум и
нэфIыр къилэжьащ.

27 ФIым щIэкъуным фIыщIэ пылъщ,
ем хущIэкъур ем IущIэнщ.

---

*а* **11:21** Е «щIэблэр», «къытехъукIахэр».

28 Мылъкум щыгугъыр дэхуэхынщ,
захуащIэм и гъащIэр гъатхэ пасэу
зэщIэущкъулэнщ.

29 Зи унагъуэр бэлыхь хэзыдзэр щIы Iэнэщ
къинэнщ,
акъыл зимыIэр губзыгъэм и унэIутынщ.

30 ЗахуащIэм и Iэужьыр гъащIэ жыгым хуэдэщ,
цIыху Iущым къыдехьэхыр жылэр.

31 ЗахуащIэм и пщIэр дунеягъэкIэ егъуэтыж, –
цIыху гуэныхьыщIэхэм, бзаджащIэхэм сыт
яхужыпIэн итIанэ?!

## ЕПЩЫКIУТIАНЭ IЫХЬЭ

1 Ущиер зи гуапэм – щIэныгъэри и жагъуэкъым,
гиер зи жагъуэр – хуэхейщ щIэныгъэр
зи цIэм.

2 ФIыр зылэжьым Тхьэуэ Зиусхьэным и нэфI
щыхуащ,
гухэлъ бзаджэр къезыхьэкIым и хьэкумыр*
Абы ищIэнщ.

3 Лъэ быдэкIэ увынкъым ер зи Iэпэгъур,
гъуэгу захуэм тетри зэикI пхуиудынкъым.

4 ЩхьэгъусэфIыр – лIым и пыIэ махуэщ,
фыз напэтехыр – къупщхьэ узым хуэдэщ.

5 Пэж зыхэлъщ захуащІэхэм гухэлъу ящІыр,
бзаджащІэхэм чэнджэщу ятыр – хьилагъэ зэфэзэщщ.

6 Бзаджэм и псалъэр – щыхупІэ нэфщ,
захуащІэм и жыІэрщ абы укъыщхьэщызышыр.

7 ЦІыху бзаджащІэхэр кІуэдынущ лъэужьыншэу,
захуащІэ унэр игъащІэкІэ щытынущ.

8 Щытхъу-щІыхьыр цІыхум къызэрихьыр и Іущыгъэщ,
нэмыплъ иратыр зи гупсысэр пхэнжым.

9 ЩІакхъуэ тыкъыр уи Іэгу имылъу цІыхухэм убейуэ закъыфІэбгъэщІ нэхърэ
лІыщІэ къыпхуэщтэу[a] цІыху къызэрыгуэкІыу ущытмэ нэхъыфІщ.

10 ЦІыху захуащІэм зи бзэ мыпсалъэ Іэщми гущІэгъу хуещІ,
бзаджащІэм и гущІэгъум хэлъкъым щабагъэ зи цІэ.

11 Къыхуихуэнкъым мэжэщІалІагъэр зи щІы Іыхьэ зылэжьыжым,
гугъэ нэпцІхэм кІэлъыпхъэрхэр акъылыншэщ.

12 БзаджащІэр езым хуэдэхэм ящогугъ,
захуащІэм Іуэхуфэу ищІэхэр къохъулІэ[b].

---

a 12:9 Е «ущхьэхуэлажьэу».

b 12:12 Пасэрей журтыбзэкІэ тха Іэрытхым къыщыкІуэ псалъэхэм къарыкІыр гурыІуэгъуэ дыдэкъым, зэрызэдзэкІами къигъэлъагъуэр иІэнкІэ хъуну мыхьэнэхэм языхэзырщ.

13 БзаджащIэр псалъэпцIу IэщIэкIам траубыдэж,
а тхьэмыщкIагъэм цIыху захуащIэм
зыхуищIынщ пэIэщIэ.

14 Хъер зыпылъ псалъэу цIыхум жиIами
IущIэжынщ,
и IэдакъэщIэкI и шхыгъуи ихуэжынщ*.

15 Акъыл зимыIэм, сыт имыщIами, гъуэгу захуэ
тет къыфIощI,
цIыху Iущыр сыт щыгъуи чэнджэщ щIэдэIу
зэпытщ.

16 Акъылыншэр губжьым псынщIэу къызэщIеIэтэ,
губзыгъэр щхьэкIуэу къэрапэсым блокI.

17 Щыхьэт захуэм пэжыр щIимыуфэу иIуэтэжынщ,
хэбгъуэтэнкъым зы пэжыгъи щыхьэт нэпцI и
псалъэ.

18 Зи бзэ хуэмысакъым и псалъэ жыIэпхъаджэщ –
укъеуIэ,
цIыху Iущ и псалъэр Iэзэгъуэ зыхэлъ
хущхъуэм хуэдэщ.

19 Псалъэ пэжым кIуэд иIэнукъым игъащIэм,
псалъэпцIым напIэзыпIэщ и уахътыр.

20 БзаджэщIэплъхэм пцIыщ щагъафIэр гущIэм,
гуфIэгъуэщ мамырщIэкъухэм къапэщылъыр.

21 ЗахуащIэм кърикIуэнкъым и щхьэ
тхьэмыщкIагъэ,
гугъуехьхэмыкIщ бзаджащIэм къигъэщI
гъащIэр.

22 ХуищӀащ гущыкӀ псалъэпцӀым Тхьэуэ Зиусхьэным,
зи псалъэ темыкӀыу тетхэм щыхуащ Абы и нэфӀ.

23 ЕпӀэщӀэкӀкъым цӀыху губзыгъэр и щӀэныгъэр игъэӀуну,
акъылыншэр и делагъэм кърехьэкӀ.

24 Гумызагъэм игъуэтынщ тетыгъуэ,
хуэмыхур иувэнщ пщылӀыпӀэ.

25 Зыкъузыр цӀыхум и гур гузэвэгъуэрщ,
гунэдж* къезытыр псалъэ гуапэрщ.

26 ЗахуащӀэхэр цӀыхум яхуохъу гъуэгугъуазэ[a],
бзаджащӀэхэр гъуэгугъэщхьэрыуэщ.

27 Щхьэхынагъым зэщӀиӀулӀам къиущэкӀуари ипшэрыхьынкъым*[b],
ӀуэхукӀэ гумызагъэм игъуэтынщ тыгъэфӀ[c].

28 Захуагъэм и гъуэгу ирикӀуэхэм къапэплъэр гъащӀэщ,
ар гъуэгупэфӀщ, абдеж щызэхэзекӀуэм ажал жыхуаӀэр ицӀыхункъым[d].

---

*a* **12:26** Пасэрей журтыбзэкӀэ тха Ӏэрытхым къыщыкӀуэ псалъэхэм къарыкӀыр гурыӀуэгъуэ дыдэкъым, зэрызэдзэкӀами къигъэлъагъуэр иӀэнкӀэ хъуну мыхьэнэхэм языхэзырщ.

*b* **12:27** Е «зыри къыхуэущэкӀункъым».

*c* **12:27** Е «гумызагъэм и мылъкум хуещӀыр пщӀэ», е «цӀыху гумызагъэр фӀыгъуэ лъапӀэщ».

*d* **12:28** Е «нэгъуэщӀ гъуэгум ажалщ узыхуишэнур». Пасэрей журтыбзэкӀэ тха Ӏэрытхым къыщыкӀуэ псалъэхэм къарыкӀыр гурыӀуэгъуэ дыдэкъым, зэрызэдзэкӀами къигъэлъагъуэр иӀэнкӀэ хъуну мыхьэнэхэм языхэзырщ.

## ЕПЩЫКIУЩАНЭ IЫХЬЭ

1 ЩIодэIу къуэ Iущыр адэм и ущие,
зэхихкъым щIэнэкIалэм гиер.

2 Псалъэ купщIафIэу жиIам и хъер цIыхур IуощIэжыр,
гъэпцIакIуэхэм хъуэпсапIэу яIэр залымыгъэщ.

3 Зи бзэ быдэр и псэм и къэрэгъул бжыхьщ,
зи бзэр тIасхъэм – зегъэунэхъуж.

4 Хуэмыху мэпабгъэри*, хокIыж,
къыдохъу цIыху гумызагъэм и гухэлъхэр псори.

5 И жагъуэщ псалъэ пцIыIуэпцIышэр цIыху захуащIэм,
бзаджащIэхэм я щэн-зекIуэкIэр укIытэгъуэщ, напэтехщ.

6 Зигу къабзэ цIыхур захуагъэщ къэзыхъумэр,
гуэныхьыщIэр зытекIуадэр и бзаджэщIагъэщ.

7 Зым бейуэ зегъэлъагъуэ, IэнэщI IэщI джафэ пэтми,
зым тхьэмыщкIафэ зытрегъауэ, къелыжу мылъкум хэсрэ пэт.

8 Хуэхъунщ щхьэщэхужыпщIэ бейм и мылъкур,

тхьэмыщкIэм къуэлъкъым щIэшынэн гуэри[a].

9 ЗахуащIэм и дунейр нурышхуэу къаблэм хуэдэщ,
бзаджащIэм и гъащIэр уэздыгъэпс нэхунэу
зэуэ ункIыфIынущ.

10 Пагагъэм къишэр зэныкъуэкъуэщ,
чэнджэщ щIэдэIур Iущщ.

11 Мылъку къуейщIейр уэсэпсу мэкIуэдыж,
мащIэ-мащIэурэ зэхуэзыхьэсым хуэбэгъуэнщ.

12 ГугъапIэ жыжьэм гур ехуз,
гухэлъ зэщIахэр гъащIэ жыгыу зэщIогъагъэ.

13 Ущием епэгэкIыр зыхуохъуж зэран,
унафэм пщIэ хуэзыщIыр ехъулIащ.

14 ЦIыху Iущым и ущие псэхэлъхьэж псынэм
хуэдэщ,
ажалым и хъым ухуещI пэIэщIэ.

15 Зи акъылыр тIыса цIыхум узыIэпешэ,
гъуэгуейщ зытетыр цIыху гъэпцIакIуэр[b].

16 Губзыгъэр щIэныгъэм тетурэ мэзекIуэ,
акъыл зимыIэм игъэлъагъуэр и делагъэщ.

17 ЛIыкIуэ бзаджэм бэлыхьлажьаем зыхедзэж,

---

*a* **13:8** Журт. «къызэрегиер зэхихкъым». Пасэрей журтыбзэкIэ тха Iэрытхым къыщыкIуэ псалъэхэм къарыкIыр гурыIуэгъуэ дыдэкъым, зэрызэдзэкIами къигъэлъагъуэр иIэнкIэ хъуну мыхьэнэхэм языхэзырщ.

*b* **13:15** Пасэрей журтыбзэкIэ тха Iэрытхым къыщыкIуэ псалъэхэм къарыкIыр гурыIуэгъуэ дыдэкъым, зэрызэдзэкIами къигъэлъагъуэр иIэнкIэ хъуну мыхьэнэхэм языхэзырщ.

лIыкIуэ пэжым хъыбару къихьым хэлъщ
Iэзэгъуэ.

18 Зи щIыб ущием хуэзыгъазэм къыпэплъэр
тхьэмыщкIагъэщ, напэтехщ,
гие псалъэм щIэдэIум игъуэтынущ пщIэ.

19 Гухэлъ зэщIам гур егъэушэ,
акъылыншэм ем и щIыб хуигъэзэныр и
жагъуэщ.

20 Хъунщ Iущ – Iущхэр зи пэшэгъур,
бэлыхь хэхуэнщ акъылыншэм гъуэгуэгъу
хуэхъур.

21 ГуэныхьыщIэм насыпыншагъэр итщ и ужь
имыкIыу,
захуащIэм ехъулIэныгъэр и хъуэхъупэ тынщ*.

22 ЩIыхуфIыр и бын я быныжхэм яхуогъэтIылъэ,
захуащIэхэрщ зыхузэтрахьэр гуэныхьыщIэхэм
я мылъкур.

23 КъытекIынт тхьэмыщкIэм и хьэсэ гъавэ бэвыр,
фIамыгъэкIуэдтэмэ ар абы захуагъэ
зыхэмылъ цIыхухэм.

24 Зи къуэ ткIийуэ зыIыгъ адэм иIэщ лъагъуныгъэ,
тезыр телъхьэнкIэ зиIэм щысхь
лъагъумыхъуныгъэщ хуиIэр быным.

25 ЗахуащIэр игъащIэкIэ шхынщIэлIэ хъункъым,
мыгъуэ-мылIэу ихьынщ бзаджащIэм гъащIэр.

## ЕПЩЫКIУПЛIАНЭ IЫХЬЭ

1 Зыхуей хуегъазэ цIыхубз Iущым и унагъуэ,
зи унагъуэбжэр и IэкIэ зэхуэзыщIыжыр
бзылъхугъэ акъылыншэрщ.

2 Гъуэгу захуэм ирикIуэрщ фIэлIыкIыр Тхьэуэ
Зиусхьэным,
зи гъуэгупэ нашэкъашэрщ Абы нэмыплъ
езытыр.

3 Къытехуэжынщ щIопщ уэгъуэу акъылыншэм и
псалъэр[a],
цIыху Iущхэр къэзыхъумэнури я жыIэщ.

4 Вы зэрымыт Iуэм и Iэшхылъэри нэщIщ[b],
ауэ гъавэ бэв щыгугъыр щысхьынкъым вым
и Iусым.

5 Щыхьэт захуэм пцIы IэщIэкIынкъым,
зэIылъщ пцIы зэфэзэщу щыхьэт нэпцIыр.

6 ЩIэнэкIалэр Iущыгъэм сыт хуэдизрэ
мылъыхъуами, игъуэтынкъым,
акъыл зиIэм щIэныгъэр псынщIэу епхъуатэ.

---

*a* **14:3** Журт. «Акъылыншэм и псалъэр пагагъэм и щIопщщ». Пасэрей журтыбзэкIэ тха Iэрытхым къыщыкIуэ псалъэхэм къарыкIыр гурыIуэгъуэ дыдэкъым, зэрызэдзэкIами къигъэлъагъуэр иIэнкIэ хъуну мыхьэнэхэм языхэзырщ.

*b* **14:4** Е «и Iэшхылъэри къабзэщ».

7 Зыщыдзей акъылыншэм;
щыбгъуэтынкъым абы и деж игъащIэкIэ
Iущыгъэ гуэри.

8 ЕщIэ цIыху губзыгъэм и гъуэгупэр дэнэ нэсми,
акъылыншэрщ зи щхьэ къэзыгъэпцIэжыр.

9 Тобэ къэзыхьыжам и тыхьыр акъыл зимыIэм и
ауанщ,
цIыху захуэм Тхьэм и нэфIыр къыщыхуащ[a].

10 ЙохъыкIыр цIыхум и гущIэлъапсэм гуфIэгъуи,
гуауи;
абыхэмкIэ дэгуэшэфынкъым нэсу ар
нэгъуэщIым.

11 ЩIапIэщIэкIуадэ хъунущ бзаджащIэм и
унагъуэр,
щыужьыхыжынкъым цIыху захуэм и жьэгу
пащхьэ мафIэр.

12 ЩыIэщ гъуэгу, къыщыхъуу цIыхум захуэу, –
ауэ ажалыр и кIэм къыщыпэплъэу.

13 ЩыгуфIэм дежи хэтынкIэ хъунущ цIыхупсэр
зэхэзещхъуэн,
гуфIэ-гупсэми нэщхъеягъуэкIэ
зыщызрихъуэкIи къохъур.

14 Щхьэрыуам игъуэтыжынщ хуэфащэ,
цIыхуфIри илэжьахэм хуэзэжынщ.

---

*a* **14:9** Пасэрей журтыбзэкIэ тха Iэрытхым къыщыкIуэ псалъэхэм къарыкIыр гурыIуэгъуэ дыдэкъым, зэрызэдзэкIами къигъэлъагъуэр иIэнкIэ хъуну мыхьэнэхэм языхэзырщ.

15 ГъэпцIэгъуафIэм сытри и фIэщ мэхъу,
губзыгъэм лъэбакъуэу ичым и нэIэ
тригъэкIкъым.

16 Iущыр сакъщ, еми зыщедзей,
акъыл зимыIэр зыщогугъыж, гъэIэсэгъуейщ*.

17 Губжьыхыр акъылыншагъэм хуэлъэщ,
гухэлъ бзаджэ зезыхьэри ялъагъу хъуркъым.

18 ЦIыху жыIэзыфIэщхэм Iыхьэу къалъысыр
акъылыншагъэщ,
губзыгъэм и фащэр – щIэныгъэщ.

19 Къэхъунщ бзаджащIэм щхьэщэ щыхуищIын
цIыхуфIым,
мыхъумыщIэми зыщридзыхынщ захуащIэхэм
я пащхьэ.

20 ТхьэмыщкIэри гъунэгъурэ пэт я жагъуэщ,
щопэкIу хуэщIам и унэ ныбжьэгъубэр.

21 Нэмыплъ езытым и гъунэгъу – елэжьыр
гуэныхьышхуэ,
тхьэмыщкIэм зи гулъытэ хуэзыгъазэр –
теуващ гъуэгу махуэ.

22 ТегъуэщыкIакъэ-тIэ гъуэгу захуэм гухэлъ
бзаджэр зыхъэхэр?
ФIылъагъуныгъэрэ пэжыгъэщ къыпагъаплъэр
гухэлъ дахэр зэIузыщэм.

23 Дэтхэнэ зы лэжьыгъэ хьэлъэми хэхъуэ пылъщ,
псалъэ купщIэншэм къишэр
тхьэмыщкIагъэщ.

24 ЦIыху Iущым беигъэу бгъэдэлъыр и
фIыщIэтынщ,
акъылыншэм и Iыхьэр акъылыншагъэщ[a].

25 Щыхьэт пэжым псэзэпылъхьэпIэм укъреш,
щыхьэт нэпцIыр уищэнкIэ тIэу
еплъынкъым.

26 БыдапIэм дэсым хуэдэщ Тхьэуэ Зиусхьэным
фIэлIыкIхэр,
щIэблэу къащIэхъуэми яхуэхъунщ Ар
щхьэегъэзыпIэ.

27 Тхьэуэ Зиусхьэным уфIэлIыкIыныр –
псэхэлъхьэж псынэм хуэдэщ;
ажалым и хъыми ухуещI пэIэщIэ.

28 Iумэтыр* зи бэ пащтыхьым и щытхъури инщ, –
щхьэщытщ щыхупIэ ар къызэмэщIэкIыр.

29 ШыIэ зыхэлъым акъылышхуэ къуэлъщ,
губжьыр зи щэным акъылыншагъэщ
игъэлъагъуэр.

30 Гу зэпIэзэрытыр Iэпкълъэпкъым и
хущхъуэгъуэщ,
фыгъуэр зи щэным щIэх и къупщхьэр мэщ.

31 Дэхуэхар тегушхуэгъуафIэ зыщIым егъэикIэ
Тхьэуэ ар къэзыгъэщIар,
тхьэмыщкIэм зи гулъытэ хуэзыгъазэм
Тхьэуэ Зиусхьэныр егъэлъапIэ.

---

*a* **14:24** Пасэрей журтыбзэкIэ тха Iэрытхым къыщыкIуэ псалъэхэм къарыкIыр гурыIуэгъуэ дыдэкъым, зэрызэдзэкIами къигъэлъагъуэр иIэнкIэ хъуну мыхьэнэхэм языхэзырщ.

32 БзаджащIэхэр щIэпхъаджэу ящIэм токIуэдэж,
лIэныгъэм и дыджыр щыхъукъым цIыху
захуащIэм ткIыбжь[a].

33 Губзыгъэм и гущIэлъапсэр Iущыгъэм и
унапIэщ:
цIыху акъылыншэхэм я гущIэми
къыщыпIэжьажьэ щыIэщ ар.

34 Захуагъэм егъэин цIыхубэр,
гуэныхьу ялэжьми напэтехщ къахуихьыр.

35 БлыгущIэт губзыгъэм нэфIкIэ йоплъ
пащтыхьыр,
хэт трихыу щытми пащтыхь напэр –
и губжьри лъэIэсынщ.

## ЕПЩЫКIУТХУАНЭ IЫХЬЭ

1 Жэуап Iэсэм губжьыр егъэужьых,
къызэщIегъэстыр псалъэ гуауэм губжьыр.

2 Iущыгъэр зи бзэгупэ телъым щIэныгъэр
егъэлъапIэ[b],
акъыл зимыIэм и псалъитIым щыщу зыр
делагъэщ.

3 Тхьэуэ Зиусхьэныр маплъэри плъапIэм итщ:
бзаджащIэри, захуащIэри елъагъу.

*a* **14:32** Е «захуащIэхэм я захуагъэр яхуэхъунщ щхьэегъэзыпIэ».
*b* **15:2** Е «зрегъэубгъу», «яхехьэ».

4 ГуапэжыIэр гъащIэ жыгым хуэдэщ,
псалъэ жыIэпхъаджэм лъэр щIеуд.

5 Адэм и ущие елъэпауэр акъылыншэщ,
абы и гие макъ щIэдэIури акъылыфIэщ.

6 ФIыгъуэ инкIэ къебгъэр захуащIэм и унэр,
бзаджащIэм хэхъуэ иIэм къыхуихьыр
бэлыхьлажьэщ.

7 Iущыр щIэныгъэкIэ мэгуашэ,
акъылыншэм сыт къыпыпхын?

8 Тхьэуэ Зиусхьэным хуещI гущыкI бзаджащIэм и
къурмэным,
цIыху захуэм и тхьэлъэIур Iех къабылу.

9 ХуищIащ гущыкI бзаджащIэм пхриш гъуэгум
Тхьэуэ Зиусхьэным,
Абы фIыуэ илъэгъуар захуагъэм иужь итхэрщ.

10 Гъуэгу занщIэм дэхыр пшынэнущ тезыр ткIийкIэ,
гиер зи жагъуэри кIуэдынущ.

11 Илъагъукъэ Тхьэуэ Зиусхьэным хьэдрыхэ
лъахэм щыщIэр?
ЦIыхугухэм щыхъэри* зэрищIэм
хэлъкъым шэч!

12 ЩIэнэкIалэм къегиер и жагъуэгъущ,
абы цIыху Iущхэм запыIуедз.

13 И гур хэхъуэмэ, нэгуфIэ мэхъур цIыхур,
гухэщI-гукъеуэм и лъэр щIегъэху.

14 ЗэхэщIыкI зиIэм щIэныгъэр къилъыхъуэ зэпытщ,

акъыл хуэхейм делагъэщ къиулъэпхъэщыр.

15 Нэщхъейм и махуэхэм зы гунэдж гуэри хэлъкъым,
нэщхъыфӀэм махуэхэр егъакӀуэ гуфӀэ-гупсэу.

16 Шынагъэри къыдыхэту мылъкушхуэ уиӀэ нэхърэ
убгъэдэлъыр мащӀэми, нэхъыфӀщ Тхьэуэ
Зиусхьэным уфӀэлӀыкӀмэ.

17 Гужьгъэжьыр уяку зэхуилъу выхъу нышыр
зэдэпшх нэхърэ
хадэхэкӀ шхын фӀэкӀа уимыӀэми нэхъыфӀщ,
щытепщэмэ абдеж фӀылъагъуныгъэр.

18 КъэлыбыгъуафӀэм къызэщӀегъэстыр
зэныкъуэкъур,
шыӀагъэ* зыхэлъым зэпэщӀэувэр
егъэужьыхыр.

19 Хуэмыху и гъуэгу банапцӀэу зэщӀокӀэж,
лъэпощхьэпоуи* щыӀууэнкъым цӀыху захуэр
и гъуэгупэм.

20 Къуэ Ӏущым адэр егъэгуфӀэ,
акъылыншэм ирет нэмыплъ и анэм.

21 Делагъэрщ акъылыншэм гукъыдэж къезытыр,
гъуэгу захуэми темыкӀ зи зэхэщӀыкӀыр иныр.

22 Чэнджэщ зыхэмылъ гухэлъ-гукъэкӀхэр мэщэщэж,
чэнджэщэгъуухэр зи бэм сытри къехъулӀэнщ.

23 Игъуэм ита жэуапым цӀыхур щогуфӀыкӀ,
сыту фӀы-тӀэ и чэзум жыӀа хъуа псалъэр!

24 ПэӀэщӀэ зыхуащӀкӀэрэ хьэдрыхэ,

цIыху Iущхэм я гъуэгупэр хуокIуэр гъащIэм.

25 Щхьэхуещэм и унапIэр ирихынущ Тхьэуэ
Зиусхьэным,
фызабэр зытес щIы кIапэри къихъумэнущ.

26 Гухэлъ бзаджэхэм хуищIащ гущыкI Тхьэуэ
Зиусхьэным,
гуапэжыIэ псалъэхэрщ ищIар Абы къабыл.

27 И унагъуэр бэлыхь хэмыкIыжым хедзэр
щIэнэцIым мылъку хьэрэм,
Iулъхьэм щыщтэ цIыхум иIэщ гъащIэ.

28 ЗахуащIэм и жэуапыр сыт щыгъуи зэпешачэр,
бзаджащIэм и жыIэр гуемыIуу* мэпыджэ.

29 Пэжыжьэщ Тхьэуэ Зиусхьэныр цIыху
бзаджащIэм,
захуащIэм и тхьэлъэIущ Ар зыщIэдэIур.

30 ГуфIэ нэгум гур хегъахъуэ,
хъыбарыфIми уегъэжан.

31 Щхьэпагъ зыхэлъ гие псалъэхэм щIэдэIур
хъунщ цIыху Iущхэм ящыщ зы.

32 Ущием елъэпауэр и щхьэ йофыгъуэжыр,
акъыл хихынщ щIэдэIум гие псалъэ.

33 Iущыгъэщ узыхуигъасэр Тхьэуэ Зиусхьэным
фIэлIыкIыным,
Тхьэм зыхуэгъэлъэхъшэнми еIэт уи щIыхьыр.

## ЕПЩЫКІУХАНЭ ІЫХЬЭ

1 ЕщІыр цІыхум гугъэ куэдхэр, –
абыхэм щыщуи зэщІэнур Тхьэуэ Зиусхьэным иухахэрщ[a].

2 Щхьэж илэжьымкІэ зыфІэзахуэщ, –
арщхьэкІэ я гущІагъщІэлъ псор зэпэзышачэр Тхьэуэ Зиусхьэнырщ.

3 Хуэгъазэ Іуэхуу блэжьыр Тхьэуэ Зиусхьэнми –
гухэлъу уиІэр къыбдэхъунщ.

4 И къэгъэщІыгъэ псоми Тхьэуэ Зиусхьэным гугъэ щхьэхуэхэр яхуиІэщ,
цІыху бзаджащІэри хуегъэхьэзыр пшыныж махуэм[b].

5 Тхьэуэ Зиусхьэным хуищІащ гущыкІ цІыху пагэм,
зэгъащІэ: ягъуэтыжынщ абыхэм яхуэфащэ хьэкъыр.

6 ФІылъагъуныгъэмрэ пэжыгъэмрэ ягъэгъу гуэныхьыр,
Тхьэуэ Зиусхьэным фІэлІыкІыным ущехъумэ ем.

---

a 16:1 Е «ЦІыхум жиІэнур зэрегъэзахуэ, арщхьэкІэ Тхьэуэ Зиусхьэнращ ар зэпызыгъахуэр».

b 16:4 Е «цІыху бзаджащІэ пэтрэ къыхуигъэщІащ пшыныж махуэм».

7 ЦIыхум гъуэгуу къыхихар фIэзахуэу щытмэ
Тхьэуэ Зиусхьэным,
Абы и бий Iэлхэри* ирегъэкIуж.

8 Хьэрэм хэхъуэшхуэ нэхърэ
хьэлэл мащIэр нэхъыфIщ.

9 Щхьэж и гущIэм къыхихыну гъуэгур
щызэригъэзахуэ пэтми,
лъэбакъуэу ичыр зыунэтIыр Тхьэуэ
Зиусхьэнращ.

10 Пащтыхьыр Тхьэуэ Зиусхьэным и IэмыркIэщ
зэрыпсалъэр, –
щыуагъэ гуэри и хей щIэкIэм къыхэхуэнкъым.

11 Тэрэзэ пэжхэм я пщалъэр зыгъэувыр Тхьэуэ
Зиусхьэнырщ,
Ар тэрэзэ шэчалъэ захуэхэм я телъхьэщ.

12 Iуэхуфэ бзаджэхэм хуащIащ гущыкI пащтыхьхэм, –
Iуэху щыпкъэхэр аракъэ-тIэ абыхэм я
тетыгъуэр зыщIыр кIыхь?!

13 Я щIасэщ пащтыхьхэм псалъэ захуэр,
пэж жызыIэри абыхэм ягъэлъапIэ.

14 Пащтыхь губжьыр – ажалым и гъуощ,
зыхуэгъэужьыхыжри ар цIыху Iущщ.

15 Пащтыхьыр нэфIэгуфIэу щытмэ – уиIэщ гъащIэ,
и нэфIри гъатхэ уэшхым хуэдэщ.

16 Дыщэ Iэрылъхьэ нэхърэ нэхъыфIщ Iущыгъэр,
акъылри нэхъыфIщ дыжьыным пумыдзыхмэ.

17 ЦIыху захуэхэм я гъуэгущ ем пэIэщIэ
ухуэзыщIыр;
абы хуэсакъым и псэри ехъумэ.

18 Унэхъунум япэ щIыкIэ зыкъыфIощIыжри,
зи унагъуэбжэр хуэзыщIыжынур пагэ мэхъу.

19 Пагэм къуентхъ дэбгуэш нэхърэ
тхьэмыщкIэм задебгъэкIумэ нэхъыфIщ.

20 Ущием хуэнэбдзэгубдзаплъэм[a] и Iуэхур
ефIэкIуэнщ,
Тхьэр зи плъапIэр теувэнщ гъуэгу махуэ.

21 ЦIыху Iущым щхьэкIэ жаIэ «иIэщ зэхэщIыкI»,
и псалъэ гуапэхэри мэхъу уи фIэщ.

22 Акъылыр – зиIэм дежкIэ псэхэлъхьэж псынэм
хуэдэщ,
акъылыншагъэр – акъыл зимыIэм я тезырщ.

23 Iущым и псалъэм купщIэ кIуэцIылъщ,
и жыIэ псори мэхъу уи фIэщ.

24 ГуапэдэгъэкIыу жыIа псалъэр ещхьщ фо хьэкIуэм,
псэм фIэIэфIщ, Iэпкълъэпкъым и
хущхъуэгъуэщ.

25 ЩыIэщ гъуэгу, къыщыхъуу цIыхум захуэу, –
ауэ и кIэм ажалыр къыщыпэплъэу.

26 МэжэщIалIагъэрщ къыщIэрыIэр цIыху
лэжьакIуэм,
и ныбэ лажьэрщ къезыхуэкIыр ар.

---

*a* **16:20** Е «Iуэхур губзыгъэу зезыхьэм».

27 МыхъумыщIэр бзаджэщIэным егупсыс зэпытщ,
къыхех и дэтхэнэ псалъи мафIэ лыгъейр.

28 ФэрыщIым цIыхухэр зэщегъэхьэ,
зэфIегъэкIуэд бзэгузехьэм зэныбжьэгъу
пэжхэр.

29 Лейзехьэм цIыхухэр зыIэпишэурэ
гъуэгу бзаджэм трешэ.

30 НащхьэIущхьэр игъэджэгуу къыпхуэгуфIэм
илъкъым и гум фIы,
зи IупщIакIэр зэтезыкъузэми къыуищIэнур
Iейщ.

31 Тхъугъэр – жьыщхьэ махуэм и нэщэнэщ[a],
гъащIэ щыпкъэм и дамыгъэщ.

32 ЙофIэкIыр цIыху бэшэчыр зауэлI хъыжьэм,
къалэр зыщтэм нэхъри нэхъ лъэщщ шыIагъэ
зиIэр.

33 Пхъэидзэ сыт хуэдизрэ ямыщIами,
къикIынур Тхьэуэ Зиусхьэным и унафэрщ.

## ЕПЩЫКIУБЛАНЭ IЫХЬЭ

1 УзэмыфIу зэдэпшх выхъуныш нэхърэ
узэхуэIэфIу зэдэбугуэш щIакхъуэ тыкъырри
нэхъыфIщ.

*a* 16:31 Журт. «щIыхьым и къэгъагъэ блэрщ».

2 ЛIыщIэ губзыгъэр лIыщхьэм и къуэ емыкIухьым
и пIэ иувэнщ,
зэш быным щIэин Iыхьэгъуи яхуэхъунщ.

3 Дыжьыныр ягъэджылри* япщэж*,
дыщэри ягъэткIури якIыщтэ*,
цIыхугури зыпщытэр Тхьэуэ Зиусхьэнырщ.

4 Лейзехьэр зыщIэдэIур бзаджащIэм и псалъэщ;
пцIыупсыр дэзыхьэхыр мыхъумыщIэм и
жыIэрщ.

5 ТхьэмыщкIэр джэгуалъэ зыщIым егъэикIэ
Тхьэуэ ар къэзыгъэщIар,
дэхуэхар зи ауаным хуэфащэ хьэкъ
игъуэтыжынщ.

6 Жьыщхьэ махуэщ бынырылъхухэр
зылъэгъуахэр[a],
иропагэ щIэблэр адэ-анэм.

7 Епэсакъым акъылыншэм псалъэ нэсыр,
пщIэ зыхуащI цIыхуми псалъэпцIыр
къекIукъым.

8 Iулъхьэр зытым къыфIощI ар дыщэ токъуу*:
дэнэкIэ зимыгъазэми, сытри къохъулIэ.

9 Къраха щхьэкIуэр зыгъэгъуфыр
фIылъагъуныгъэм и лъыхъуакIуэщ,
ар пщызмыгъэгъупщэм – Iуегъэщтыр
ныбжьэгъу пэжыр.

---

*a* **17:6** Журт. «Къуэрылъху-пхъурылъхухэр лIыжь-фызыжьхэм я къэгъагъэ блэрщ».

10 ЦIыху губзыгъэм гиер щIэхыу зэхещIыкIыр,
фэлъырищэ епхми, акъыл зимыIэм
гурыIуэнкъым ар.

11 БзаджащIэр дапщэщи къайгъэщ зылъыхъуэр,
тезыр хьэлъэри Тхьэм абы къытрилъхьэнщ[a].

12 Делагъэм къызэгуитхъ цIыху акъылыншэм
уIущIэ нэхърэ
зи акъуш шырхэр зыфIэкIуэда мыщэбзым
урихьэлIэмэ нэхъыфIщ.

13 ФIым пэкIуэу е зылэжь цIыхум
и унэр е жыхуаIэм ибгынэнкъым.

14 Къэхъеймэ псалъэмакъыр – псыдзэу урехьэжьэ;
къызэтеувыIэ, зэщыхьэм унэмысу.

15 Къуаншэр зыгъэзахуэмрэ хейр зыгъэмысэмрэ
хуищIащ гущыкI Тхьэуэ Зиусхьэным.

16 Делэм акъыл кърищэхуну зыщыгугъ мылъкур
сыткIэ щхьэпэ,
еджэн гухэлъ абы имыIэу щытмэ?

17 Ныбжьэгъур сыт щыгъуи фIыкIэ къыпхуоупсэ,
къуэшыр къыщIыуитар гуауэр бдигуэшын
щхьэкIэщ.

18 НэгъуэщIым щхьэкIэ шэсыпIэ ихьэу
щIыхуэ зытыр акъылыншэщ.

19 Гуэныхь щIэныр зи щIасэр къайгъэми и лъыхъущ,

---

*a* 17:11 Журт. «гущIэгъу зи цIэ зыхэмылъыр лIыкIуэ къыхуащIынщ», е «мелыIыч гущIэгъуншэр къыхуагъэкIуэнщ».

и кӀуэдыжыпӀэ хъунурщ зылъыхъуэр цӀыху
щхьэщытхъур[a].

20 Зигу хьэрэмыгъэ илъым фӀы гуэри
къыдэхъункъым,
бзэгу пцӀыӀуэпцӀышэри хэхуэнщ
бэлыхьлажьаем.

21 Акъылыншэр – къэзылъхуам и мыгъуэ Ӏыхьэщ,
гунэдж жыхуаӀэр ищӀэркъым бын делэм я
адэм.

22 Гухэхъуэр Ӏэпкълъэпкъым и хущхъуэгъуэщ,
гухэщӀ-гукъеуэм хэт зэпытым и къупщхьэр
мэщыр щӀэх.

23 Хьэкумыр пэжым тришыным щхьэкӀэщ
бзаджащӀэм Ӏулъхьэр щэхуу къыщӀыӀырихыр.

24 Губзыгъэм Ӏущыгъэм и гур теухуауэ щытщ,
акъылыншэм и щхьэр кърехьэкӀ жьуджалэм*
хуэдэу.

25 Къуэ акъылыншэр адэм и гурыгъузщ,
къэзылъхуа и анэми и гуауэщ.

26 ФӀыкъым цӀыху щыпкъэр бгъэпшынэныр,
я захуагъэ щхьэкӀэ цӀыху пэжми лей
кӀэлъызепхьэныр щӀагъуэкъым.

27 ЩӀэныгъэ зиӀэм ещӀыр псалъэ хэплъыхь,
зи зэхэщӀыкӀыр лъагэр сыт щыгъуи цӀыху
зэтесщ.

---

[a] 17:19 Журт. «зи куэбжэ лъагэу зыгъэувыр». ЗэрызэдзэкӀам къигъэлъагъуэр иӀэнкӀэ хъуну мыхьэнэхэм языхэзырщ.

28 Акъылыншэри мыпсэлъэху Iущ къафIощIри,
и жьэр зэщIихыхукIэ акъылыфIэу
къэплъытэнри хэлъщ.

## ЕПЩЫКIУИЯНЭ IЫХЬЭ

1 ЩIыхум зыщызыдзейм и щхьэ лажьэ нэхъ
къыфIэIуэхукъым,
чэнджэщ губзыгъэу кърахьэлIэми еныкъуэкъу
зэпытщ.

2 Акъылыншэр зэхэщIыкI иIэным зи щIэхъуэпскъым,
къезытыр зыщ абы гухэхъуэ – и жыIэ ар фIэмыкI.

3 МыхъумыщIэм ирахынущ пу нэлат цIыху цIыкIум,
зи напэр текIми иIэжынкъым щIыхь.

4 ЩIыхум и псалъэр хышхуэ лъащIэншэу куущ;
Iущыгъэри – псыежэх уэрым ещхьщ.

5 Хьэкум пэжыр хейм пэбубыду
бзаджащIэм и телъхьэ ухъуныр фIыкъым.

6 И жыIэм хедзэр акъылыншэр бэлыхьлажьэ,
зи бзэ хуимытыжым къиихьри удынщ.

7 Акъылыншэр зытекIуадэр и бзэщ,
и жыIэ псори хъыщи – абы ар йокIуэдэж.

8 Бзэгузехьэм и псалъэр хуэдэщ шхын хэплъыхьам,
гущIэ лъапсэми щызу зыщегъэзагъэ.

9 Щхьэхынэри ящIар зэтезыкъутэжри зэшщ.

10 Чэщанэ быдэ хуэдэщ Тхьэуэ Зиусхьэныр,
дыхьакъэ абы захуащIэр – IэщIэкIащ шынагъэм.

11 ХуэщIауэ псэум и мылъкур и быдапIэщ,
къыфIощI абы ар мывэкъалэ лъагэу.

12 ЦIыху унэхъунум зыкъыфIощIыж,
еIэтыр щIыхьыр Тхьэм зыхуэгъэлъэхъшэным.

13 УемыдэIуауэ икIэм нэс жэуап птыжыныр –
акъылыншагъэщ, къыпхуихьри напэтехщ.

14 Хъуапсэ зиIэр иришIыкIынкъым узым,
гугъэ-гунэдж зимыIэр дауэ хъуну?

15 ЗэхэщIыкI зиIэм щIэныгъэр дапщэщи къегъуэт,
абы цIыху Iущми и тхьэкIумэр тегъэхуа зэпытщ.

16 ГуапэхуэщIэ тыныр къыпхуохъур куэдкIэ щхьэпэ, –
уахуещIыр лIыщхьэхэм пэблагъэ.

17 Iуэхум япэу ущызыгъэгъуазэр захуэу къыпфIощI,
нэгъуэщI къыкъуэкIыу щIэупщIэн
иригъэжьэхукIэ.

18 Пхъэидзэм зэныкъуэкъур егъэужьых,
ныкъуэкъуэгъу лъэщхэми я дауэм кIэ ирет.

19 Гукъеуэ къыпхузиIэ къуэшым и гур ещхьщ
быдапIэ къэщIыхьам:
дыхьэпIэ иIэкъым абы – уещIыр зэпэIэщIэ
зэныкъуэкъум[a].

---

*a* **18:19** Журт. «зэныкъуэкъур мывэ сэхым хуэдэщ».

20 ЖиIам дэтхэнэ цIыхури IущIэжынущ –
и псалъэ пэкIуэ хуэдизи игъуэтыжынущ.

21 Пылъщ бзэгупэм гъащIэри ажалри,
псэлъэнкIэ зыхэмылъым шыIэ – хуэфащэр
игъуэтынщ.

22 ЕхъулIащ цIыхубзыфI къызыпэщIэхуар,
Тхьэуэ Зиусхьэным и нэфIи къыщыхуащ.

23 ТхьэмыщкIэр гущIэгъу щIэлъэIу зэпытщ,
арщхьэкIэ гуемыIу псалъэщ къърипэсыжыр
бейм абы жэуапу.

24 Яхэтщ ныбжьэгъуми кIуэдыпIэ уизышэн[a],
щыIэщ щауэгъу* щыпкъи, къуэшым нэхърэ
нэхъ благъэ пхуэхъуу.

## ЕПЩЫКIУБГЪУАНЭ IЫХЬЭ

1 ПсалъэпцIкIэ цIыхур зезышэ акъылыншэм нэхърэ
гъуэгу пхэнж пэIэщIэ зыхуэзыщI
тхьэмыщкIэри нэхъыфIщ.

2 УзыхущIэкъу Iуэхум гупсысэ хэмылъмэ,
фIым ухуишэнукъым,
изычхэри Iэжьэкъур щыуэнущ щыуэкIейуэ.

3 ЦIыхур и акъылыншагъэщ зытекIуэдэжыр,

*a* **18:24** Е «Ныбжьэгъур зи куэдым фIы хихынкъым», е «Щауэгъухэми яхэтщ ныбжьэгъуу зыкъыпфIэзыгъэщI».

ауэ Тхьэуэ Зиусхьэнращ зыхуищIыр гухьэ-гужь*.

4 Бейм и унэ щопэкIур ныбжьэгъубэр,
тхьэмыщкIэр и щауэгъуми къебгынэ.

5 Щыхьэт нэпцIым хуэфащэ хьэкъ игъуэтыжынщ,
цIыху пцIыIуэпцIышэри хьэкумым
IэщIэкIынкъым.

6 Куэдым я щэнщ зыхузэфIэкIхэр къащIу
IупэфIэгъу,
гуапэхуэщIэ тынхэр зыщI зэпытым хэти и
ныбжьэгъущ.

7 Iыхьлыхэми тхьэмыщкIэм зыпыIуадз,
ныбжьэгъухэращи зыщадзеипэ!
Сыт хуэдизрэ ар абыхэм кIэлъымыджами,
къэIукъым зы нэрыбгэми* и макъ[a].

8 Iущыгъэм лъыхъуэр и псэм дощI,
акъылым текI имыIэу тетым и Iуэхур
ефIэкIуэнщ.

9 Щыхьэт нэпцIым хуэфащэ хьэкъ
игъуэтыжынущ,
цIыху пцIыIуэпцIышэри кIуэдынущ
кIуэдыкIейуэ.

10 ЦIыху акъылыншэр псэукIафIэмэ, игъуэджэщ*,
унэIутым и IэмыщIэ пщыхэр ихуэу щытмэ,
нэхъыкIэжкъэ?

*a* **19:7** Пасэрей журтыбзэкIэ тха Iэрытхым къыщыкIуэ псалъэхэм къарыкIыр гурыIуэгъуэ дыдэкъым, зэрызэдзэкIами къигъэлъагъуэр иIэнкIэ хъуну мыхьэнэхэм языхэзырщ.

11 Акъыл зиIэм и губжьыр ирекъух,
икIагъэу къарахари зыгъэгъум пщIэ хуэфащэщ.

12 Пащтыхь губжьыр аслъэным и гъуахъуэ макъым хуэдэщ,
и нэфIри пщэдджыжь уэсэпсым ещхьщ.

13 Бын акъылыншэр – адэр зыхь гукъеуэщ,
фыз жьэмыгъэпсэхури шэчыгъуейщ[a].

14 Адэжьхэрщ жьэгури лъапсэри уэсий щIэину къэзыгъанэр,
фыз губзыгъэкIэ къетэр лIыми – Тхьэуэ Зиусхьэнращ.

15 ПкъыщIэлIэ* уещIыр щхьэхынагъым;
зыкъригъэщIэнщ Iуэхуншэм щIэх мэжэщIалIагъэм.

16 Ехъумэ и псэр унафэр зыгъэзащIэм,
Iуэхуфэу ищIэхэм емыгупсысри кIуэдынщ.

17 ТхьэмыщкIэм гущIэгъу хуэзыщIым иритым хуэдэщ щIыхуэ Тхьэуэ Зиусхьэным, –
хуэфащэ фIыщIэтынкIэ абы Ар къыхуэупсэжынущ.

18 ХэмытIасэ щIыкIэ быным еущие:
умыхъу и жэуаптакIуэ абы и кIуэдыр къызыхэкIынум[b].

19 Илэжьам пэкIуэ тезырыр хуейщ телъхьэн губжьыхым:

---

*a* **19:13** Журт. «зэпымыууэ къыпыткIу ткIуэпсщ».
*b* **19:18** Е «укъызыщIэмыплъэ пIэщIэукIэн хуэдизу ар».

ущысхьу щытмэ, иджыри зэ тезырым
къытебгъэзэжынущ.

20 ЩIэдэIу чэнджэщхэм, ущиери умыщI IэщIыб,
урихъунщ иужькIэ абыхэм уэ цIыху Iущ.

21 Гугъэу цIыхум ищIыр мэхъур куэд,
ауэ Тхьэуэ Зиусхьэным иухахэращ зэщIэнур.

22 Къыхуэпэжым уасэ хуещIыр цIыхум;
пцIыIуэпцIышэм нэхърэ тхьэмыщкIэри
нэхъыфIщ.

23 Тхьэуэ Зиусхьэным и фIэлIыкIым узыхуишэр
гъащIэщ,
ар зи щэным къыхэщт имыIэу ирех
и жэщхэр,
бэлыхьлажьаеми пэIэщIэ хуохъур.

24 Щхьэхынэм и Iэр шхыным щыхилъхьам и дежи
мэщхьэхыр Iэрэ жьэрэ зэхуихьыну.

25 ЩIэнэкIалэм ех удыни — къихьэнщ акъыл
цIыху жыIэзыфIэщым и щхьэ,
губзыгъэм егии — зэхищIыкIынщ уи псалъэ.

26 ТезышащIэр и Iэр и адэм,
дэзыхур и жьэгужь и анэр —
бын укIытэншэщ, напэтехщ.

27 Си щIалэ, зыщыпыIубдзым деж ущием
зыхубощI пэIэщIэ уэ щIэныгъэм.

28 Щыхьэт мыхъумыщIэр захуагъэм щIонакIэ,
бзаджащIэри ехуэлъэ-елынцIщ.

29 ЩIэнэкIалэхэм къапоплъэ я тезырыр,
удынри зрагъажьэр акъылыншэрщ.

## ЕТIОЩIАНЭ IЫХЬЭ

1 УещIыр санэм хъыжьэ, фадэми уегъэбырсыр,
абыхэм зезыгъэгъапцIэр Iущу
пхужыIэнкъым.

2 Пащтыхь губжьыр аслъэным и гъуахъуэ макъым
хуэдэщ,
хилъхьэнщ и гъащIэр ар къизышым и пIэ.

3 Ныкъуакъуэм пэIэщIэ зыхуэзыщIым пщIэ
хуэфащэщ,
акъылкIэ ныкъуэдыкъуэр зэныкъуэкъум
хуэлъэщ.

4 Хуэмыхур игъуэм вакIуэ дэкIкъым,
гъавэ хыжыгъуэм деж IэнэщI IэщI джафэу
къонэ ар.

5 Хышхуэ лъащIэншэу кууш гухэлъу гум
зэрихъэр,
зиIэм зэхэщIыкI лъэкIынщ ар къыщIигъэлъэн.

6 Ныбжьэгъу пэжу закъыщохъужыр куэдым,
апхуэдэу щытмэ, дзыхь зэбгъэз хъун цIыхур
дэнэ щыIэ?

7 Захуагъэм тет зэпытущ цIыху щыпкъащIэр
зэрыпсэур,

теуващ гъуэгу махуэ абы къыщIэнэ бынхэр.

8 Хеяжьэ башыр* къыщищтэкIэ пащтыхьым
зэ плъэгъуэкIэ бзаджагъэр зэхихун лъэкIынщ.

9 Хэт жызыIэфынур:
«Сигу итхьэщIыкIащ, сыкъабзэщ,
збгъэдэлъкъым псэкIуэдщIагъэ зи цIэ»?

10 Тэрэзэ нэпцIхэми, пщалъэ пхэнжхэми
хуищIащ гущыкI Тхьэуэ Зиусхьэным.

11 Сабийрэ пэт къацIыху Iуэхуфэу илэжьамкIэ,
«къезэгърэ ар, захуэ?» – жаIэу.

12 ТхьэкIумэу зэхэзыхри, нэуэ зылъагъури –
Тхьэуэ Зиусхьэнырщ къэзыгъэщIар.

13 Умыжейнэд, ухъунщ тхьэмыщкIэ,
къомыгъэкIу жей жыхуаIэр уи нэ,
ухъункъым мэжэщIалIэ.

14 «ЩIагъуэкъым, щIагъуэкъым!» –
жиIэурэ щэхуакIуэр уасэм щIоныкъуэкъу,
Iэрыхьэу щытмэ зыщIэдэур – сату ищIамкIэ
зыщотхъуж.

15 ЩыIэщ дыщи, мывэ лъапIейхэри куэдыкIейщ,
арщхьэкIэ псалъэ Iущырщ налкъутналмэсу
гъуэтыгъуейр.

16 Хамэм шэс* хуэхъуам и щыгъын щIыIутелъыр
тхьэкъу,
шэсыпIэ къинам ар уи шэс щIыхуэм пэкIуэу
фIэубыд.

17 ГъэпцIагъэкIэ зыIэригъэхьа ерыскъыр
къыIуроIэфIэ цIыхум,
къыIурыхужынщ иужькIэ ар абы ятIагъуэ
дыджу.

18 УпщIэж зэпхьэлIа* гухэлъхэр къохъулIэ,
зауэр щыбублэкIи, псалъэ Iущ зи цIэ
ублэмыдэIукI.

19 ХуэущэхункIъым бзэгузехьэм кърагъэза
дзыхьыр –
цIыху псэлъэрейм зыхуэщI пэIэщIэ.

20 Адэ-анэм ебгыр
жэщыпцIэ кIыфIым хэкIуэдэж нэхунэу
кIуэсэжынщ.

21 ПIэщIэрыIу-пIэщIэрыщIэкIэ зэрапхъуа
щIэиным
икIэм зыфI гуэри къыхэкIынкъым.

22 «Сыхъужынщ сэ пхуэфI!» – жумыIэ,
щыгугъи Тхьэуэ Зиусхьэным, уи лъыр
ищIэжынщ.

23 ГущыкI хуищIащ шэчалъэ пхэнжхэм Тхьэуэ
Зиусхьэным,
нэ жагъуэкIи еплъащ Ар тэрэзэ нэпцIхэм.

24 Лъэбакъуэу цIыхум ичыр зыунэтIыр Тхьэуэ
Зиусхьэнырщ, –
и гъуэгупэр сытым хуэкIуэми цIыху цIыкIум
дауэ гурыIуэн?

25 ЦIыхур емыгупсысауэ Тхьэм и пащхьэ щищI
нузырым* зыIэщIеубыдэ,

сыт хуэдизрэ кIэлъымыпхъуэжми – иIэкъым
къэгъазэ.

26 Пащтыхь Iущым цIыху бзаджащIэхэр
щIегъэкIыр шыбзэм,
мывэщхьэлым хуэдэу ахэр зэхехьэжэ.

27 ЦIыху напэр – Тхьэуэ Зиусхьэным къыбгъэдэкI
нэхунэщ,
и гущIэ лъапсэр къызэщIигъаблэу.

28 ФIылъэгъуныгъэмрэ пэжыгъэмрэщ пащтыхьыр
къэзыхъумэр,
и тетыгъуэри гущIэгъукIэ егъэбыдэ.

29 Къарурщ щIалэгъуэм и щытхъу фащэр,
тхъугъэри жьыгъэм и щIыхь нэщэнэщ.

30 Удыным бзаджащIагъэр егъэкIуэд,
ирелъэсыкI ар уэгъуэ къэси гущIэ лъапсэм.

## ТIОЩIРЭ ЕЗАНЭ IЫХЬЭ

1 Пащтыхьым и гур Тхьэуэ Зиусхьэным и Iэ
илъщ –
псыежэхым ещхьу здыхуеймкIэ ар Абы еунэтI.

2 Щхьэж илэжькIэ зыфIэзахуэщ,
ауэ гум щыхъэ псори зэпэзышачэр Тхьэуэ
Зиусхьэнырщ.

3 Къурмэн тыхь къыхуэзыщIхэм нэхърэ

захуагъэм, щыпкъагъэм тетхэр нэхъ илъытащ
Тхьэуэ Зиусхьэным.

4 ПлъэкIэ пагэмрэ гу зыкъызыфIэщIыжамрэ –
бзаджащIэм я нэхунэ хуэдэщ[a],
зэхуэдэу тIури псэкIуэдщIагъэщ.

5 Гумызагъэм гухэлъу ищIым хэхъуэ къыпэкIуэнщ,
пIащIэ-тхъытхъыу цIыхум ищI Iуэхум
хихынур тхьэмыщкIагъэщ.

6 ПцIы зэфэзэщкIэ зэхуэхьэса мылъкур –
уэсэпсщи, кIуэдыжынущ,
ажалым ихъщи, уриубыдэнущ[b].

7 ЩыхуэмейкIэ бзаджащIэхэр захуагъэм и цIэкIэ
зекIуэну,
текIуэдэжынущ ахэр я гущIэгъуншагъэм.

8 Мысэм* и гъуэгур нашэкъашэщ,
хейм Iуэхуфэу ищIэр захуэщIэкъущ.

9 Фыз жьэмыгъэпсэхум и гъусэу зы унэ ущIэс нэхърэ
пкIэунэм уисыныр нэхъыфIщ.

10 ЦIыху бзаджащIэр елъыхъуэщ:
щигъуэтынкъым зыми гущIэгъу зи цIэ
абы деж.

---

*a* **21:4** Пасэрей журтыбзэкIэ тха Iэрытхым къыщыкIуэ псалъэхэм къарыкIыр гурыIуэгъуэ дыдэкъым, зэрызэдзэкIами къигъэлъагъуэр иIэнкIэ хъуну мыхьэнэхэм языхэзырщ.

*b* **21:6** Пасэрей журтыбзэкIэ тха Iэрытхым къыщыкIуэ псалъэхэм къарыкIыр гурыIуэгъуэ дыдэкъым, зэрызэдзэкIами къигъэлъагъуэр иIэнкIэ хъуну мыхьэнэхэм языхэзырщ.

11 ЩIэнэкIалэр бгъэпшынэмэ – жыIэзыфIэщыр
мэхъу нэхъ Iущ,
губзыгъэм уеущиемэ – и зэхэщIыкIым
нэхъри хохъуэ.

12 Елъагъур Тхьэуэ ЗахуащIэм[a] бзаджащIэхэм я унэр,
бэлыхьлажьаеми хигъэувэнущ ахэр.

13 ТхьэмыщкIэм и гуIэ макъыр зи тхьэкIумэ
изымыгъыхьэр
зэгуэр езыри къэгуоужынщи, зыми
зэхихынкъым.

14 Тыгъэ щэхум губжьыр егъэIэсэ,
губжьыкIейри егъэужьых гуфIакIэм къыдах
Iулъхьэм.

15 Хьэкум пэжыр и щIыIу къыщыхъукIэ,
захуащIэхэр егъэгушхуэри, бзаджащIэхэр
егъэгулэз.

16 Акъылым и гъуэгу занщIэм зэ текIар
зыщепсыхынур хьэдрыхэ лъащIэщ[b].

17 Нэгузыужь защIэу псэур хъунщ тхьэмыщкIэ,
санэ хэплъыхьарэ щыхуэн лъапIэкIи
ерыщхэр хъункъым бей.

18 Пшынэнур цIыху захуащIэракъым – бзаджагъэ
зылэжьарщ,
цIыху пэжракъым – икърарыншэр* арщ[c].

---

*a* **21:12** Е «захуащIэм».
*b* **21:16** Журт. «ныбжьыкъухэм яхэзэгъэжынущ», нэгъуэщIу жыпIэмэ, лIахэм ящыщ хъужынущ.
*c* **21:18** Пасэрей журтыбзэкIэ тха Iэрытхым къыщыкIуэ псалъэхэм къарыкIыр гурыIуэгъуэ дыдэкъым, зэрызэдзэкIами къыгъэлъагъуэр

19 Жьэмыгъэпсэху фыз бзаджэр псэуэгъуу уиIэ
нэхърэ
пшахъуэщIыр уи псэупIэмэ нэхъыфIщ.

20 Iущыр гъэтIылъыгъэфIкIэ бэлэрыгъкъым,
акъылыншэм ар IэщIошхыхьыж.

21 ИIэнущ гъащIи, ехъулIэныгъи, пщIэи
захуагъэмрэ фIылъагъуныгъэмрэ хущIэкъум.

22 Къыхуэщтэнщ цIыху Iущым дзэшхуэр зыдэс
къалэр,
быдапIэу ахэр зыщыгугъари
зэхикъутэфынщ.

23 И бзэрэ и псалъэрэ хуэсакъым
бэлыхьлажьаем зыщехъумэ.

24 ЩIэнэкIалэр – цIыху пагэу
зыкъызыфIэщIыжарщ,
егъэлеяуэ къутыргъэныуи* зэхэзекIуэрщ.

25 ЗыщIрегъэхри Iуэхум цIыху щхьэхынэм –
и хъуапсэ мыщIхэми йокIуэдылIэж.

26 УкIытэ зи цIэ имыщIэжу сытми ар
хуэнэхъуеиншэщ,
захуащIэр цIыху Iэгу-Iэпсэщ, итам
щIэмыфыгъуэж.

27 БзаджащIэм и къурмэн тыхьыр гущыкIыгъуэщ,
ар гухэлъ мыгъуэкIэ къэхьамэ нэхъыкIэжщ.

28 Щыхьэт нэпцIыр кIуэдынущ кIуэдыкIейуэ,

---

иIэнкIэ хъуну мыхьэнэхэм языхэзырщ.

цIыху пэжми и щыхьэтыгъэр къыщIэхуэнкъым[a].

29 Зы щхьэкIи джылкъым и нэгур цIыху бзаджащIэм,
захуащIэр Iуэхуфэу къыпэщылъым егупсыс
зэпытщ[b].

30 ЩыIэнкъым Iущыгъэ зи цIи, зэхэщIыкIи,
гупсысэ гуэри
Тхьэуэ Зиусхьэным пэщIэувэфын.

31 Сыт хуэдизрэ шыр хуумыгъэпсами зауэм,
Тхьэуэ Зиусхьэным дежщ къыздикIыр
текIуэныгъэр.

## ТIОЩIРЭ ЕТIУАНЭ IЫХЬЭ

1 Дуней мылъку нэхърэ нэхъыфIщ уи цIэ фIыкIэ
къраIуэныр,
дыщэрэ дыжьынрэ нэхърэ нэхъ лъапIэщ
къэблэжьа щытхъури.

2 ТхьэмыщкIэри хуэщIауэ псэури зыкIэ зэщхьщ:
тIури Тхьэуэ Зиусхьэным къигъэщIащ.

3 Къыпэщылъ шынагъуэр щилъагъукIэ цIыху
губзыгъэм – зыхуещI пэIэщIэ,
жыIэзыфIэщым и гъуэгу и занщIэщ –
къекIынщ абы и лажьэ бзаджэр.

---

a **21:28** Журт. «зэхихар зыIуэтэжым и псалъэ Iэпахыркъым». ЗэрызэдзэкIам къигъэлъагъуэр иIэнкIэ хъуну мыхьэнэхэм языхэзырщ.
b **21:29** Е «и гъуэгу гушхуауэ ар ирокIуэ».

4 Тхьэуэ Зиусхьэным зыхуэгъэлъэхъшэным,
фIэлIыкIыным пэкIуэр –
мылъкущ, щIыхьщ икIи гъащIэщ.

5 ЩIыху бзаджейм и гъуэгупэ шынагъэрэ
лъэпощхьэпор щыкуэдщ;
и псэ еблэжым захуищIынщ абыхэм
пэжыжьэ.

6 Сабийр гъуэгу захуэм хуэущии,
и жьыщхьи ар абы текIынкъым.

7 Бейр тхьэмыщкIэм и гущIыIум итщ,
зи щIыхуэ птелъми урипщылIщ.

8 Ем лъыхъур ем хуэзэжынщ,
и тетыгъуэ гущIэгъуншэми кIэ игъуэтынщ.

9 Зи Iэгу зи Iэнэу тхьэмыщкIэм хущыт цIыху
хьэлэлыр
теувэнщ гъуэгу махуэ.

10 ЦIыху щIэнэкIалэр зыхэфхуи –
хьэргъэшыргъэм фыхуэхъунщ пэIэщIэ,
къайгъэи зэныкъуэкъуи фиIэжынкъым.

11 Зи гур къабзэм, зи псалъэр IэфIым
хуэхъунщ пащтыхьыр ныбжьэгъу[a].

12 Тхьэуэ Зиусхьэным и нэIэ тет зэпытщ щIэныгъэ
нэсым,
цIыху тхьэгъэпцIым и псалъэм иритынкъым
гъуэгу.

---

*a* **22:11** Е «Зи гур къабзэм и псалъэр IэфIщ икIи абы хуэхъунщ ныбжьэгъу пащтыхьыр».

13 Щхьэхынэрщ зи псэлъафэр:
«Аслъэнщ уэрамым къыдыхьауэ дэтыр!
СыдэкIыу щытмэ – сытекIуэдэнущ!»

14 ДэхащIэ хуэдэурэ хамэ цIыхубзым урешалIэ
мащэ куум;
Тхьэуэ Зиусхьэным и ней зыщыхуар абы
ихуэнщ.

15 Дехьэхыр делагъэм сабиигур –
изыхынур ар абы чы уэгъуэщ.

16 Мылъкум щхьэкIэ тхьэмыщкIэр дэзыкъузэмрэ
цIыху бейхэм кIэ имыIэу етэмрэ
кIэщI дыдэу унэхъунущ.

***ЦIыху Iущхэм къащIэна псалъэ щэщI***

17 ЦIыху Iущхэм жаIэм уэ щIэдэIу гупсэхуу,
щIэныгъэу уэстми уи гур хузэIух.
18 Ибгъэлъмэ ахэр уигу,
темыкIыу телъмэ ахэр уи бзэгупэ –
хъужынщ уи гуапэ.
19 Тхьэуэ Зиусхьэным уи дзыхь телъыным щхьэкIэщ
ущIыхуэзущийр сэ нобэ уэ а псом.
20 Ныпхуэстхыгъатэкъэ сэ уэ жыIэгъуэ щэщI,
чэнджэщкIэ узэдарэ щIэныгъэ защIэу,
21 псалъэ пэжкIэ зэджэм уасэу иIэр пщIэрэ,
лIыкIуэ узыщIым жэуап нэсыр
къыхуэпхьыжыфу ухъун папщIэ.

**– 1 –**

22 «Дэхуэхащ» хужыпIэу цIыху тхьэмыщкIэм лей
иумых,
дауафэу яIэри умыщI ищIагъ.

23 Абыхэм я щхьэщыжакIуэщ Тхьэуэ Зиусхьэныр,
тегушхуэгъуафIэ хъуахэм я лъи ищIэжынущ.

## – 2 –

24 Губжьыхым зыпумышэ,
умыщI псэлъэгъу цIыху тэмакъкIэщIыр,
25 армырамэ – уахуэхъунщ гъуэгуэгъуи,
уи IитIкIэ птIыжа мащэм уихуэжынщ.

## – 3 –

26 УемыпIэщIэкI зыгуэрми ухуэхъуну шэс,
птыжыну хамэ щIыхуи хьэкъ зыщумыщIыж,
27 къызыхэпхын щыуимыIэм деж птыжынур,
тепIэн-щIэлъыну узытелъри
къыпщIатхъынущ.

## – 4 –

28 Пасэрей гъунапкъэу адэжьхэм тур зытращIар
умыгъэIэпхъуэ.

## – 5 –

29 И Iуэху хуэIэпэIэсэ цIыхур плъагъурэ?
Хуэхъунущ пащтыхьым ар блыгущIэт,
ар япэ къэсым хуэлIыщIэнукъым.

## ТIЮЩIРЭ ЕЩАНЭ IЫХЬЭ

### – 6 –

1 Тетыгъуэ зиIэм удэшхэну ущытIыскIэ,
умыщIыкIэншэ, зыхуэсакъыж,
2 уцIыху шхэкIейуэ щытмэ,
шыIагъэ зыхэгъэлъ.
3 Шхын хэплъыхьауэ къралъхьэми уи пащхьэ
уемыхъуапсэ –
абы къуэлъ псори пщIэркъым уэ зищIысыр.

### – 7 –

4 Мылъку угъуеиным зыдебгъэхьэхыу зумыухыж,
къэувыIэр пщIэн хуэдизу зыхэгъэлъ Iущыгъэ.
5 Мылъкур уэсэпсщ, напIэдэхьеигъуэм кIуэдыжынущ,
зищтэнурэ бгъэ хуарзэу уэгум ихьэжынущ.

### – 8 –

6 Быдэм и Iэнэ упэрымытIысхьэ,
шхын хэплъыхьауэ кърилъхьэми уи пащхьэ
уемыхъуапсэ.
7 КъыбжиIэу щытми: «ефэ, ешхэ» –
къыпхуззэIухакъым абы и гур,
къыптригъэкIуэдарщ ар зэгупсысыр[a].

---

*a* **23:7** Пасэрей журтыбзэкIэ тха Iэрытхым къыщыкIуэ псалъэхэм къарыкIыр гурыIуэгъуэ дыдэкъым, зэрызэдзэкIами къигъэлъагъуэр иIэнкIэ хъуну мыхьэнэхэм языхэзырщ.

8 Уи гур къигъэкIуэнщ пшха тIэкIуми,
фIыщIэгуапэу пщIари кIуэдыжынщ.

**– 9 –**

9 УмыщI псэлъэгъу цIыху акъылыншэр,
къыфIэIуэхункъым абы уи псалъэ Iущхэр.

**– 10 –**

10 Пасэрей гъунапкъэу тур зытращIар умыгъэIэпхъуэ,
зеиншэхэм я хьэси уемыIэб.
11 Абыхэм Щхьэщыжакlуэу къащхьэщытыр лъэщщ,
къыппэщIэувэнщи Ар, я Iуэхур зэфIихынщ.

**– 11 –**

12 Уи гур хузэIух ущием,
щIэныгъэ зыхэлъ псалъэми щIэдэIу.

**– 12 –**

13 УтемыплъэкъукI сабий зэраным,
зы фэлъыр ихыгъуэм къришынщ кIуэдыпIэ ар[a].
14 Ущымысхьи зы чы уэгъуэм –
щыпхъумащ ажалым ар.

**– 13 –**

15 Си щIалэ, Iущыгъэр уигу илъ зэпытмэ,
гушхуагъэ къысхэхъуэнущ сэри.
16 ГуфIэ-гупсэм зэщIищтэнущ си псэр,
уи бзэгупэ псалъэ пэж къытекIмэ.

---

*a* 23:13 Е «фэлъыр ихыгъуэм иукIынкъым ар».

**– 14 –**

17 Гуэныхь зылэжьхэм уемыфыгъуэ,
сыт щыгъуи фIэлIыкI уэ Тхьэуэ Зиусхьэным:
18 уи зы пщэдей махуэ къыпищэнщ махуищэ,
гугъапIэу пщIыхэми яIэнкъым кIуэд.

**– 15 –**

19 КъызэдаIуэт, щIалэ, акъылым хэгъахъуэ,
гъуэгу захуэми теухуэ уигу.
20 Уахэмыхьэ фадэм дихьэххэм,
уемыблэ лыми:
21 фадафэмрэ ныбаблэмрэ хъунщ щIэх тхьэмыщкIэ,
ешхэ-ефэрэ жей Iувым хилъэфэж зэпытри
факъырэ фэнжейр иIыгъыу хыхьэжынщ.

**– 16 –**

22 Зипкъ укъикIа уи адэм хуэжыIэщIэ,
жьы хъуа уи анэми нэмыплъ иумыт.
23 Пэжыгъэр зэгъэгъуэти, зыIэщIумыгъэкI,
Iущыгъэм, ущием, акъылым лъыхъуэ зэпыт.
24 Хэтщ гуфIэгъуэ мыухыжым цIыху захуащIэм и адэр,
зи бын Iущри мэгушхуэ.
25 ИрегуфIэ уи адэ-анэр,
ирегушхуэ укъэзылъхуа уи анэр!

**– 17 –**

26 Къэгъазэт, щIалэ, уи гур си дежкIэ,
зоумыусыгъуэджэуи си гъащIэм тех уэ щапхъэ.
27 ЗэгъащIэ: цIыхубз дэхуэхар – хуэдэщ мащэ куум,
хамэ цIыхубзри псыкъуий щIэншэм ещхьщ:

28 хъунщIакIуэм хуэдэу ар къыппотIысри
цIыхухъу гъэпцIакIуэхэр егъэбагъуэ.

## – 18 –

29 Хэт уэуэур зи махуэр?
Хэт уэуитIыр зыгъэшыр?
Хэт къаугъэзэхэшэр?
Хэт тхьэусыхафэ шауэр?
Хэт щхьэусыгъуэншэу къаудыныхьар?
Хэт зи нэхэр иуэжар?
30 Фадэ пIащIэр зи нэрыгъыу,
фомыл фадэм и лъыхъуакIуэрщ.
31 ЗумыгъэгъапцIэ санэплъу сыхъэр къызыхихым,
уеплъамэ, уи гурыIупсыр къэзыгъажэм!
32 Ар блэм хуэдэу къодзэкъэж иужькIэ,
блэ шэрэзым ещхьуи зыкъыпхеукIэж.
33 Уи нэкъыфIэщIхэр къызэщигъэунщ[a],
уи акъылри игъэутхъуэнущ.
34 Узэрихьэнущ хым кърихьэкI кхъухьым илъым
хуэдэу,
кхъухь пкъоущхьэм щыжейм ещхьу.
35 «Къызадзыгъат сэ удын бзаджэр, –
жыпIэжынущ, –
арщхьэкIэ узыр зыхэсщIакъым!
Сыкъаудыныхьыгъат, ауэ ари хъымпIар
сщIакъым.
Зэ сыкъэушамэ, сежьэнт щхьэщIыж!»

---

*a* 23:33 Е «Хамэ цIыхубзхэм къыщIигъэхьэнущ уи нэгу».

## ТIОЩIРЭ ЕПЛIАНЭ IЫХЬЭ

### – 19 –

1 Уемыхъуапсэ цIыху бзаджащIэм,
а гупым уахыхьэнуи ухущIэмыкъу:
2 абыхэм я щхьэ илъыр лей зехьэнырщ,
я бзэгупэ псалъэу къытекIри зы къэмынэу
щIэпхъаджагъэщ.

### – 20 –

3 IущыгъэкIэ яухуэри унэ лъапсэр,
акъылкIэ ягъэув и лъабжьэр.
4 ХъугъуэфIыгъуэбэ лъапIейхэмкIэ
абы и жьэгур ещI щIэныгъэм щыз.

### – 21 –

5 ЗауэлI Iущыр – лъэщщ,
зэхэщIыкI зиIэм и гуащIэми къыхохъуэ.
6 ЩебгъэкIуэкIкIи зауэр, псалъэ Iущу
къыуахьэлIэхэм щIэдэIу;
къыдихынщ ехъулIэныгъэр чэнджэщэгъур
зи бэм.

### – 22 –

7 Пэжыжьэщ цIыху акъылыншэр IущыгъэкIэ зэджэм,
унафэу къаухэсхэм* щыIэкъым хилъхьэн.

## – 23 –

8 Ем хущIэкъум йоджэ цIыху бзаджейкIэ.
9 Акъылыншэм къигупсыс псори гуэныхь
зыпылъщ,
цIыхум гущыкI зыхуищIри щIэнэкIалэрщ.

## – 24 –

10 Укъэдзыхамэ гузэвэгъуэ махуэм,
и уасэкъым лъэщагъэу пкъуэлъым щай.

## – 25 –

11 Ажалым лажьэншэу ирашалIэхэр къегъэл,
укIыпIэм ирашэхэр къаIэщIэх.
12 «ХэтщIыкIакъым дэ абы зыгуэри» –
жыпIэнкIи хъунщ,
ауэ къыпщыхъукъэ уи гум ихъыкI псоми
ПлъапIэм Итыр щыгъуазэу?
Уи гъащIэр Зи Iэ Илъым ар имыщIэу пфIэщIрэ?
Щхьэж ищIам пэкIуэжыр зэритыжынур
хьэкъкъэ?

## – 26 –

13 Къэпшхкъэ фор, си щIалэ, ар икъукIэ
гуакIуэщ,
икIи къыпIурыIэфIэнщ фо хьэкIуэр.
14 ЗэгъащIэ: Iущыгъэри псэм фIэIэфIщ,
къэбгъуэтмэ ар – уиIэщ гъащIэ,
гугъапIэу пщIыхэми яIэнкъым кIуэд.

## – 27 –

15 ХъунщIакIуэм ещхьу захуащIэм и унэ
тIысыгъэ иумыщIылIэ,
и лъапсэри зэрумыпхъуэ.
16 ЦIыху захуащIэр сыт хуэдизрэ мыджэлами[a],
къэтэджыжынущ,
зимыIэ къикI кIуэдыпIэми бзаджащIэхэр
ихуэнущ.

## – 28 –

17 Уи жагъуэгъу джэламэ, умыгуфIэ,
ихуауэ щытми ар кIуэдыпIэм, уигу
тумыгъэпщахэ.
18 Тхьэуэ Зиусхьэным ар щилъагъукIэ,
къыщыхъунщ игъуэджи,
и губжьыр дэхуэхам щхьэщихынщ.

## – 29 –

19 Зумыгъэхь бзаджащIэм и бампIэм,
мыхъумыщIэхэми уемыфыгъуэ:
20 пыбжыкIагъэххэщ мыхъумыщIэхэм я махуэр,
бзаджащIэми и гъащIэр уэздыгъэпс
нэхунэу зэуэ ункIыфIынущ.

## – 30 –

21 ЯфIэлIыкI, си щIалэ, Зиусхьэну уи Тхьэмрэ
пащтыхьымрэ,
абы запэщIэзысэхэр умыщI уэ пэщIэщIэгъу.

---

*a* **24:16** Журт. «блэней джэлами», «блэгъуэгуэгъуэ джэлами». «Блы» бжыгъэр Iуэхур нэсу зэрызэфIэхьар, ирикъуу зэрызэфIэхар, щыз зэрыхъуар къэзыгъэлъагъуэ дамыгъэу зэрыщытым и щапхъэхэм куэдрэ журтыбзэм ущрохьэлIэ.

22 Тхьэшхуэри пащтыхьри яхуэхъунщ абыхэм
напIэзыпIэм хуэфI,
хэти ищIэн мыбы бэлыхьлажьаеу
къыхэкIынур зыхуэдизыр?

### *ЦIыху Iущхэм жаIауэ иджыри зы псалъэ гуп*

23 ЦIыху Iущхэщ мы псалъэхэри жызыIар:

ЩIагъуэкъым нэфI-ней зыхэлъ хьэкумыр.
24 Къуаншэр хей зыщIым
цIыху цIыкIум я нэлатыр къилэжьащ,
лъэпкъыбэм я гыбзафэри хуагъэш.

25 Мысэм и хьэкъыр езыгъэгъуэтыр ехъулIэнщ,
хъуэхъубэхэри хуагъэшынщ.

26 Жэуап щыпкъэр –
ныбжьэгъу пэжым къыуишэкIа IэплIэм
хуэдэщ[a].

27 Уи губгъуэ хьэсэхэр зыхуей хуэгъази,
Iуэхуфэу илъыр ух,
мис итIанэ унэ пщIынуми ухуитщ.

28 ЦIыхум щыхьэтыпцIу укъыхуэмыув,
псалъэ пцIыIуэпцIышэм зыщыдзей.
29 ЖумыIэ: есщIэжынущ къызищIар,
къызипэсар еспэсыжынущ!

30 СыблэкIт зэгуэрым цIыху щхьэхынэм и хьэсэм,
цIыху акъылыншэм и жызум хадэм:
31 соплъри, къуацэжь-пабжьэжьу зэщIэкIэжащ,
удзыжьми зэщIищтэжащ,

*a* **24:26** Журт. «къыпхуищIа бам хуэдэщ».

и мывэкъалэхэри къэсэхыжащ.
32 СызыщIэгупсысыжащ а псор щыслъагъум,
сыщеплъыжыпэм – къыхэсхащ акъыл:
33 мащIэу укъыпыжеикIынщ, мащIэу ущхьэукъуэнщ,
уи Iэр уи щхьэ щIэдзауэ тIэкIуи ущылъынщи,
34 къыптеуэнщ итIанэ къулейсызыгъэр
хъунщIакIуэм[a] ещхьу,
къыплъэщIыхьэнщ тхьэмыщкIагъэри
хъырцыжьым хуэдэу.

## ТIОЩIРЭ ЕТХУАНЭ IЫХЬЭ

### *Иджыри Сэлмэн къыжиIауэ нэгъуэщI зы псалъэ гуп*

1 Ехьудейм и пащтыхь ХъызэкIахь[b] и цIыхухэм зэхуа-
хьэсыжа Сэлмэн и гъэсэпэтхыдэхэм ящыщщ мыхэри:

2 Тхьэм и лъапIэныгъэр Iуэхуфэм щэхур
зэрыхилъхьэм хыболъагъуэ,
пащтыхьым и инагъыр а псор
къызэрихутэфымкIэ къыбощIэ.

3 УафэщIыр здынэсри, щIы лъащIэр здехри,
пащтыхьыр зэгупсысри – зэхэщIыкIыгъуейщ.

4 Упщэжу щытмэ дыжьыныжьыр,
иIэнщ дыщэкIым дыжьын фалъи
къызыхищIыкIын;

*a* **24:34** Е «хьэулейм».
*b* **25:1** Ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ хуэгъэфэщауэ 715-686 гъэхэм Ехьудей щIыналъэм и Iэщхьэтету щыташ.

5 пэIэщIэ хуэпщIу щытмэ пащтыхьым цIыху бзаджащIэр,
захуагъэри лъэ быдэкIэ и пщыгъуэ щыувынщ.

6 ЗыкъыщыпфIэмыщIыж пащтыхьым и пащхьэ,
щыпхуэмыфащэм умыжьантIэщIэкъу;
7 уи напэр лIыщхьэхэм я пащхьэ щытекI нэхърэ
нэхъыфIщ къыбжаIэмэ: «Къыдыхьэ, къыдэкIуэтей!»

Уи нитIкIэ плъагъупауэ щытми Iуэху мыхъумыщIэ,
8 уемыпIэщIэкI хьэкумым хъыбар ептыну.
Iуэхур икIэм нэсрэ,
уи гъунэгъум ар къихьэхурэ уигъэукIытэжмэ, сыт пщIэжынур?

9 Дауафэ хууиIэу щытмэ уи гъунэгъум,
нэгъуэщIым и щэхур умыIуатэ.
10 ЦIыхум ар зэхахрэ уагъэукIытэжым,
текIынщ игъащIэкIэ уи напэр.

11 Дыщэ тхыпхъэр[a] зыхэлъ дыжьын фалъэм ещхьщ
игъуэу жыIа хъуа псалъэр.

12 Iущым и гие псалъэр абы и тхьэкIумэ тегъэхуауэ щIэдэIум зрилъытыр
дыщэ тхьэгъурэ дыщэ Iэлъынрэщ.

13 Гъэмахуэ шылэм узыгъэщIыIэтыIэ псы щIыIэм хуэдэщ[b]
лIыкIуэ пэжыр ар зыIуэхум дежкIэ:
къыхуехьыр гупсэхугъуэ зыгъэкIуам.

*a* **25:11** Е «мыIэрысэхэр».
*b* **25:13** Журт. «уэс къесым хуэдэщ».

14 Уэшхыншэ пшагъуэмрэ жьыбгъэм ещхьщ
имыщIа тыгъэхэмкIэ зыщытхъужыр.

15 УнафэщIыр шыIагъэкIэ къыдэпхьэхынщ,
зи бзэ IэфIым къупщхьэми зыдегъэш.

16 Ухуэзамэ уэ фо Iэгу – пщыкIуэн хуэдиз хэшхыкI,
армырмэ уигу къигъэкIуэнщ.
17 Апхуэдэщ ныбжьэгъури: и унэ куэдрэ улъимыхьэ,
армыхъумэ – укъиужэгъунщи,
къыпхуищIынщ гущыкI.

18 Токъумакъыу яшэщIырщ, сэшхуэу ягъабзэрщ
е шабзэшэу ягъэпсырщ зэщхьыр
нэгъуэщIым щыхьэтыгъэ нэпцIкIэ тегушхуэр.

19 Дзэуэ IущIыкIам, лъакъуэу къыдэмыбзым хуэдэщ
гузэвэгъуэ махуэм ущыгугъыныр цIыху
тхьэгъэпцIым.

20 Махуэ щIыIэбжьым нэгъуэщIым и щыгъын
щIыIутелъ щызыхым
е абы и уIэгъэм псыхуэш тезыкIэм хуэдэщ
гукъыдэж зимыIэм уэрэд нэжэгужэ
къыхуизышыр.

21 Уи бийр мэжалIэмэ – гъашхэ,
псыхуэлIэм иубыдамэ – псы егъафэ;
22 укъекIуэкIмэ апхуэдэу – укIытэм игъэсынщ абы
и напэр[a],
уэ Тхьэуэ Зиусхьэным и нэфIри къыплъысынщ.

23 Ищхъэрэжьым уэшхыдзэр къызэрихьым ещхьу
бзэгузехьэми къызэщегъэур губжьыр.

---

*а* 25:22 Журт. «и щхьэфэ игъэсынщ дэп пщтырым».

24 Фыз жьэмыгъэпсэхум и гъусэу зы унэ ущIэс нэхърэ
нэхъыфIщ пкIэунэм уисми.

25 ПсыхуэлIэм иубыдам дежкIэ псы щIыIэтыIэм хуэдэщ
щIыпIэ жыжьэ къиIукI хъыбарыфIыр.

26 Псынащхьэ утхъуам е псынэпс уфIеям ещхьщ
захуащIэу бзаджащIэм зезыгъэгъапцIэр.

27 Фо бэшхыу* ущытыным хэлъкъым зыфI,
щIэмычэу щытхъум упэплъэнри щIагъуэкъым.

28 Зи мывэчор зэтеуэжа къалэм ещхьщ
шыIагъэ зыхэмылъ цIыхур.

## ТIОЩIРЭ ЕХАНЭ IЫХЬЭ

1 Гъэмахуэ шылэм къеса уэсым, гъавэ хыжыгъуэм къешха уэшхым хуэдэу
къемызэгъщ цIыху акъылыншэм ущытхъуныр.

2 Бзу IубыбыкIыжым, пцIащхъуэ зэхэзелъатэм ещхьу
хейм траIуа гыбзафэ бзаджэхэри техуэнукъым.

3 ЩIопщыр – шым, шхуэIур – шыдым,
чы цIынэр – акъылыншэм щхьэкIэщ.

4 Делэм и делагъэ упэмыджэж,
армыхъумэ укъызэрыкIэрыху щымыIэу ещхь ухъунщ.

5 Делэм и делагъэ пэджэж,
армыхъумэ нэхъ Iущ щымыIэу
зыкъыфIэщIыжынщ.

6 Езыр-езыру фэбжь бзаджэр зрехыж,
и IэкIэ бэлыхьми зыхедзэж
акъылыншэм хъыбарегъащIэу дзыхь хуэзыщIым.

7 Лъашэм и лъэр зэрызэрилъафэм ещхьущ
жыIэгъуэ Iущхэр акъылыншэм
зэрызэригъэзахуэри.

8 Мывэр мывэдзым* иупхкIэ пхуэдзыну?!
Акъылыншэм пщIэ хуэпщIынри зэщхьыр арщ.

9 БанапцIэ къудамэр чэфым зэрыIэщIэлъым ещхьущ
жыIэгъуэ Iущхэр акъылыншэм
зэрызэригъэзахуэри.

10 Зэхэдз имыщIу псори уIэгъэ зыщI шабзауэм
ещхьщ
акъылыншэр е япэ къэсыр лIыщIэу зыщтэр[a].

11 Хьэр и къэжьахуэ къызэрекIуэлIэжым ещхьу
делэми и делагъэ къытригъэзэж зэпытщ.

12 Хуэдэ щымыIэу Iущу зыкъызыфIэщIыжа цIыхур
плъагъукъэ?! –
Абы нэхърэ акъылыншэм иджыри нэхъ
узыщегъэгугъ.

13 Щхьэхынэм и псэлъафэщ:

---

a 26:10 Пасэрей журтыбзэкIэ тха Iэрытхым къыщыкIуэ псалъэхэм къарыкIыр гурыIуэгъуэ дыдэкъым, зэрызэдзэкIами къигъэлъагъуэр иIэнкIэ хъуну мыхьэнэхэм языхэзырщ.

«Аслъэныр гъуэгум тетщ!
Аслъэныр уэрамым щокIукI!»

14 Бжэм бжэеIулIым къез-незурэ зыдегъазэ,
щхьэхынэри аращ: и пIэм хэлъщ джэрэзу.

15 Щхьэхынэм и Iэр шхыным хуехьри,
ар и жьэм ихьыжыну къохьэлъэкI.

16 Гупсысэр зэрагъэзахуэу псалъэ цIыхуибл нэхърэ
цIыху щхьэхынэм нэхъ зыфIэIущщ.

17 Хьэр тхьэкIумакIэкIэ зезылъафэм ещхьщ
блэкIрэ пэт и Iуэху зыхэмылъ ныкъуакъуэм
хэIэбэр.

18 И акъыл икIауэ лыгъэ мафIэр къызыхэлъэлъ
ажалышэр зыпхъым ещхьщ
19 и гъунэгъур игъапцIэрэ
иужькIэ «СыгушыIауэ арат!» жызыIэжыр.

20 Пхъэ темылъыжым мафIэр мэужьыхыж,
бзэгу зыхэмылъ псалъэмакъри мэIэсэж.

21 ФIамыщIым дэпыр, пхъэм мафIэр,
цIыху бырсырым зэныкъуэкъур
къызэщIагъаплъэ.

22 Бзэгузехьэм и псалъэр хуэдэщ шхын хэплъыхьам,
гущIэ лъапсэми щызу зыщегъэзагъэ.

23 Дыжьыныпс егъэфа кхъуэщыныжьым хуэдэщ
гужьгъэжьыр псалъэ IэфIкIэ[a] щIэзыуфэр.

---

*a* **26:23** Е «гущIэ псалъэкIэ».

24 Бийр къыщопсалъэкIэ фэрыщIщ,
и гущIэ лъапсэм щызэрихьэри бзаджагъэщ.
25 ДэхащIэу щытми абы и псалъэ – дзыхь хуумыщI,
бзаджэнаджиблым я тIысыпIэщ и гур.
26 Ущэхуами лъагъумыхъуныгъэр фэрыщIыгъэкIэ,
къыщыщIэщыжынущ зэм-зэм бзаджагъэр
цIыху цIыкIум я пащхьэ.

27 Мащэ зытI мащэ ихуэжынщ,
мывэр зыгъэжари мывэм хуэзэжынщ.

28 ПцIыупсым игъэгуIэхэм гужьгъэжь яхуиIэщ,
щытхъуакIуэ нэпцIми уигъэунэхъунущ.

## ТIЮЩIРЭ ЕБЛАНЭ IЫХЬЭ

1 Пщэдейрей махуэхэмкIэ узыщымытхъуж,
пщIэркъым абы къыпхуахьыну псор зыхуэдэр.

2 Узыщымытхъуж, умыхъу щытхъущхьэхуэIуатэ,
нэгъуэщIым уи цIэр къырыреIуэ,
ирехъу ар уи фIыщIэIуатэ.

3 ХьэлъафIэщ мывэр,
псынщIагъуэу щыткъым пшахъуэр,
ауэ акъылыншэм къуит бампIэгъуэр нэхъ
хьэлъэжщ.

4 ГущIэгъу ищIэркъым губжьам,
губжьыхри Iэубыдыпlэншэщ,
ауэ гурыщхъуэщIыр псоми ятокIуэж.

5 Лъагъуныгъэ мыIуатэм нэхърэ
гие нахуэр куэдкIэ нэхъыфIщ.

6 Жагъуэгъум и фоупс псалъэу[a] узытхьэлэм нэхърэ
ныбжьэгъу пэж и псалъэ пхъашэхэр
нэхъыфIщ, уаугIэу щытми.

7 Ныбэизым фо хьэкIуэри щыкIуэркъым,
мэжэщIалIэм дыджри IэфI къыщохъу.

8 Абгъуэхъуэж зыщIа бзум хуэдэщ
и унэ зыбгына цIыхур.

9 Дыхумрэ щыхуэн дагъэ гуакIуэмрэ гум
зэрыIэпихым хуэдэу
гухэхъуэщ ныбжьэгъу и чэнджэщыфIхэм
уедэIуэнри.

10 Уи щауэгъурэ уи адэ и ныбжьэгъужьрэ
умыбгынэ;
ущыгузавэми Iыхьлым я деж умыжэ,
къуэш жыжьэ нэхърэ ныбжьэгъу гъунэгъур
куэдкIэ нэхъ къыпщхьэпэнущ.

11 Тет дунейм цIыху Iущу, щIалэ, сигу хэгъахъуэ,
сщIэнущ мис итIанэ жесIэнур сызижагъуэм.

12 ЩилъагъукIэ цIыху губзыгъэм къыпэщылъ
шынагъуэр – зыхуещI пэIэщIэ,
жыIэзыфIэщым и гъуэгу и занщIэщ –
къекIынщ и лажьэ бзаджэр.

13 Хамэм шэс хуэхъуам и щыгъын щIыIутелъыр
тхьэкъу,

---

*а* **27:6** Журт. «и ба пщтырхэу».

шэсыпIэ къинам ар уи шэс щIыхуэм пэкIуэу
фIэубыд.

14 Пщэдджыжь нэмэзым и макъ къызэрихькIэ
и гъунэгъу фIэхъускIэ жьэхыхьэм
гыбзафэкIэ щIигъанэущ абы зэрилъытэнур.

15 Уэшх къешхым и Iэуэлъауэ зэпымыужым хуэдэу
фыз жьэмыгъэпсэхури шэчыгъуейщ;
16 ар зыубыдыну иужь ихьэр – жьыбгъэр иубыдыну
е IэкIэ дагъэр зыIэщIикъузэну елIалIэм хуэдэщ.

17 ГъущIыр гъущIым егъэжан,
цIыхури цIыху щIыжщ.

18 Ахъуэ* жыг хадэр елIалIэу зыщIэм и бэври
кърихьэлIэжынщ,
зи унафэщI хуэмыбэлэрыгъми пщIэ иIэнщ.

19 Псым хэплъэм и нэгур къызэрытещым хуэдэу
цIыхум и гум еплъым ар зищIысыр
къилъэгъунщ.

20 Хьэдрыхэ лъахэм ищIэкъым зыгъэнщI жыхуаIэр,
цIыхум и хъуапсэхэри икIкъым.

21 Дыжьыныр ягъэджылри япщэж,
дыщэри ягъэткIури якIыщтэ,
цIыхури щытхъукIэ ягъэунэху.

22 Гуэдзым ещхьу делэр гухъукIэ бгуми,
и делагъэр къыхэбгуфыкIынукъым.

23 Уи хъушэхэм кIэлъыплъ зэпыт,
уи Iэщхэми уи нэIэ ятегъэт:
24 мылъкур уэсэпсым хуэдэщ, мэкIуэдыж,

тетыгъуэри адэжь щIэину игъащIэкIэ
зэIэпахынкъым.
25 Мэкъу Iэнэр ящтэжу удзыщIэр
къыщызэщIэрыуэжкIэ,
мэкъупIэхэм аргъынэр щыхадзэжкIэ,
26 укъахуэпэнщ уи щынэщIылъхухэм*,
бжэн хъушэри къыпхуэхъунщ уэ щIапIэ уасэ.
27 Уи щхьэм щхьэкIи, бынунэм папщIи,
унэIут цIыхубзхэми Iыхьэ къахухэкIыу
уиIэнщ бжэнышэр мис итIанэ уэ къолыжу.

## ТIОЩIРЭ ЕЯНЭ IЫХЬЭ

1 ЩIэпхъуауэ мажэр цIыху бзаджащIэр,
зэхэзехуэн зыщIа щымыIэ пэтми,
аслъэным хуэдэу зэтелъщ игу-и щхьэ цIыху
захуащIэм.

2 Хабзэншагъэр щыз хэгъэгум* кIэ имыIэу
Iэтащхьэм зыщызэблахъу,
унафэщI Iущыр щытепщэр лъэ быдэкIэ мэув.

3 ЦIыху тхьэмыщкIэу факъырэр дэзыкъузэр
гъавэр зыхьыж уэшхышхуэм хуэдэщ.

4 Тхьэм и Хабзэр зыIэщIэхум бзаджащIэхэм я
щытхъу еIуатэ,
Хабзэм гурэ псэкIэ бгъэдэтыр абыхэм япэщIэтщ.

5 Захуагъэр сыт ищIысми ищIэркъым бзаджащIэм,
Тхьэуэ Зиусхьэным и гъуэгур
къэзылъыхъуэхэм ар зищIысыр ягуроIуэ нэсу.

6 Гъуэгу пхэнж ирикIуэ цIыху хуэщIахэм нэхърэ
зи гъуэгупэр захуэм хуэгъэза тхьэмыщкIэри
нэхъыфIщ.

7 Тхьэм и Хабзэм емыбакъуэр – бын губзыгъэщ,
мыхъумыщIэр зи пэшэгъур – адэм и напэтехщ.

8 Хэхъуэшхуэкlэ щIыхуэ ятурэ ягъэбэгъуа мылъкур
зэгуэр тхьэмыщкIэм гущIэгъу хуэзыщIым
къыхуэнэнщ.

9 Тхьэм и Хабзэ едэIуну зыщызыдзейм
и тхьэлъэIури гущыкIыгъуэщ.

10 ЦIыху захуэр ем и гъуэгу тезышэр
мащэу итIым ихуэжынущ,
зи гур къабзэм фIыгъуэшхуэр къыпагъаплъэ.

11 Бейм Iущу зыкъыщохъуж,
ауэ акъыл зиIэ цIыху тхьэмыщкIэм ар зэуэ
къыщIегъэщ.

12 ЗахуащIэм текIуэныгъэр къыщыдихкIэ,
гуфIэгъуэм инурэ зеIэт,
бзаджащIэм бжьыпэр щиубыдкIэ,
цIыху цIыкIум заудыгъу.

13 Илэжьа гуэныхьыр щIэзыхъумэм
къыдэхъункъым зыфI,
ар зыдэзыщIэжу тобэ къэзыхьыжым
Тхьэм и нэфIыр къыщыхуэнщ.

14 Тхьэуэ Зиусхьэным фIэлIыкIыр теуващ гъуэгу
махуэ,
ерыщ екIуа цIыху гурымыкъыр хуэзэнущ
тхьэмыщкIагъэ.

15 ЦIыхубэм епхъэшэкI Iэтащхьэ ерур
ещхьщ аслъэн гъуахъуэм е мыщэ губжьам.

16 Акъыл зимыIэ Iэщхьэтетым цIыхуцIэ зиIэр
егъэхыщIэ,
мылъку хьэрэм зыщызыдзейр хъунущ гъащIэ
кIыхь.

17 Лъы игъэжам игъэхыщIэ цIыхум
и дуней Iыхьэр иухыхукIэ уэху жригъэIэнкъым;
щIэгъэкъуэн апхуэдэм хэти хуремыхъу![a]

18 Шынагъуэ иIэкъым захуагъэм тет зэпытым,
зи гъуэгур нашэкъашэр кIуэдынущ зэуэзэпсэу.

19 Къыхуихуэнкъым мэжэщIалIагъэр зи щIы
Iыхьэр зылэжьыжым,
гугъэ нэпцIхэм кIэлъыпхъэрыр
тхьэмыщкIагъэм игъэнщIынщ.

20 IуэхукIэ щыпкъагъэ зыхэлъ цIыхум и гухэлъ
псори къехъулIэнщ,
мылъкушхуэ щIэнэцIыр гува-щIэхами
ягъэпшынэнущ.

21 ЩIагъуэкъым нэфI-ней зепхьэну;
итIаникI хьэлу Iыхьэ щхьэкIэ мыхъумыщIэ
зыщIэфыни къахокI.

22 Нэпсейр бей хъуным щIэхъуэпс зэпытщ,
и гущхьэ лъапсэми къридзэркъым
тхьэмыщкIагъэр къызэрыщIыхьэнур.

---

*a* **28:17** Пасэрей журтыбзэкIэ тха Iэрытхым къыщыкIуэ псалъэхэм къарыкIыр гурыIуэгъуэ дыдэкъым, зэрызэдзэкIами къигъэлъагъуэр иIэнкIэ хъуну мыхьэнэхэм языхэзырщ.

23 Къоубзэм нэхъэ
къогие цIыхум иужькIэ нэхъ фIыщIэ
хуэпщIыжынущ.

24 И адэ-анэм едыгъуэжрэ
ищIа щымыIэу къызыфIэщIыжыр –
сыткIэ нэхъыфI лIыукIым нэхърэ?

25 Нэпсейм къызэщIегъэстыр зэныкъуэкъур,
унэнущ Тхьэуэ Зиусхьэным щыгугъ цIыхур.

26 Хэтми, зыщыгугъыжыр – акъылыншэщ,
Iущыгъэр зи Iэпэгъур шынагъэхэм
къелынущ.

27 Дэхуэхахэм защIэзыгъакъуэр хъункъым зэикI
тхьэмыщкIэ,
хъатэ пэмыхьэ ахэр зыщIым* гыбзафэр
и гущIыIу икIынкъым.

28 БзаджащIэм бжьыпэр щаубыдкIэ,
цIыху цIыкIум заудыгъу,
къыщехуэхыжкIи ахэр – захуащIэхэр
нэхъыбэ мэхъу.

## ТIОЩIРЭ ЕБГЪУАНЭ IЫХЬЭ

1 Гиери зэхимыхыжу инат* хъум
напIэдэхьеигъуэкIэ и кIуэдыр къэгъазэ
имыIэжу къыхэкIынщ.

2 ЗахуащIэхэр гуащIафIэмэ – мэгушхуэ цIыхухэр,

бзаджащIэхэр бжьыпакIуэмэ – цIыхубэр
егъэпыхьэ.

3 Iущыгъэр фIыуэ зылъагъу быным адэр егъэгуфIэ,
цIыхубз емыкIущIэр пэшэгъу зыщIым
и мылъкур ирекъухьыр.

4 Пащтыхьым къэралыгъуэм и лъабжьэр
захуагъэкIэ егъэбыдэри,
нэпсейм ар Iулъхьэ защIэкIэ къегъэтIасхъэ.

5 Щытхъу нэпцIкIэ цIыхур дэзышэхым
щыхупIэм ахэр ирешалIэ.

6 И гуэныхьщIагъэм и хъым йохуэжыр цIыху
бзаджащIэр,
захуащIэр нэфIэгуфIэщ, иIэщ гукъыдэж.

7 ТхьэмыщкIэм и дауафэр цIыху захуащIэм деж
ноIусыр,
ауэ абы хуэдэгущ бзаджащIэр.

8 ЦIыху щIэнэкIалэм къызэщIегъэстыр жылэр,
Iущым ар егъэужьыхыж.

9 Iущыр акъылыншэм щедауэ щIыпIэм
губжьымрэ щIэнакIэмрэ щыкуэдщ,
гупсэхугъуи щыIэкъым абдеж.

10 Лъыифым тралъагъуэ хъуркъым цIыху
лажьэншэр мы дунейм,
захуащIэхэрщ абы я щхьэщыжакIуэр[a].

11 Акъылыншэм и губжьыр къурекIут,

---

a 29:10 Е «захуащIэхэми я псэр ягъэныну ахэр хэтщ».

губзыгъэм хэлъщ шыIагъэ.

12 Iэщхьэтетыр щыдишэххIэ пцIым,
блыгущIэту иIэри бзаджащIэ мэхъур.

13 ТхьэмыщкIэмрэ гъэпщылIакIуэмрэ зыкIэ зэщхьщ:
тIуми Тхьэуэ Зиусхьэным гъащIэ къаритащ.

14 ТхьэмыщкIэм и гукъеуэм пащтыхьыр захуэу бгъэдыхьэмэ,
и тетыгъуэр ныбжьи* ужьыхынкъым.

15 Фэлъырымрэ гиемрэщ Iущыгъэр къызыхэкIыр,
бын мыгъэсам и укIытэгъуэ хэтщ хэмыкIыу анэр.

16 ЦIыху бзаджащIэм щаубыдкIэ бжьыпэр, хохъуэ хабзэншагъэм,
захуащIэхэм я нэгу щIэкIынущ ахэр зэрыкIуэдыр.

17 Уи бын еущие зэпыти,
гупсэхугъуэ къуитыжынщ,
уигъэлъагъунщ гухэхъуэ куэди.

18 Уэхьий* къахуэмыкIуауэ щытмэ,
IэубыдыпIэншэ мэхъур цIыхур,
Тхьэм и Хабзэ емыбакъуэр теуващ гъуэгу махуэ.

19 Псалъэ гъущэкIэ пщылIыр пхуэгъэсэнкъым:
гурыIуэ щхьэкIэ, даIуэркъым.

20 Зи гупсысэм япэ псалъэр изыгъэщ цIыхур плъагъурэ?!

Абы нэхърэ акъылыншэм иджыри нэхъ
узыщегъэгугъ.

21 ПщылIыр цIыкIу щIыкIэ щыбгъэкIмэ,
 уи шым къэкIэсу уанэгур пфIищтэжынкIэ
тIэу еплъынкъым[a].

22 Акъылцыджым къызэщIегъэстыр зэныкъуэкъур,
шыIагъэ зыхэмылъри дапщэщи
гуэныхьщIакIуэщ.

23 ИгъэикIэнщ зэгуэр пагагъэм цIыхур,
зызыгъэцIыкIури зэгуэр ялъытэжынщ.

24 Дыгъум къуэтыр хуохъужыр и щхьэм
и жагъуэгъу,
гыбзафэр зэрыхуагъэшыр зэхихрэ пэт[b],
зеущэхур.

25 ЦIыхум щышынэм лъахъэ зрелъхьэжыр,
Тхьэуэ Зиусхьэным щыгугъыр хъунщ
шынагъэм пэIэщIэ.

26 Куэдыр щогугъ и Iэщхьэтет и нэфIым,
захуагъэр къыздикIыр Тхьэуэ Зиусхьэным
дежкIэ пэт.

27 ЗахуащIэхэм я жагъуэщ цIыху мыхъумыщIэр,
бзаджащIэми я жагъуэщ цIыху захуэр.

---

*a* **29:21** Пасэрей журтыбзэкIэ тха Iэрытхым къыщыкIуэ псалъэхэм къарыкIыр гурыIуэгъуэ дыдэу щымыт пэтми, Iуэхур дахэкIэ зэримыухынур нахуэу къыхощ.

*b* **29:24** Тэурэт Хабзэм ипкъ иткIэ, щIэпхъаджагъэр щIэзыуфэ щыхьэтым гыбзэр хуагъэшырт, Тхьэми цIыхухэми я нэлатыр зэрытелъыр кърагъэлъагъуэу.

## ЕЩЭЩІАНЭ ІЫХЬЭ

### *Агъур и псалъэхэр*

1 ЯкІэхь и къуэ Агъур[a] къыхуэкІуа псалъэхэр[b].
Мыращ абы ІитрэІилрэ Іухьэлрэ яжриІар[c]:

2 ЦІыхуцІэ зиІэм сэ нэхъ акъмыкъ яхэткъым,
зэхэщІыкІ жыхуаІэм щыщ збгъэдэлъкъым.
3 Іущыгъэри зищІысым сыхурагъэджакъым;
Тхьэуэ ЛъапІэр къэпцІыхуныр сытми
сщІэркъым.
4 Хэт уафэ къатиблым дэкІыу къэзыгъэзэжар?
Хэт щыІэ жьыбгъэр къиубыдыфауэ?
Хэт псыр уафэпшэхэм изыгъэзагъэр?
Хэт щІыгу гъунэхэр зыгъэувар?
Хэт хъуну ар? Сыт и къуэм и цІэр?
КъызжепІэркъэ, зыгуэр хэпщІыкІыу щытмэ?

5 Тхьэм и дэтхэнэ псалъи къабзэщ,
Абы щыгугъхэм Ар я пшапэІудзщ*.
6 ЩІумыгъу Абы и псалъэхэм зыгуэри:
зэ мыхъуми Ар уэ къогиинущ,
цІыху пцІыІуэпцІышэуи
укъыщІидзыжынущ.

---

*a* **30:1** Зыщыщми къызыхэкІами теухуауэ хъыбар зыри щыІэкъым. НэгъуэщІыпІэ дежи и цІэм ущрихьэлІэжкъым.
*b* **30:1** Е «мэсей лъэпкъым щыщ ЯкІэхь и къуэ Агъур и псалъэхэр».
*c* **30:1** Е «ЖиІащ а цІыхум: – Сешащ, си Тхьэ, сешащ, си Тхьэ. СхулъэкІыжкъым».

7 СыпсэухукIэ къысхуэпщIэну, Тхьэшхуэ,
IуэхугъуитIкIэ сынолъэIур Уэ:
8 си бзэр тхьэрыIуэпцIымрэ пцIы
зэфэзэщымрэ пэIэщIэ хуэщI,
беигъэкIи къулейсызыгъэкIи укъызэмытэу
ерыскъы IыхьэкIэ Уэ къысхуэупсэ,
9 уи пащхьэ ныбэизыгъэкIэ сыщыудафэу
«Хэт Тхьэуэ Зиусхьэныр?» жызмыIэным
щхьэкIэ,
сыдэхуэхрэ дыгъуэныр щэн схуэхъуу
си Тхьэм уи цIэр сымыгъэулъиин папщIэ.

10 Пщым и пащхьэ и пщылIыр щумыщI
пцIытелъхьэпIэ,
и гыбзэр къыплъэIэсынщи, хэпхынщ
лажьэ.

11 ЩыIэщ цIыху, хуагъэшу адэхэм гыбзафэр,
къэзылъхуа анэхэми хуэфащэ пщIэ
хуамыщIу.
12 ЩыIэщ цIыху, сыткIи зафIэкъабзэу,
фIейм лъакъуащхьэкIэ яутэу зэрыхэтыр
ямыщIэжу.
13 ЩыIэщ цIыху пагагъ яхэлъу плъэуэ,
я плъэкIэми нэмыплъ къыуиту.
14 ЩыIэщ цIыху я дзэпкъыр джатэм хуэдэу жану,
я дзэпэфIанэхэри хуэдэу сэм:
тхьэмыщкIэу тетри щIы хъурейм,
цIыху хуэмыщIауэ щыIэри яхуэшхынущ.

15 ИIэщ, жаIэ, пхъуитI псыдыуэм.
«Иджыри! – жаIэри мэкIий. – Иджыри!»

ЩыIэщ Iуэхугъуищ, игъащIэм иримыкъуну,
хэбгъэзыхьмэ, мэхъур плIы «ирикъунщ»
жызымыIэнур:

16 хьэдрыхэр,
лъхугъэ зыхэмыкI пкъыр,
псыкIэ иримыкъуа щIыгур,
«хъунщ!» жызымыIэну мафIэр.

17 И адэ щIэнакIэу хуеплъэкIым,
и анэ и жыIэ елъэпауэм
вынд-къуалэм и нэр яуIунщ,
бгъэжь шырхэми я Iус хъужынщ.

18 ЩыIэщ Iуэхугъуищ, сэркIэ телъыджащэу,
хэбгъэзыхьмэ, къызгурыIуэн слъэмыкIхэр
мэхъур плIы:
19 уэгум ит бгъэжьым и хуэрэзэкIэр,
къырыгум ит блэм и зепщыпщэкIэр,
хыгум тес кхъухьым и есыкIэр,
хъулъхугъэр пщащэм зэрекIуалIэ щIыкIэр.

20 Зинэ зыщIэ цIыхубзыр мыпхуэдэурэ мэзекIуэ:
машхэри и Iупэ щилъэщIыжкIэ,
«Мыхъун гуэри сщIакъым» жеIэр.

21 Iуэхугъуищым егъэзджыздж мы щIыгур,
хэбгъэзыхьмэ, мэхъур плIы ар зыгъэщэIур:
22 пащтыхь хъуа пщылIыр,
ныбэизыгъэкIэ щыкIа цIыху акъылыншэр,
23 ялъагъу мыхъу цIыхубзу унагъуэ ихьар,
унэIут бзылъхугъэу гуащэм и пIэ иувар.

24 ЩIыгум тетхэм щыщу плIыр халъытэ цIыкIухэм,
арщхьэкIэ ахэр Iущым я Iущыжщ:
25 псэущхьэ лъэщкъым хъумпIэцIэджыр,
арщхьэкIэ гъэм и кIуэцIкIэ щIымахуэм
хуогъэтIылъэ;
26 гуащIэшхуэ иIэу пхужыIэнкъым къурш
дзыгъуэм,

арщхьэкIэ и псэупIэр къыр дзакIэм
трещIыхь;
27 мацIэми ямыIэ пашэ*,
арщхьэкIэ зыуэ-зыпкъыу теуэ ящIыр;
28 къыпхуэубыдынущ IэкIэ шындырхъуори,
арщхьэкIэ ари пащтыхь сэрейхэм*
щызэхэзожэ.

29 Щыщ зэрыхъур щIым лъэ быдэкIэ теувэр,
хэбгъэзыхьмэ, мэхъур плIы зи кIуэкIэ
лъэщыр:
30 псэущхьэу щыIэм япщщ аслъэныр,
зыгуэрми худидзыхынукъым и гъуэгу абы;
31 адакъэпщыр,
ажэ пашэр,
дзэр зезышэ дзэпщыр.

32 ЗыкъыпфIэщIыжу делагъэ пIэщIэщIамэ,
е мыхъун гуэр уигу къэкIыгъауэ щытмэ, –
уубыдкъэ уи жьэр!?
33 Шатэм уеуэм тхъущ къыщIидзыр,
уIурыуэмэ нэгум къыщеудыр лъыр,
губжьри зэщIэбгъэстмэ, къыхэкIыр
зэныкъуэкъущ.

## ЩЭЩIРЭ ЕЗАНЭ IЫХЬЭ

### *ЛэмрэIил и псалъэхэр*

1 Анэм и ущиеу пащтыхь ЛэмрэIил жиIэжахэр[a]:

---

[a] 31:1 Е «мэсей пащтыхь ЛэмрэIил жиIэжахэр».

2 Си кIэтIий кIапэу уэ си щIалэ,
си тхьэлъэIухэм я жэуапу згъуэта си щIалэ!
3 Бзылъхугъэм ятумыухэ уи цIыхухъу гуащIэр,
пащтыхьхэр зэкIуэдылIэм уи къарур
иумыгъэкIуэщI.

4 БжызоIэ, ЛэмрэIил, пащтыхьхэм
зыдрагъэхьэхкъым санэм,
хъуркъым фадэ щхьэкIэ Iэщхьэтетхэр
нэхъуеиншэ.
5 Армыхъумэ игъэудэфэнщи, хабзэм
иригъэбэкъуэнщ,
тхьэмыщкIэм я хуитыныгъэри иукъуэнщ.
6 КIуэдыпIэ итхэм яхуэфший фи фадэр,
гуIэгъуэр зыкIуэцIылъхэр фи санэми къевгъафэ.
7 Къыхрефи фадэм, ящрегъупщэ тхьэмыщкIагъэу
ябгъэдэлъыр,
абы къыщыфIэкIам къремыкIыж я гум илъ
бэлыхьхэр.

8 И щхьэ къыщыжыну зылъэмыкIым и цIэкIэ
къэпсалъэ,
цIыху дэхуэхахэми къэув я телъхьэу.
9 Захуагъэм укъыщыжу псалъэ,
тхьэмыщкIэхэмрэ хуэмыщIахэмрэ я
хуитыныгъэми щIэбэн.

### ФызыфIым и щытхъу[a]

10 ФызыфIыр дэнэ къипхын?
Налкъутналмэсхэм ар йолъэпIэкI.
11 АбыкIэ лIым игу-и щхьэ зэтелъщ:

---

*a* **31:10-31** Iэрытхым мы пычыгъуэр акроусыгъэкIэ зэджэ усэ гъэпсыкIэм тету ухуащ: журт алыфбейм хэт хьэрфхэм я зэкIэлъыкIуэкIэм техуэу дэтхэнэ зы едзыгъуэри кърегъажьэ.

ар и Iэпэгъуу къыщIэхуэнкъым зэикI,
12 и гъащIэ Iыхьэкlи
щхьэгъусэм къыхуихьынур фIыгъуэщ, екъым.

13 Цымрэ чэтэнымрэ* зэрегъэгъуэтри,
игу етауэ ахэр ещIэ.
14 Кхъухь чыракIуэм* ещхьщ ар,
и щIакхъуэ Iыхьэр дэни къыщегъуэт.
15 Нэхумыщым ар щIотаджэ,
унагъуэм яхуопщафIэ,
унэIут цIыхубзхэм Iуэхур ятрегуашэ.

16 Гъавэ щIапIэм гупсэхуу йоплъри, ар къещэху,
и пщIэнтIэпс хьэлэлым къыщIэкIамкIэ
егъэтIысыр жызум хадэр.
17 Сыт хуэдэ зы Iуэхуи гурэ псэкIэ йоувалIэр,
сытми и Iэхэр хуэлъэщщ.
18 Iуэхуу ищIэм хъер къызэрыдэкIуэм ар щыгъуазэщ,
кIуасэркъым жэщыбгми и уэздыгъэр.

19 ИгъэтIылъкъым и цыкIуэкIыр зэикI,
цыкIуэкIыкIыр быдэуи иIыгъщ,
20 тхьэмыщкIэмкIэ и Iэгур и Iэнащхьэщ,
хуэмыщIами хуохъу ар щIэгъэкъуэн.
21 ЩIымахуэ хъуакъэ, ищIэркъым къыхэщт:
щыгъын зэтелъ тIуащIэкIэ бынунэр
ихуэпакIэщ.

22 И гъуэлъыпIэм щащыху тепхъуэхэр къыхуещI,
чэтэн плъыжьыпцIэ пIащIэкIэ езыми
зыкъехуапэр.
23 Хасэр зэхыхьамэ, цIэрэ щхьэрэ щиIэщ и лIым –
ар хэку тхьэмадэхэм ящыщщ.
24 Чэтэн щыгъынхэр ещIри ещэ,
бгырыпххэр сатуущIхэми ярещэр.

25 ЩIыхьрэ щэныфIагъэрэщ[a] и фащэр,
пщэдейрей махуэхэм пожажьэр гуфIкIэ.
26 И псалъэр узэдащ Iущыгъэк Iэ,
ущиефIхэр и бзэгупэ пылъ зэпытщ.
27 Унагъуэ Iуэхухэм текIкъым зэикI и нэIэ,
Iуэхуншэ шум и щIакхъуэ Iыхьи ишхкъым.

28 ЗэщIотаджэр бынри – щытхъуфэхэр хуагъэш,
и щхьэгъуси псалъэ дахэхэр къыжреIэр:
29 «Хэлъкъым шэч фызыфIхэр зэрыщыIэм,
ауэ уэ ппэхъун къэхъуакъым».

30 НэпцIщ гуакIуагъэр, дахагъэри уэсэпсщ,
ауэ Тхьэуэ Зиусхьэным фIэлIыкI цIыхубзым
щытхъу хуэфащэщ.
31 Къилэжьа фIыщIэм ар хэвмыну ефпэсыж,
утыкухэм и щытхъуцIэри щреIу.

---

[a] **31:25** Журт. «ГуащIэрэ щIыхьрэщ».

# «Гъэсэпэтхыдэхэр» тхылъым къыщыкIуэ гупсысэ нэхъыщхьэхэм я цIэгъэлъагъуэ

**Акъылыншагъэ**
1:7, 1:32, 6:32, 9:6, 9:13-18, 10:1, 10:13, 10:14, 10:18, 10:21, 10:23, 12:11, 12:16, 12:23, 13:16, 13:19, 13:20, 14:1, 14:3, 14:7, 14:8, 14:17, 14:18, 14:24, 14:29, 14:33, 15:2, 15:5, 15:7, 15:14, 15:20, 15:21, 16:22, 17:7, 17:12, 17:18, 17:21, 17:24, 17:25, 17:28, 18:2, 18:6, 18:7, 18:13, 19:1, 19:3, 19:10, 19:13, 19:29, 21:20, 23:9, 24:7, 24:9, 26:1, 26:3, 26:6, 26:7, 26:8, 26:9, 26:10, 26:11, 27:3, 27:22, 28:26, 29:9, 29:11, 29:20

**Акъыл-Iущыгъэ**
1:1-2, 1:7, 1:20-33, 2:1-6, 3:13-18, 4:5-9, 8:1-36, 9:1-6, 9:10-12, 10:23, 11:9, 12:8, 13:20, 14:6, 14:33, 15:33, 16:16, 16:21, 16:22, 16:23, 17:24, 18:4, 18:15, 19:8, 21:22, 23:23, 24:3-4, 24:5, 24:14, 28:26

**Бэлыхь**
10:10, 11:8, 11:29, 12:21, 13:17, 13:20, 13:21, 14:1, 15:6, 15:27, 17:20, 21:12, 21:23

**БзэIеягъэ**
10:18, 11:13, 16:28, 18:8, 20:19, 25:23, 26:20-21, 26:22, 30:10

**Губжь**
12:16, 14:17, 14:29, 14:35, 15:1, 15:18, 16:14, 19:11, 19:19, 20:2, 21:14, 22:24-25, 27:4, 29:8, 29:11, 29:22, 30:33

**Гугъэ-гухэлъ**

3:26, 10:3, 10:24, 10:28, 11:6, 11:7, 11:23, 12:2, 12:5, 12:11, 13:2, 13:4, 13:12, 13:19, 14:17, 14:22, 15:22, 15:26, 16:1, 16:3, 18:14, 19:21, 20:5, 20:18, 21:5, 21:25, 23:17-18, 24:14, 28:19, 28:20

**Гузэвэгъуэ-нэщхъеягъэ**

10:1, 10:12, 12:16, 12:25, 14:10, 14:13, 15:13, 15:15, 17:9, 17:22, 18:19, 19:11, 24:10, 25:20

**Гу-псэ**

2:10, 3:1, 3:3, 4:4, 4:23, 6:14, 6:18, 6:21, 7:3, 7:25, 11:20, 12:20, 12:25, 13:12, 14:10, 14:13, 14:30, 14:33, 15:11, 15:13, 15:15, 15:30, 16:9, 16:24, 17:3, 17:20, 17:22, 20:5, 20:9, 21:1, 21:2, 22:15, 23:19, 24:12, 24:13-14, 24:17, 25:20, 26:23, 26:24-25, 27:9, 27:19

**ГуфIэгъуэ**

10:1, 10:23, 11:10, 12:20, 12:25, 14:10, 14:13, 15:13, 15:15, 15:23, 15:30, 16:15, 17:22, 23:24-25, 24:17-18, 29:6

**ГущIэгъу-гулъытэ**

11:17, 12:10, 14:21, 14:31, 19:17, 20:28, 21:10, 25:21-22, 28:27

**ГъащIэ**

3:1-2, 3:16, 3:18, 3:21-22, 4:4, 4:10, 4:13, 4:20-22, 4:23, 6:23, 8:35, 9:11, 10:16, 10:17, 10:27, 11:19, 11:28, 11:30, 12:28, 13:9, 15:24, 15:27, 16:17, 19:23, 21:21, 22:4, 24:14

**Гъэсэныгъэ**

13:24, 19:18, 20:30, 22:6, 22:15, 23:13-14, 29:15, 29:17, 29:19, 29:21

**Гъуэгу**

1:29-31, 2:7-9, 2:12-15, 2:20, 3:5-6, 3:13, 3:17, 3:26, 3:31-32, 4:11-12, 4:14-15, 4:18-19, 4:23, 4:26-27, 5:21, 6:23, 7:25-27, 8:32, 9:6, 10:9, 10:17, 11:5, 11:20, 12:3, 12:15, 12:26, 12:28,

13:15, 14:2, 14:8, 14:12, 14:21, 14:22, 15:9, 15:10, 15:19, 15:21, 15:24, 16:7, 16:9, 16:17, 16:20, 16:25, 16:29, 19:1, 20:7, 20:24, 21:8, 21:16, 22:5, 22:6, 22:9, 23:19, 28:6, 28:10, 28:14, 28:18, 29:18

**Жумартыгъэ**

11:24-26, 19:6, 21:26, 22:9, 31:20

**Захуагъэ**

2:7-9, 2:20-21, 3:32, 3:33, 4:18, 4:26, 8:15-16, 9:9, 10:2, 10:3, 10:6, 10:7, 10:11, 10:16, 10:20, 10:21, 10:24, 10:25, 10:28, 10:30, 10:31, 10:32, 11:1, 11:3, 11:4, 11:5, 11:6, 11:8, 11:10, 11:11, 11:18, 11:19, 11:21, 11:23, 11:28, 11:30, 11:31, 12:3, 12:5, 12:6, 12:7, 12:10, 12:12, 12:13, 12:21, 12:26, 12:28, 13:5, 13:6, 13:9, 13:21, 13:25, 14:2, 14:9, 14:11, 14:32, 14:34, 15:6, 15:8, 15:9, 15:19, 15:28, 15:29, 16:8, 16:11, 16:12, 16:17, 18:10, 20:7, 21:3, 21:8, 21:15, 21:21, 21:26, 21:29, 23:24, 24:16, 25:5, 25:26, 28:1, 28:5, 28:6, 28:12, 28:18, 29:2, 29:4, 29:6, 29:7, 29:10, 29:14, 29:26, 29:27, 31:8-9

**Захуагъэншагъэ**

10:2, 11:1, 13:23, 14:34, 15:25, 15:27, 16:8, 16:19, 17:15, 17:23, 17:26, 18:5, 20:10, 20:17, 20:23, 22:22-23, 22:28, 23:10-11, 24:11-12, 24:15-16, 24:23-24, 28:21, 29:4

**Зэныкъуэкъуныгъэ**

3:30, 10:12, 13:10, 15:18, 16:28, 17:1, 17:11, 17:14, 17:19, 18:18, 18:19, 20:3, 22:10, 26:17, 26:21, 28:25, 29:8, 29:9, 29:22, 30:33

**Зинэ зыщIэхэр**

2:16-19, 5:3-23, 6:23-35, 7:4-27, 9:13-18, 22:14, 23:27-28, 29:3, 30:20, 31:3

**КIуэдыпIэ**

1:32, 2:18-19, 3:25-26, 5:3-5, 5:22-23, 7:25-27, 8:36, 9:17-18, 10:2, 10:7, 10:8 , 10:10, 10:14, 10:15, 10:21, 11:3,

11:4, 11:5, 11:7, 11:9, 11:14, 11:15, 11:19, 12:6, 12:7, 12:28, 13:3, 13:6, 13:9, 13:14, 14:11, 14:12, 14:27, 14:28, 14:32, 15:10, 15:11, 15:24, 16:18, 16:25, 17:19, 18:7, 18:12, 18:24, 19:3, 19:9, 19:16, 19:18, 20:20, 21:6, 21:7, 21:16, 21:25, 21:28, 23:13-14, 24:11, 24:16, 26:28, 27:20, 28:18, 29:1, 29:5, 29:16, 31:3

**Лэжьыгъэ**
6:6-11, 10:4, 10:5, 10:26, 11:18, 12:11, 12:14, 12:24, 12:27, 13:4, 13:11, 14:4, 14:23, 15:19, 16:3, 16:26, 18:9, 19:15, 19:24, 20:4, 20:13, 21:5, 21:25, 22:13, 22:29, 24:30-34, 26:10, 26:13, 26:14, 26:15, 27:18, 27:23-27, 28:19

**Лъагъумыхъуныгъэ**
10:12, 10:18, 13:24, 15:17

**Лъагъуныгъэ**
3:3-4, 10:12, 13:24, 14:22, 15:17, 16:6, 17:1, 17:9, 20:28, 21:21, 27:5

**Лъытэныгъэ**
1:8-9, 3:16, 3:35, 4:7-9, 8:18, 10:6, 10:7, 11:16, 11:26, 12:8, 13:18, 14:19, 14:28, 15:33, 16:31, 17:6, 18:12, 19:11, 20:3, 20:29, 21:21, 22:1, 22:4, 25:6-7, 25:27, 26:1, 26:8, 27:21, 29:23, 31:30-31

**ЛъыщIэж**
20:22, 24:29

**Мылъку-беягъэ**
3:9-10, 3:16, 8:18, 10:2, 10:4, 10:15, 10:22, 11:4, 11:16, 11:18, 11:24, 11:25, 11:28, 12:9, 13:7, 13:8, 13:11, 13:22, 14:20, 14:24, 15:6, 15:16, 15:27, 16:8, 16:16, 16:19, 17:8, 17:23, 18:11, 18:16, 18:23, 19:4, 19:6, 19:10, 19:14, 20:21, 21:6, 21:20, 22:1, 22:2, 22:4, 22:7, 22:16, 23:4-5, 27:23-27, 28:6, 28:8, 28:11, 28:16, 28:20, 28:22, 30:8-9

**МыхъумыщIагъэ**

1:10-19, 2:12-15, 2:21-22, 3:29, 3:33, 3:34, 4:14-17, 4:19, 5:22-23, 6:12-15, 9:7-8, 9:12, 10:3, 10:7, 10:10, 10:16, 10:19, 10:24, 10:27, 10:28, 10:29, 10:30, 10:32, 11:3, 11:5, 11:6, 11:7, 11:8, 11:10, 11:18, 11:19, 11:20, 11:21, 11:23, 11:27, 11:31, 12:2, 12:3, 12:5, 12:7, 12:20, 12:21, 12:26, 13:1, 13:2, 13:5, 13:6, 13:9, 13:15, 13:21, 13:22, 13:25, 14:6, 14:9, 14:11, 14:17, 14:19, 14:21, 14:22, 14:32, 14:34, 15:6, 15:8, 15:9, 15:12, 15:26, 15:28, 15:29, 16:4, 16:6, 16:27, 16:29, 16:30, 17:4, 17:5, 17:11, 17:19, 17:20, 19:25, 19:28, 19:29 , 20:9, 21:4, 21:7, 21:10, 21:11, 21:12, 21:18, 21:24, 21:27, 22:5, 22:8, 22:10, 22:12, 24:1-2, 24:9, 24:16, 24:19-20, 26:23, 26:24-26, 28:1, 28:12, 28:13, 28:28, 29:2, 29:6, 29:8, 29:16, 29:22, 29:27

**Напэ**

3:35, 12:4, 13:5, 13:18, 14:34, 14:35, 18:3, 19:26, 20:27, 25:6-7, 25:9-10, 25:21-22, 28:7

**Нэпсеягъэ**

11:24, 11:26, 15:27, 21:26, 23:6-8, 27:20, 28:8, 28:20, 28:22, 28:25, 30:15

**...нэхърэ ...нэхъыфIщ**

12:9, 15:16, 15:17, 16:8, 16:16, 16:19, 17:1, 17:12, 19:1, 19:22, 21:9, 21:19, 22:1, 25:24, 27:5, 27:6, 28:6

**Нэчыхь**

5:15-20, 11:16, 12:4, 14:1, 18:22, 19:13, 19:14, 21:9, 21:19, 25:24, 27:15-16, 31:10-31

**Ныбжьэгъугъэ**

13:20, 14:20, 17:9, 17:17, 18:24, 19:4, 19:6, 20:6, 22:24-25, 25:16-17, 27:6, 27:9, 27:10

**Пагагъэ**

3:7-8, 6:16-17, 8:13, 11:2, 13:10, 13:13, 16:5, 16:18, 16:19, 17:19, 18:12, 21:4, 21:24, 25:6-7, 26:12, 27:1-2, 28:11, 29:23, 30:32

**Пэжыгъэ**

3:3-4, 8:6-8, 11:1, 11:13, 12:5, 12:17, 12:19, 12:22, 13:17, 14:5, 14:22, 14:25, 16:6, 16:13, 19:22, 20:28, 23:23, 24:26, 25:13, 28:20

**Псалъэ-бзэ**

2:12, 2:16, 5:3-4, 8:6-9, 10:6, 10:8, 10:10, 10:11, 10:13, 10:14, 10:19, 10:20, 10:21, 10:31, 10:32, 11:9, 11:11, 11:12, 12:6, 12:13, 12:14, 12:18, 12:19, 12:22, 12:25, 13:2, 13:3, 13:5, 14:3, 14:23, 15:1, 15:2, 15:4, 15:7, 15:23, 15:26, 15:28, 16:21, 16:23, 16:24, 16:27, 17:4, 17:7, 17:27, 17:28, 18:2, 18:4, 18:6, 18:7, 18:13, 18:20, 18:21, 19:13, 20:15, 20:19, 21:9, 21:19, 21:23, 22:11, 22:14, 24:26, 25:11, 25:15, 26:7, 26:9, 28:23, 29:5, 29:19, 29:20

**ПцIы**

2:12, 2:16, 3:32, 4:24, 6:16-19, 6:24, 7:5, 8:7, 8:13, 10:18, 11:3, 11:20, 12:13, 12:17, 12:19, 12:20, 12:22, 13:5, 13:15, 14:5, 14:25, 17:4, 17:7, 17:20, 19:1, 19:5, 19:9, 19:22, 20:17, 21:6, 22:12, 24:28, 25:19, 26:18-19, 26:28, 29:12, 30:8

**Сакъ**

4:23, 4:25-27, 14:15, 14:16, 19:2, 19:16, 20:25, 21:20, 21:29, 22:3, 22:5, 23:1-3, 27:12

**Тезыр**

10:13, 11:21, 13:24, 15:10, 16:5, 17:5, 17:10, 17:11, 19:5, 19:19, 19:25, 19:29, 20:22, 20:30, 21:11, 26:3

**Тепщэныгъэ**

8:15-16, 11:14, 12:24, 14:28, 14:35, 16:10, 16:12, 16:13, 16:14, 16:15, 19:10, 19:12, 20:2, 20:8, 20:26, 20:28, 21:1, 22:8, 22:11, 24:21-22, 25:2, 25:3, 25:4-5, 28:2, 28:15, 28:16, 28:28, 29:2, 29:4, 29:12, 29:14, 29:16, 29:26, 31:3-5, 31:8-9

**ТхьэлъэIу**

14:9, 15:8, 15:29, 20:25, 21:3, 21:27, 28:9

**Тхьэм и губжь**

3:32, 6:16-19, 11:1, 11:4, 11:20, 11:23, 12:2, 12:22, 14:2, 15:8, 15:9, 15:26, 16:5, 17:15, 20:10, 20:23, 24:18

**Тхьэм и лъэкIыныгъэ**

5:21, 8:22-31, 15:3, 15:11, 16:1, 16:2, 16:4, 16:9, 16:10, 16:33, 17:3, 19:21, 20:12, 20:24, 21:1, 21:2, 21:12, 21:30, 21:31, 24:11-12

**Тхьэм и нэфI**

2:7, 3:1-2, 3:13-18, 3:33-34, 8:18, 8:32, 8:34, 10:22, 10:24, 11:1, 11:20, 11:28, 12:2, 12:22, 12:24, 13:4, 13:13, 13:21, 14:9, 14:21, 15:6, 15:8, 15:9, 15:22, 15:26, 16:3, 16:20, 17:8, 18:22, 19:8, 20:7, 21:3, 21:21, 22:9, 25:21-22, 28:13, 28:14, 28:20, 29:18

**Тхьэм и нэIэ**

2:7-8, 3:25-26, 10:3, 10:29, 14:26, 14:27, 15:25, 16:6, 18:10, 19:23, 22:12, 22:22-23, 23:10-11, 30:5

**Тхьэм фIэлIыкIыныр**

1:7, 9:10, 10:27, 16:6, 14:2, 14:26, 14:27, 15:16, 15:33, 19:23, 22:4, 23:17-18, 24:21-22, 28:14, 31:30

**Тхьэм щыгугъыныр**

3:5-6, 16:20, 20:22, 28:25, 29:25, 29:26, 30:5

**ТхьэмыщкIагъэ**

6:10-11, 10:3, 10:4, 10:15, 11:24, 12:9, 12:11, 13:7, 13:8, 13:18, 13:23, 13:25, 14:20, 14:23, 14:31, 18:23, 19:1, 19:4, 19:7, 19:17, 19:22, 20:13, 21:5, 21:13, 21:17, 22:2, 22:7, 22:22-23, 23:20-21, 28:3, 28:6, 28:11, 28:19, 28:22, 28:27, 29:7, 29:13, 29:14, 30:8-9, 30:14, 31:8-9

**Унагъуэ-бын**

10:1, 10:5, 11:29, 12:4, 13:1, 13:22, 13:24, 14:1, 14:11, 14:26, 15:20, 17:6, 17:21, 17:25, 18:22, 19:13, 19:14, 19:26, 20:7,

20:11, 20:20, 21:9, 21:19, 22:6, 22:15, 23:13-14, 23:22-25, 25:24, 27:8 , 27:11, 27:15-16, 28:7, 28:24, 29:3, 29:15, 29:17, 30:11, 30:17, 31:10-31

**Ущие-гие**

1:7, 1:8-9, 3:1-2, 3:11-12, 4:1-2, 4:13, 5:12, 6:20-24, 7:1-3, 8:10, 8:33, 9:7-9, 10:8, 10:17, 12:1, 13:1, 13:13, 13:14, 13:18, 15:5, 15:10, 15:12, 15:31, 15:32, 16:20, 17:10, 19:20, 19:25, 19:27, 21:11, 23:12, 23:23, 25:12, 27:5, 27:6, 28:23, 29:1

**Фадэ**

20:1, 23:20-21, 23:29-35, 31:4-7

**Фыгъуэ**

3:31, 14:30, 23:17, 24:1, 24:19, 27:4

**ХъыбарегъащIэ**

13:17, 25:13, 25:25, 26:6

**ЦIыхур ищIам хуэзэжыныр**

11:27, 11:31, 12:14, 13:2, 14:3, 14:14, 18:20, 18:21, 21:13, 22:8, 24:12, 26:27, 27:18, 28:10

**Чэнджэщ**

1:5, 8:14, 11:14, 12:5, 12:15, 13:10, 15:22, 18:1, 19:20, 20:18, 24:6, 27:9

**ШэсыпIэ ихьэныр**

6:1-5, 11:15, 17:18, 20:16, 22:26-27, 27:13

**ШыIагъэ**

12:16, 14:29, 15:18, 16:32, 17:27, 18:21, 19:11, 20:3, 25:15, 25:28, 29:11, 29:22

**ЩхьэгъэпцIэж**

12:11, 12:15, 14:12, 16:2, 16:25, 18:11, 18:17, 20:6, 21:2, 30:12

**ЩхьэзыфIэфIагъ**
1:24-32, 10:17, 12:1, 12:15, 13:1, 13:13, 14:16, 15:5, 15:10, 15:32, 18:1, 18:2, 19:27, 28:9, 28:14, 29:1

**Щхьэщытхъуагъ**
17:19, 25:14, 27:1, 27:2

**Щыхьэтыгъэ**
12:17, 14:5, 14:25, 19:5, 19:9, 19:28, 21:28, 24:28, 25:18

**ЩIэныгъэ**
1:4-5, 2:6, 2:10, 8:9, 8:10, 8:12, 10:14, 12:1, 12:23, 13:16, 14:6, 14:18, 15:2, 15:7, 15:14, 17:27, 18:15, 19:27, 22:12, 22:17, 22:20, 23:12, 24:4

**Iулъхьэ**
15:27, 17:8, 17:23, 21:14, 28:21, 29:4

# ДжакӀуэ

## Пащтыхь Ӏущым и гупсысэхэр

### Пэублэ псалъэ

*Зэрытха пасэрей журтыбзэмкӀэ тхылъым зэреджэр «Кохелет»-щ. Апхуэдэущ абы къыхэӀукӀ макъыр зейр зэрызэджэжыр, а фӀэщыгъэми абы фӀэкӀа ФӀыцӀагъэ ЛъапӀэм зыщӀыпӀи ущрихьэлӀэжкъым. «Кохелет» фӀэщыгъэр «пэкӀу», «жылэ зэӀущӀэ» къызэрыкӀ «кахал» пасэрей журт псалъэм къытокӀ, «зэӀущӀэр зэхэзышэ», «цӀыхубэм щӀэныгъэр ялъэзыгъэӀэс», «щӀэныгъэм къыхуезыджэ» жиӀэущ къызэрыбгурыӀуэнури. «Кохелет»-р пасэрей урымыбзэкӀэ «экклезиастес» жиӀэу зэрадзэкӀащ. Ар езыр «кахал» псалъэм мыхьэнэкӀэ техуэ «экклезиа»-м къытокӀ. Тхылъыр нэхъыбэм зэрацӀыху «Экклезиаст» фӀэщыгъэцӀэр къуэпскӀэ зэкӀуэлӀэжри аращ. Тхылъыр адыгэбзэм къыщидгъэтӀасэм пасэрей фӀэщыгъэм хэлъ мыхьэнэ псори къызэщӀиубыдэу «ДжакӀуэ» жытӀэу фӀэтщыныр къызыхэкӀари аращ.*

*Тхылъым къызэрыхэщымкӀэ, ДжакӀуэр «Ерусэлим щыпащтыхь Даут и къуэщ» (1:1). Ар цӀыху Ӏущщ, гупсысакӀуэщ. Дунейм щекӀуэкӀыр зэригъэщӀэну, «мы уафэм и щӀагъым» (1:3, 1:9, 1:13, нэгъуэщӀхэри)*

*къыщыхъу псори къихутэну, щыIэныгъэм и мыхьэнэр, мыухыж насыпыр зищIысыр зэхигъэкIыну иужь итщ ДжакIуэр. «Мы уафэм и щIагъым цIыхум гугъуехьыр пылъу щилэжьыр сытым и щхьэпэ?» (1:3) – щIоупщIэ ар. Езырами, нэгъуэщIхэрами, дэтхэнэри гъащIэм зыIуигъауэ Iуэхугъуэхэм деж къыщрегъажьэри, псэуху кIэ хъуэпсапIэу илъытэу цIыхур зыхущIэкъу псори къанэ щымыIэу егъэунэхур – мылъкури, къулыкъури, тхъэгъуэри, нэгъуэщI куэдри. Гъэунэхуныгъэу ищIахэми псори зэрыпщIэншэм, дунейм щекIуэкIым къикI щIагъуи зэрыщымыIэм ирашалIэ. ГъащIэм игу зэрызэщигъэуари ДжакIуэм мызэ-мытIэу къызэриIуатэ «хевел» пасэрей журтыбзэ псалъэм «Iу бахъэ», «жьы щабэ» жиIэу аращ къикIыр. Ауэ псалъэр тхылъым зэрыхэувэр «напIэзыпIэм блэкI», «зыми щымыщ», «пщIэ зимыIэ», «зэхэщIыкIыгъуей» жиIэу иIэ мыхьэнэ зэхьэкIахэмкIэщ.*

*Сыт-тIэ апхуэдизу цIыхум мыухыж насыпу илъытэм щIылъэIэсыгъуейр? ДунеижьымщекIуэкI псом елъытауэ цIыху гъащIэр зыми зэрыщымыщыр ДжакIуэм и фIэщщ: пIалъэ гуэр зэрыдэкIыу жиIари, ищIари, къехъулIари ящыгъупщэжынущ икIи яIэщIэхужынущ. «ЛIэужьхэр зэблокI: зыр къохъу, зыр малIэ, дунеижьращ кIуэдыж зимыIэр», – щыжеIэ тхылъым (1:4). ДжакIуэм мызэ-мытIэу къытригъэзэжурэ трегъэчыныхь мылъку бгъэдэлъу хуэщIауэ псэуми, хуэмыщIауэ зи гъащIэр зыхьми, Iущми, Iулэми пIалъэ зэраIэр – дэтхэнэми ажалыр къапэщылъщ. Сыт къэмыхъуми, цIыхум и Iэ илъ зэрыщымыIэр, абы мащIэ дыдэ зэрелъытар, сытми игъуэрэ и пIалъэрэ зэриIэр рену жиIэ зэпытщ ДжакIуэм. Дауи, щIэныгъэ зэгъэгъуэтынри, захуагъэм тету псэунри фIыщ, узыфIэкIи мыхъунщ, арщхьэкIэ гъащIэ кIыхьрэ зыхуей псомкIи зэгъэпэща хъуа щыIэкIэрэ абы къыпхуахьынкIэ угугъэнри*

*щхьэгъэпцIэжщ. ГъащIэм щэхуу хэлъыр апхуэдизкIэ гурыIуэгъуейщ, къэхъунури къэщIэгъуейщи, ар ауэ сытми зэрымыщIэкIэ къэунэхуа гуэру загъуэрэ къыщыпфIэщI щыIэщ.*

*«Дауэ-тIэ узэрыпсэунур?» жаIэу щIэупщIэхэм ДжакIуэр йоущие: кIуэрабгъу зыхуамыгъуэтхэмрэ шэч къызытрахьэхэмрэ зрагъэзэгъыну, я Iэ зыри зэримылъми еувэлIэну. И Iэнэ зэрыузэдам, ныбжьэгъуфIхэр зэриIэм, пIэщхьагъ тынш зэригъуэтам, ищIэнрэ ишхынрэ зэриIэм щыгуфIыкIыфу, хъер хилъагъуэу цIыхур дунейм тетын хуейщ. Апхуэдиз фIыгъуэр къызыбгъэдэкIыр Тхьэращ, зи тыгъэри Аращ. А псом хэтхъыкIыфынри Тхьэм цIыхум хуищIа унафэхэм ящыщщ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэр – Тхьэм уфIэлIыкIыу, уи дзыхь ебгъэзу упсэунращ. Дунейр къэзыгъэщIам и пащхьэ цIыхур щихьэжкIи, ищIамрэ илэжьамкIэ жэуап щитыжынущ.*

## ЯПЭ IЫХЬЭ

[1] ДжакIуэм[a], Ерусэлим щыпащтыхь Даут и къуэм, и джэпсалъэр.

### *ГъащIэр пщIэ зимыIэщ*

2 Псори пщIэншэщ[b], –
жеIэр ДжакIуэм, –
псори пщIэншэщ,
зыми къикI щыIэкъым.

3 Мы уафэм и щIагъым
цIыхум гугъуехьыр пылъу щилэжьыр
сытым и щхьэпэ?
4 ЛIэужьхэр зэблокI:
зыр къохъу, зыр малIэ,
дунеижьращ кIуэдыж зимыIэр.
5 Дыгъэр къыкъуокIыр, къуохьэжыр,
къыщытэджа щIыпIэм
щетIысэхыжынуи хуопIащIэ.
6 Жьыбгъэр ипщэкIэ зэрохьыр,
ищхъэрэкIи зэрохьэхыр –
кIэ имыIэу зопщэр, зопщэр,

---

*a* **1:1** Пасэрей журтыбзэкIэ тха Iэрытхым къыщыкIуэ «кохелет» псалъэм «зэIущIэр зэхэзышэ», «цIыхубэм щIэныгъэр ялъэзыгъэIэс», «щIэныгъэм къыхуезыджэ» жиIэу аращ къикIыр.

*b* **1:2** Пасэрей Iэрытхым куэдрэ къыщыкIуэ мы псалъэм «Iу бахъэ», «жьы щабэ» жиIэу аращ къикIыр. Ауэ псалъэр текстым зэрыхэтыр «напIэзыпIэм блэкI», «зыми щымыщ», «пщIэ зимыIэ», «зэхэщIыкIыгъуей» жиIэу иIэ мыхьэнэ зэхьэкIахэмкIэщ.

зыщиублa щIыпIэми егъэзэжыр.
7 Псыежэххэр хышхуэм хуожэ,
арщхьэкIэ къыщхьэпрыжккъым абы зэикI.
Псыежэххэр мажэ зэпыт, ужьыхи ямыIэ.
8 Уатозашэр псоми – Iуэтэжыгъуейщ,
уеплъкIи зыбгъэнщIкъым,
уедэIукIи пхуэухккъым.
9 ЗыкъеублэрэкIыж блэкIам,
къэхъукъащIэуи щыIахэм къагъэзэж.
Мы уафэм и щIагъым щIэткъым
къытезымыгъэзэж!
10 «Еплъыт, мыр сыт гъэщIэгъуэн!»
щыжаIэ щыIэщ,
арщхьэкIэ ари блэкIа лIэщIыгъуэхэм,
дыкъэхъун ипэкIэ, щыIа гуэрщ.
11 Ди япэ итахэр зыщIэж щыIэкъым,
дунейм иджыри къытемыхьахэр
абы къакIэлъыкIуэнухэми ягу
къэкIыжынукъым.

## *ЦIыхум и Iэужьри, и Iущыгъэри пщIэ зимыIэщ*

12 Сы-ДжакIуэщ, ИсрэIилым срипащтыхьу Ерусэ-
лим сыдэсащ. 13 Мы уафэм и щIагъ къыщыхъу псори
къэсхутэну, IущыгъэкIи згъэунэхуну зестащ. Тхьэм
цIыху цIыкIум пщэрылъ къыщищIауэ Iуэху хьэ-
лъэщ ар. 14 Мы уафэм и щIагъ къыщыхъу псоми сы-
хэплъащи, зы къэмынэу пщIэншэщ, зи щхьэпи щы-
Iэкъым[a].

15 Пхуэузэхужынкъым гъэшар,
щымыIэри къыпхуэмылъытэн.

---

a 1:14 Зи щхьэпи щыIэкъым – Журт. «жыбгъэми укIэлъыжэ хуэдэщ». Еплъ 1:17; 2:11; 2:17; 2:26; 4:4; 4:6; 4:16; 6:9.

16 Сэр-сэрурэ сегупсысыжащи, Iущыгъэрэ щIэныгъэу
куэд зэзгъэгъуэтащ, Ерусэлим си япэ щыпащтыхьахэм а
псомкIи сащхьэпрыкIыжащ. 17 Абы щыгъуэщ Iущыгъэр
зищIысыр, акъылыншагъэмрэ делагъэмрэ къызыхэкIыр
зэзгъэщIэну зыщестар, арщхьэкIэ ари зи щхьэпэ зэры-
щымыIэр къызгурыIуащ.

18 Iущыгъэр зи бэм
нэщхъеягъуэр и бэщ,
щIэныгъэр уи куэдыхукIэ
гухэщIми ухэмыкI.

## ЕТIУАНЭ IЫХЬЭ

### *Гур хэзыгъахъуэхэми, дуней хъугъуэфIыгъуэхэми пщIэ яIэкъым*

1 «ГурэпкIырагъэ гуэр зесхьэнщи зызгъэунэхужынщ,
фIагъыу хэлъыр зыхуэдэр зэзгъэщIэнщ», — жысIэри
сегупсысащ. АрщхьэкIэ ари пщIэншэу къыщIэкIащ.
2 ДыхьэшхыкIеиныр акъылыншагъэу къэслъытащ, гу-
рэпкIырэным къыпхуихь зэрыщымыIэри зэхэсщIыкIащ.
3 Фадэр зэш теупIэ сщIыну тезубыдащ, акъылым и гъунэм
симыкIыу делагъэ зесхьэнуи тезухуащ: къыхуиуха гъащIэ
тIэкIур мы уафэм и щIагъым щIэту щезыхьэкI цIыхум
ифI зыхэлъыр къэсхутэну сыхуейт.
4 Iуэхушхуэ зыбжанэ згъэхъащ: унэхэр сщIащ, жызум
хадэхэри згъэтIысащ, 5 пхъэщхьэмыщхьэу къапымыкIэ
щымыIэу жыг хадэхэмрэ мэз тIэкIухэмрэ зезгъэукъуэди-
ящ. 6 Хадэхэм къыщыкI жыгхэр псы щымыщIэн щхьэ-
кIэ псыгуэнхэри изгъэувэжащ. 7 Къэсщэхуащ пщылI
цIыхухъуи, пщылI цIыхубзи, абыхэм къащIэхъуэжа

пщылIхэри сиIащ. Iэщ пIащэуи, Iэщ цIыкIууи сиIар
ебэкIырт тетыгъуэр Ерусэлим щызыIыгъа дэтхэнэ зыми
иIам нэхърэ. 8 Зэхуэсхьэсащ дыщи дыжьыни, къесхьэлIащ
пащтыхьыгъуэхэмрэ щIыналъэхэмрэ мылъкуу ярылъри.
УэрэджыIакIуэ цIыхухъухэри, уэрэджыIакIуэ цIыхубз-
хэри си куэдт, цIыхухъугум и щIасэу бгъафэ чэсейхэри[a]
си мащIэтэкъым.

9 Щхьэ лъапIэныгъэу къызахымкIэ Ерусэлим си япэ
щыпсэуа дэтхэнэ зыми сыфIэкIыжат, ауэ акъылыр Iэ-
щIыб зэикI сщIакъым. 10 Си нэр здэплъэм сыплъащ, си
гум фIэигъуэми сыпэрыуакъым. СщIэ псоми сыщы-
гуфIыкIырт – си лэжьыгъэм къыпэкIуэми ар я щхьэт.
11 АрщхьэкIэ си IэщIагъэ сыхэплъэжщ, гугъуехьу сшэча
псоми сегупсысыжри, къанэ щымыIэу зэрыпщIэншэри,
зи щхьэпэ зэрыщымыIэри къызгурыIуащ, мы уафэм и
щIагъым сыт къыщымыхъуми, зэрыпсыхэкIуадэри къэ-
слъэгъуащ.

## *Iущыгъэри делагъэри пщIэ зимыIэщ*

12 Iущыгъэр зищIысым, акъылыншагъэмрэ дела-
гъэмрэ зыхуэдэм сегупсысу щIэздзащ. Пэж дыдэу,
пащтыхь тахътэм дэкIуейм сыт ищIэфынур, япэ итам
и щапхъэм иримыгъуазэмэ?[b]

13 Нэхур кIыфIым зэрытекIуэм ещхьу
Iущыгъэр акъылыншагъэм зэрефIэкIыр
къызгурыIуащ.
14 Iущым здэкIуэр IупщIу елъагъу,

---

a 2:8 Бгъафэ чэсейхэри – Пасэрей Iэрытхым къыщыкIуэ псалъэхэм къарыкIыр гурыIуэгъуэ дыдэкъым, зэрызэдзэкIами къигъэлъагъуэр иIэнкIэ хъуну мыхьэнэхэм языхэзырщ. ФIыцIагъэ ЛъапIэм къызэрыхэщымкIэ, Сэлмэн бегъымбарым щхьэгъусэ щиблрэ щIасэ бзылъхугъэ щищрэ иIащ.

b 2:12 Пасэрей Iэрытхым къыщыкIуэ псалъэхэм къарыкIыр гурыIуэгъуэ дыдэкъым.

Iулэр кIыфIым Iэбэрабэурэщ зэрыхэтыр.
Ауэ тIуми а зы пIалъэр къазэрыхуиухари
зэхэсщIыкIащ.

15 «Iулэм къыпэплъэр сэри къыспэщылъмэ, сыткIэ сыхуэныкъуэ-тIэ Iущыгъэм?» — сегупсысащ абы щыгъуэ.
«Мыр гуэрыри пщIэншэщ», — жысIащ сигукIэ.
16 Iущри Iулэри игъащIэкIэ яIэщIэмыхужу зигу илъын щыIэу къыщIэкIынкъым:

игъуэр къэсмэ, тIури ящыгъупщэжынущ.
Iулэм ещхьу, Iущри зэгуэр мэлIэж!

17 Мы уафэм и щIагъым щыхъу-щыщIэ псоми гур зэIищIэу къысщыхъуащ, арыххэуи хуэсщIащ мы гъащIэм гущыкI. Псори пщIэншэщ, зи щхьэпи щыIэкъым.

### *ГуащIэдэкIыр пщIэ зимыIэщ*

18 ПщIэнтIэпсыр къыспыжу къэзлэжьар си ужькIэ
къэкIуэнум къызэрыхуэнэнум мы уафэм и щIагъым щы-
згъэхъахэм лъагъумыхъуныгъэ яхузигъэщIащ. 19 Хэт зы-
щIэр ар Iущу щытынуми, акъылыншэу къыщIэкIынуми?
Мы уафэм и щIагъым сыщIэту пщIэнтIэпсрэ акъылкIэ
къыщызлэжьар псори аракъэ-тIэ къызыхуэнэнур? Мыри
пщIэ зимыIэщ.
20 Сигу зэщагъэуащ мы уафэм и щIагъым сыщIэ-
ту гугъуехьыр пылъу къыщызлэжьа псоми: 21 и Iущы-
гъи, и щIэныгъи, и IэпэIэсагъи ирихьэлIэурэ цIыхум
къилэжьар къанэ щымыIэу и Iуэху зи цIэ зыхэмы-
лъым къыхуигъэнэжын хуей мэхъу. Мыри пщIэншэщ,
жыпIэнурамэ, захуагъэ зи цIэ зыхэмылъщ. 22 Сытыр
и щхьэпэ мы уафэм и щIагъым щIэту цIыхум гу-
гъуехьыр пылъу щилэжьымрэ къиину щишэчымрэ?
23 IуэхукIэ гъэнщIауэ игъакIуэ и махуэхэр гухэщIрэ

гукъеуэ хэмыкI защIэщ. Жэщ дыдэми гупсэхугъуэ иIэ-
къым. Арыххэуи, мыри пщIэншэщ.
24 Ешхэрэ ефэу, и лэжьыгъэ щыгуфIыкIыу псэуным
нэхъыфI цIыхум дежкIэ щыIэкъым. КъызгурыIуащ а
псор Тхьэм зэритыгъэр. 25 Хэт Арыншэу ишхыр зыщы-
кIуэнур, ищIэми щыгуфIыкIыфынур?[a] 26 Тхьэр зыхуэ-
арэзы цIыхум Iущыгъи, щIэныгъи, насыпи ирет. Ауэ
псэкIуэдыщIэм бэлыхь мыухыжыр трелъхьэ: мылъку
зэхуэлъэфэсын нэхъ плъапIэ имыIэжу къегъанэ, Тхьэм
и нэфIыр зыщыхуам иужькIэ ар иритын хуэдэу. Мыри
пщIэншэщ, зи щхьэпи щыIэкъым.

# ЕЩАНЭ IЫХЬЭ

### *Сыт ищIысми пIалъэ иIэщ*

1 Сыт ищIысри щиуха дыдэм къэхъунущ,
сыт хуэдэ Iуэхуми мы уафэм и щIагъым езым и
пIалъэ щиIэжщ:

2 укъыщыхъунуми ущылIэжынуми
пIалъэ яIэщ,
хадэ щIэнми къыхэхыжынми
пIалъэ яIэщ,
3 укIынми узым еIэзэнми
пIалъэ яIэщ,
зэхэкъутэнми ухуэнми
пIалъэ яIэщ,
4 гъынми дыхьэшхынми
пIалъэ яIэщ,

[a] 2:25 Е «Сэр нэмыщI ишхым щыгуфIыкIыу хэт шхар?»

щыгъуэнми къэфэнми
пIалъэ яIэщ,
5 мывэр зэбгрыдзынми къэщыпыжынми
пIалъэ яIэщ[a],
IэплIэ ешэкIынми IэплIэм зыщыдзеинми
пIалъэ яIэщ,
6 къэлъыхъуэнми гъэкIуэдынми
пIалъэ яIэщ,
хъумэнми идзыжынми
пIалъэ яIэщ,
7 зэфIэтхъынми зэгуэдэжынми
пIалъэ яIэщ,
щымынми псэлъэнми
пIалъэ яIэщ,
8 фIылъагъуныгъэми
лъагъумыхъуныгъэми
пIалъэ яIэщ,
зауэми мамырыгъэми
пIалъэ яIэщ.

9 ЦIыхум Iуэхуу илэжьыр сыткIэ къещхьэпэрэ?
10 Слъэгъуащ сэ цIыху цIыкIум Тхьэм къытрилъхьа
хьэлъэр зыхуэдэр. 11 КъэгъэщIыгъэ псори зэрыщы-
тын хуейм тету къигъэщIащ Абы игъуэм. Пэублэри
кIэухри зимыIэр зэрыщыIэри цIыхум зыхригъэщIы-
кIащ Абы. АрщхьэкIэ Тхьэм ищIэ псори ипэм ще-
гъэжьауэ икIэм щыщIэкIыжу цIыхум зэIубз ищIы-
ну лъэкI иритакъым[b]. 12 ИкIэм-икIэжым, цIыхур

*a* **3:5** Пасэрей журтхэм щIыр явэн ипэ, мывэу хэлъыр къыхащыпыкIыу щытащ, апхуэдэ дыдэуи бийм и щIыгулъ нэхъыфIхэр мывэкIэ ясейрт. НэгъуэщI гъэнэхуэкIи щыхуащI щыIэщ.

*b* **3:11** Пэублэри...иритакъым – Е «АрщхьэкIэ Тхьэм и Iуэху псори ипэм щегъэжьауэ икIэм нэсыхункIэ цIыхум зэхищIыкIыну иухакъым, игуми мыщIэныгъэр ирилъхьащ». Пасэрей журтыбзэкIэ тха Iэрытхым къыщыкIуэ псалъэхэм къарыкIыр гурыIуэгъуэ дыдэкъым.

дунейм тетыху гуфIэу, тхъэжу[a] псэуным нэхъыфI
зэрыщымыIэр зэхэсщIыкIащ. 13 Ешхэрэ ефэу, и лэ-
жьыгъэ щыгуфIыкIыу цIыхур псэумэ, Тхьэр къетауэ
аращ.

14 Адрейуэ Тхьэм и зы IэщIагъи игъащIэкIэ зэрымы-
кIуэдынур къызгурыIуащ: мыбы хэплъхьэни хэпхыни
зыри щыIэкъым. Тхьэм а псор щIищIэр цIыху цIыкIур
къыфIэлIыкIын щхьэкIэщ.

15 ЩыIэри, иужькIэ къэхъунури
зэгуэр щыIагъэххэщ,
блэкIами къэрегъэгъазэр Тхьэм![b]

### *Дунейм захуагъэ зи цIэ щыIэкъым*

16 Мы уафэм и щIагъым мыри щыслъэгъуащ:

хей щащI щIыпIэрэ пэт –
хабзэншагъэр щопэкIу,
щыпкъагъэм и хэщIапIэрэ пэт –
къуаншагъэр щызэрахьэ.

17 Сегупсысащ абы щыгъуэм:
«Сыт хуэдэ Iуэхуми,
сыт хуэдэ хъугъэ-щIагъэми
пIалъэ яIэщи,
захуащIэмрэ бзаджащIэмрэ
яхуэфащэр гува-щIэхами
Тхьэм ялъигъэсынущ».

18 «Тхьэм цIыхур гъэунэхупIэ щIришэр псэущхьэм
зэрещхьыр яригъэлъэгъун щхьэкIэщ», – жысIэри

---

*a* 3:12 Тхъэжу – Е «фIы ищIэу».
*b* 3:15 БлэкIами къэрегъэгъазэр Тхьэм! – Пасэрей Iэрытхым къыщы-
кIуэ псалъэхэм къарыкIыр гурыIуэгъуэ дыдэкъым.

сегупсысащ итIани.
[19] ЦIыхуми псэущхьэми къапэплъэр
зыщ: тIуми хьэдэгъуэшэр ятегъэпсащ. ТIури зэрыбауэр
зы хьэуащ, цIыхури псэущхьэм зэрефIэкI щыIэкъым.
Арыххэуи, пщIэ зыми иIэкъым.
[20] ИкIэм-икIэжым,
къэгъэщIыгъэ псори зыхуэкIуэжыр зыщ: щIым къыхэкIащи, щIым щыщ хъужынущ.
[21] ЦIыхупсэр уафэм
ихьэжми, псэущхьэм и псэр щIы щIагъым ехыжми
зыми ищIэкъым.

[22] И лэжьыгъэ Iыхьэ щыгуфIыкIыу псэуным нэхъыфI цIыхум дежкIэ зэрыщымыIэр хьэкъ сщыхъуащ. Аращ абы и насып зыхэлъыр. ИужькIэ къэхъуну псори хэт иригъэлъэгъуфын абы?

## ЕПЛIАНЭ IЫХЬЭ

### *Дэкъузэныгъэмрэ лэжьыгъэмрэ*

[1] Къэслъэгъуащ итIанэ зыр зым дикъузэн щхьэкIэ, мы уафэм и щIагъым щалэжь псори:

къэслъэгъуащ дэкъузахэм я нэпсыр,
щымыIэ ахэр зыгъэудэIун,
лъэщыгъэр дэзыкъузэм
дежщ здэщыIэр,
яхэмыт абыхэм щыжакIуэ.
2 Псэум еплъытмэ,
щымыIэжым и
махуагъэу къэслъытащ.
3 Ауэ сыткIи ехъулIар
иджыри дунейм къытемыхьарщ,
мы уафэм и щIагъым щалэжь ер
зи зымылъэгъуарщ.

4 Къэслъэгъуащ гуащIэдэкIри, ехъулIэныгъэри псори хьэрхуэрыгъэм къызэрыхэкIыр[a]. Мыри пщIэншэщ, зи щхьэпи щыIэкъым.

5 ПкъыщIэлIэ хъурэ пэт,
Iулэм и Iэхэр зэтелъу щысщ.
6 Зи щхьэпи щымыIэу ерагъмыгъуейкIэ
къэблэжь дзэкъэгъуитIым нэхърэ,
гупсэхугъуэр зыщIыгъу шхын
Iулъхьэр нэхъыфIщ.

### *Дзей гъусэ уиIэным фIагъыу хэлъыр*

7 Мы уафэм и щIагъым щыслъэгъуащ пщIэ зимыIэ нэгъуэщI гуэри:

8 и щхьэ закъуэ и лъакъуитIу псэут цIыхур, къыгуэувэну анэкъилъхуи лъхугъи зыри имыIэу. Iуэхуу илэжьми кIэ иIэтэкъым, мылъкуу бгъэдэлъымкIи зигъэнщIыжыртэкъым. «Хэт мыпхуэдизу гугъу зыщIезгъэхьыр, — йогупсыс ар, — мыпхуэдизу си псэри бэлыхь щIыхэзгъэтыр сыт?» Мыри пщIэ зимыIэ Iуэхущ, зиунагъуэрэ, насыпкъэмыгъакIуэщ!

9 Зи щхьэ закъуэм нэхърэ, дзеегъу зэхуэхъуахэм я пхъэ нэхъ къокI: я лэжьыгъэ къыпэкIуэр фIыуэ нэхъыбэщ.

10 Зыр укIурииймэ, зым къегъэувыжыр.
Ауэ уанэ мыгъуэр тезылъхьар
зи щхьэ закъуэращ,
укIурииймэ, къэзыгъэувыжын иIэнукъым.
11 ТIур зэдэгъуэлъмэ, зэрыгъэхуэбэнщ,

---

[a] 4:4 Е «Къэслъэгъуащ гуащIэдэкIми ехъулIэныгъэми цIыхухэм я зэхуакум фыгъуэ-ижэр къызэрыдилъхьэр».

зи щхьэ закъуэм дауэ зигъэхуэбэжын?
12 Закъуэм пэувыгъуафIэ щхьэкIэ,
тIакъуэм зыкъагъэгъунэжыфынущ.
IуданищкIэ зэIуща кIапсэр
щIэх зэпычынукъым.

### *Пащтыхьыгъуэ хабзэхэр пщIэ зимыIэщ*

13 УпщIэжу ирахьэлIэм щIэмыдэIужу жьы хъуа пащтыхь
Iулэм нэхърэ, тхьэмыщкIэми, щIалэ Iущыр нэхъыфIщ.
14 Пащтыхьыгъуэм щыщ унагъуэ хуэмыщIам къыхэкIа
пэтми, щIалэр лъэхъуэщым къикIыжри пащтыхь тахътэм
дэкIуеящ. 15 Асыхьэтми мы уафэм и щIагъым щIэт дэтхэнэ
зыми и щхьэ кърикIуэр къэслъэгъуащ: а щIалэми и пIэ
иувэну нэгъуэщI гуэр къыкъуэкIынущ. 16 Абы и лъэны-
къуэ хъуну цIыхум и бжыгъэри къыпхуэмылъытэным
хуэдизщ. АрщхьэкIэ нэхъ иужьыIуэкIэ дунейм къыте-
хьэнухэм ари ядэжынукъым. Мыбыи пщIэ иIакъым, зи
щхьэпи щыIакъым.

### *ПсынщIэетэу ящIа тхьэлъанэхэр*

17 Тхьэм и Унэм ущыкIуэкIэ, зыхуэсакъыж. УдэIуэн
щхьэкIэ абы уекIуэлIэныр нэхъыфIщ бзаджагъэ зэра-
лэжьым гу лъызымытэж акъылыншэхэм хуэдэу абдеж
къурмэн щыпщIыным нэхърэ.

## ЕТХУАНЭ IЫХЬЭ

1 Япэ щIыкIэ гупсыси, итIанэ псалъэ. Тхьэм и пащхьэм
псалъэ быдэр щыптынми уемыпIэщIэкI. Ар уафэм щы-
Iэщ, уэ щIыгум утетщ – умыпсэлъакъуэ.

2 ПщIыхьэпIэр гуныкъуэгъуэ
куэдым къыхокI,
акъылыншэм и макъри
псалъэ лейм еIэт.

[3] Тхьэм и пащхьэ нузыр щыпщIамэ, умыгъэгувэу
зэрыбгъэзэщIэнум хущIэкъу. Акъылыншэр Тхьэм и
жагъуэщ: тхьэлъанэ пщIакъэ, зэрыбгъэзэщIэнум хуе-
пIэщIэкI. [4] Нузырыр умыгъэзэщIэнумэ, умыщIыххэмэ
нэхъыфIщ. [5] Уи бзэм ухуэмысакъмэ, псэкIуэдщIапIэ
уихуэнущ. «Псалъэу стар щыуагъэ мыгъуэт» жыпIэу
абы иужь тхьэпщхэм къаIуэхуа лIыкIуэми[a] жумыIэж.
Апхуэдэ псалъэкIэ Тхьэм и нейр зыщыбгъахуэу пщIам-
рэ блэжьамрэ щхьэ хэбгъэкIуэдэн хуей? [6] ПщIыхьэпIэ
куэдым пэж хэлъкъым, псалъэ лейми пщIэ иIэкъым,
ауэ Тхьэм фIэлIыкI!

### *Мылъкур пщIэ зимыIэщ*

[7] Зы унафэщIым зы унафэщIыр и тетрэ, абыхэм Iэщхьэ-
тет нэхъ иныр къазэрыщхьэщытыжыр пщIэуэ, щIыпIэ
гуэрым тхьэмыщкIэр зэрыщыдакъузэр, хьэкум пэж зэры-
щамыщIэр, захуагъэ зэрыщызэрамыхьэр умыгъэщIагъуэ.
[8] ЩIым хъугъуэфIыгъуэу къыщIэкIыр зыIэщIалъхьащи,
пащтыхьрэ пэт, губгъуэм кърах лэжьыгъэм хьер къыхех[b].

9 Дыжьын зыфIэфIыр
дыжьын щыщIэ зэпытщ,
мылъкур фIыуэ зылъагъури
абыкIэ къигъэхъаржэм ирикъукъым.
Зы къэмынэу пщIэншэщ!

---

*a* 5:5 Тхьэпщхэм къаIуэхуа лIыкIуэми – Пасэрей Iэрытххэм «лIы-
кIуэ» псалъэм и закъуэщ къыщыкIуэр. «МелыIыч» жиIэу къыб-
гурыIуи хъунущ.

*b* 5:8 Пасэрей Iэрытхым къыщыкIуэ псалъэхэм къарыкIыр гурыIуэ-
гъуэ дыдэкъым.

10 Мылъкум хэхъуэху,
пщIэншэрышхэхэри нэхъыбэ мэхъу:
еплъмэ зэрилъагъум щыфIэкIауэ,
ар зейм сыт щхьэпэу абы къыхихыр?

11 Ишхар куэдми, мащIэми
цIыху лэжьакIуэр IэфIу мэжей.
Ауэ мылъкум къыщыкъеикIар
зэмызэгъыжу зегъэджэрэзри пIэм хэлъщ.

12 Мы уафэм и щIагъым нэгъуэщI зы тхьэмыщкIагъэ-
шхуи щыслъэгъуащ:

цIыхум зэхуихьэса мылъкум и хъер
илъэгъужакъым –
13 сатум хилъэфащ,
быным къыхуигъэнэни иIэжкъым.
14 ЦIыхур дунейм пцIанэу къытохьэ,
апхуэдэ дыдэу пцIанэуи дунейм йохыж.
Зэхуихьэсам щыщу
зы мастэ хуэдизи хьэдрыхэ хуздэхьынукъым.

15 Мыри тхьэмыщкIагъэшхуэщ:

цIыхур дунейм къызэрытехьам хуэдэ
дыдэу токIыж,
ищIэми, илэжьми къыпэкIуэ щымыIэу
жьым ихьыжмэ,
сытыр и щхьэпэ?
16 Хуабжьу щIегъуэжауэ, гукъеуэр имыухыу,
губжьым иIыгъыу
и гъащIэ псор мазэхэ жэщым хэтым
ещхьу ехь.

17 Ешхэрэ ефэу, мы уафэм и щIагъым щIэту гугъуе-
хьыр пылъу къыщилэжьми щыгуфIыкIыу Тхьэм кърита

гъащIэ тIэкIур къипсэуным нэхъыфI цIыхум дежкIэ зэ-
рыщымыIэр итIанэщ къыщызгурыIуар. Аращ насыпуи
Тхьэм абы къыхуигъэфэщар. [18] Уеблэмэ, Тхьэм зыгуэрым
беигъэр щыбгъэдилъхьэкIэ, ар зэригъакIуэу и Iыхьи
къызэрыхихыжын Iэмал щригъэгъуэткIэ, и лэжьыгъи
щыгуфIыкIыжыну игъуэ щригъахуэкIэ – Тхьэр къета-
уэ аращ. [19] Тхьэм зи гур апхуэдэ тхъэгъуэкIэ щыз ищIа
цIыхур игъакIуэ гъащIэм зэрегупсысыс щыIэкъым.

## ЕХАНЭ IЫХЬЭ

[1] ЦIыху цIыкIум хуабжьу къытехьэлъэу мы уафэм и
щIагъым нэгъуэщI зы тхьэмыщкIагъи щыслъэгъуащ.
[2] Тхьэм беигъэри, мылъкури, щытхъури цIыхум къретыр,
къанэ щIагъуи щымыIэу зыщIэхъуэпс псори къыбгъэделъ-
хьэ. АрщхьэкIэ а псом ар щыгуфIыкIыну Тхьэм Iэмал
къритыжкъым – нэгъуэщIым къыхуегъанэ. Мыр пщIэ
зимыIэ Iуэхущ, къызэрымыкIуэуи тхьэмыщкIагъэшхуэщ.
[3] ЦIыхум сабиищэ къыщIэхъуэнкIи, гъащIэ кIыхь
къигъэщIынкIи хъунущ, ауэ сыт хуэдиз къимыпсэуами,
мылъкум хъер химылъэгъуамэ, екIуу щIамылъхьэжамэ,
жысIэпэнщи, щанэжар куэдкIэ нэхъ насыпыфIэщ абы
нэхърэ – [4] и къэунэхуи и кIуэдыжи зыми щыщкъым,
кIыфIым хобзэхэж, и цIэри яIэщIохуж. [5] Дыгъэр и щхьэ-
щыгу къимыплъами, дунейри зищIысыр къимыщIами,
щанэжар нэхъ гупсэхущ мобы нэхърэ. [6] Модрей цIыхум
илъэс минитI игъэщIами, мылъкум насып зи цIэ къы-
хуихьынтэкъым. ИкIэм-икIэжым, тIури зы щIыпIэ щы-
зэрихьэлIэжынущ.

[7] И ныбэр из зэрищIынуращ
цIыхур зэлIалIэр,

ауэ мэжэщIалIагъэм къигъазэ зэпытщ.
8 Сыт-тIэ Iущыр Iулэм нэхърэ зэрынэхъыфIыр,
цIыху хэтыкIэ зыщIэ тхьэмыщкIэми
сыт абы къыхуихьыр?
9 УимыIэм ущIэхъуэпсу ущыс нэхърэ,
уиIэм ущыгуфIыкIмэ нэхъыфIщ.
АрщхьэкIэ а псори пщIэншэщ,
зи щхьэпи щыIэкъым.

10 КъэгъэщIыгъэ псоми цIэ яIэщ,
цIыхур зыхуэдэри куэд щIауэ нахуэщ.
Езым нэхърэ нэхъ Лъэщым[a]
зрипщытыфынукъым цIыхум.
11 Псалъэр нэхъыбэ хъуху
купщIэр нэхъ мащIэ мэхъу,
сыт абы цIыхум и щхьэпэу хэлъыр?

12 Гу зэрылъытти щымыIэу, пщIэ зи цIи имыIэу блэкI
цIыху гъащIэ мащIэм фIыуэ хэлъыр зыхуэдэр хэт зы-
щIэр? Езым и ужькIэ мы уафэм и щIагъым къыщыхъуну
псори хэти цIыхум жриIэжын лъэкIын?

## ЕБЛАНЭ IЫХЬЭ

### *Ущие Iущхэр*

1 Дагъэ лъапIэ къыпщахуэ нэхърэ,
уи цIэ фIыкIэ къраIуэныр нэхъыфIщ,
дунейм укъыщытехьа махуэм нэхърэ,
ущытекIыжри нэхъыфIщ.

---

[a] **6:10** Е «нэхъ лъэщым».

2 Ешхэ-ефэ щызэхэт унэм
укIуэ нэхърэ,
гуIэ нэпсыр щыщIагъэкI унэм
ущIыхьэмэ нэхъыфIщ:
ажалыр псоми къапэщылъщ,
ирегупсыс абы псэ зыIутыр.
3 Дыхьэшхэным нэхърэ,
нэщхъеягъуэм фIы хэлъщ:
гуауэр къызэрыщ нэгур гум йощхьэпэ.
4 Iущым и гур гуIэ нэпсыр щыщIагъэкI
унэм щыIэщ,
Iулэм и гур ефэ-ешхэр щызэхэт унэм
къикIкъым.
5 Iулэм и уэрэдым уедаIуэ нэхърэ,
Iущым и гие ущIэдэIуныр нэхъыфIщ.
6 Iулэм и дыхьэшх макъыр зэщхьыр мафIэм
цIычэу пэрыбзахэ пхъэ гъурырщ.
Мыр пщIэ зи цIэ зимыIэщ.

7 Зыгуэрым и мылъкур
IэщIэгъэкIыным Iущыр делэ ещI[a],
Iулъхьэми цIыхур зэрегъэкIуэкI.

8 И ублапIэм нэхърэ
сыт хуэдэ Iуэхуми и кIэухыр нэхъыфIщ,
пагагъэм нэхърэ шыIагъэри нэхъыфIщ.
9 УхуэмыпIащIэ угубжьыну –
губжьым тIысыпIэ ищIыр делэм игуращ.

10 «БлэкIар нобэрей махуэхэм нэхърэ
сыткIи нэхъыфIтэкъэ?»
жыпIэу ущIэмыупщIэ, –
акъылым къыхэкI упщIэкъым ар.

---

*a* **7:7** Пасэрей Iэрытхым къыщыкIуэ псалъэхэм къарыкIыр гурыIуэгъуэ дыдэкъым.

11 Iущыгъэр адэжь щIэиным хуэдэу фIыщ[a],
псэ зыIуту хъуами ар йощхьэпэ.
12 Iущыгъэми дыжьыным хуэдэу укъехъумэ,
ауэ ар абы зыкIэ йофIэкI:
Iущыгъэм гъащIэм хэлъ шынагъуэхэм
пэIэщIэ уахуещI.

13 Тхьэм и IэщIагъэм еплъыт:
Абы игъэшар хэт хуэузэхужын?
14 МахуэфIыр къыхьакъэ, дэтхъэ,
гуауэр къыщыплъэIэсам дежи
зыщумыгъэгъупщэ:
иужькIэ къэхъунур цIыхум
зэхимыщIыкIын щхьэкIэщ
мори мыри Абы къыщIигъэщIар.

### *Iущыгъэмрэ щыпкъагъэмрэ*

15 ПщIэ зи цIэ имыIэу блэкI си гъащIэм
куэд щыслъэгъуащ:
щыпкъагъэ зыхэлъ цIыхур и щыпкъагъэ
емылъытауэ мэкIуэд,
бзаджащIэри и бзаджэщIагъэ емылъытауэ
нэхъри хигъахъуэу мэпсэу.
16 Уи щыпкъагъэм йумыгъэлей,
губзыгъащэуи зумыгъэлъагъуэ, –
уигу щIызэщыун[b]
щхьэусыгъуэ щхьэ ухуей?
17 Бзаджэ щIэным зыдумыгъэхьэх,
Iулагъэ зи цIи зумыхьэ –
игъуэнэмыс зыщIэпщIыжын хуейр сыт?
18 Япэ ущием уригъуазэрэ

---

*a* **7:11** Е «Iущыгъэр щIэиным щIыгъумэ фIыщ».
*b* **7:16** Е «зыщIытебгъэкIуэдэжын».

етIуанэри уигу иумыгъэхуу илъмэ,
фIы хъунущ –
Тхьэм и шынагъэр зыхэзыщIэр
гузэвэгъуэ куэдым
пэIэщIэ хуэхъунщ[a].

19 Къалэ тетипщIым нэхърэ,
Iущыр Iущыгъэм нэхъ лъэщ ещI.

20 Захуагъэм тету псэу зэпыти,
псэкIуэдщIагъэ зимыIи цIыху
дунейм теткъым.

21 ЖаIэ псоми уемыдаIуэ,
армырамэ уи унэIутыр къызэрыпхуэпсалъэр
зэхэпхыжынущ.
22 Зэм-зэм нэгъуэщIхэм
уазэрыхущIэджэу щытар
уэр дыдэми зыдыбощIэж.

23 Мы псор Iущыгъэк Iэ згъэунэхури,
«Iущ сыхъунщ!» жысIэри
быдагъи сщIат,
арщхьэкIэ сытым хуэдэу сыпэжыжьэу
къыщIэкIа абы!
24 ЕкIуэкIым лъэIэсыгъуейщ,
къызэрымыкIуэуи гурыIуэгъуейщ –
а псори хэт зэхихуфын?
25 Iущыгъэмрэ зэхэщIыкIымрэ
зыгурызгъэIуэну, къэсхутэну,
ахэр зищIысыр зэзгъэщIэну
сигу ислъхьащ,

---

a 7:18 Гузэвэгъуэ куэдым пэIэщIэ хуэхъунщ – Е «ущиитIми иригъуэзэнщ», е «ущиитIри зэригъэзэщIэнум иужь итынщ».

бзаджэу узекIуэнри,
зэхэщIыкIыншэу ущытынри
акъылым къызэримытIасэр
зэхэзгъэкIыну тезубыдащ[a].

26 Хъым хуэдэу узыIэщIэзубыдэ
бзылъхугъэр,
зи гур къэпхъэнрэ зи Iэр
лъэхъум хуэдэр,
ажалым нэхърэ зэрынэхъ гуащIэр
зэхэсщIыкIащ.
Тхьэр зыхуэарэзы цIыхур
а хъым ихуэнкъым,
псэкIуэдыщIэри IэщIэкIынкъым.

27 Зым иужьым иту зыр къэсхутэурэ, – жиIащ Джа-
кIуэм, – къызгурыIуар мыращ:

28 сылъыхъуэрт, ауэ згъуэтыртэкъым:
икIэм, миным щыщу зылIщ
захуащIэу сызыхуэзар,
зы бзылъхугъи «мыр захуащIэщ»
хужысIэну срихьэлIакъым[b].
29 Мыращ сыкъызыхуэкIуари:
Тхьэм цIыхур захуащIэу
къигъэщIащ,
арщхьэкIэ гухэлъ зэхуэмыдэ
куэдхэр зэрахъэ хъуащ.

---

a 7:25 Бзаджэу... тезубыдащ – е «мыхъумыщIагъэр зэрымыщIагъуэ-
ри, акъылыншагъэм кIуэцIылъ зэрыщымыIэри зэхэзгъэкIыну
тезубыдащ».

b 7:28 Журт. «миным зылI закъуэщ яхэзгъуэтар, зы бзылъхугъи яхэ-
слъэгъуакъым». ЗэрызэдзэкIам къигъэлъагъуэр иIэнкIэ хъуну
мыхьэнэхэм языхэзырщ.

## ЕЯНЭ IЫХЬЭ

1 Iущым хэт хуэдэн?
Къэхъукъащ1э псори хэти зэIубз ищIын?
ЦIыхум и нэгур Iущыгъэм нуру къегъэнэху,
и Iуплъэгъуэри зэлъыIуех.

### *Пащтыхьым хуэжыIэщIэ*

[2] Тхьэм и пащхьэ псалъэ щыптащи, пащтыхьым и
унафэм ублэмыкI. [3] УхуэмыпIащIэ уи щIыб пащтыхьым
хуэбгъэзэну, захуагъэ зыхэмылъ Iуэхугъуи кIэлъыблэ-
жьыну: абы сыт ищIысри лъэкIынущ. [4] Пащтыхьым и
псалъэм куэд хузэфIокI, «Блэжьыр сыт?» жиIэу хэти
пэувыфын?

5 Ихуэнкъым тхьэмыщкIапIэ
абы и унафэм едаIуэр –
Iущщи, игъуэмрэ щIапхъэмрэ щыгъуазэщ.
6 Сыт хуэдэ Iуэхуми и пIалъэ, и щIыкIэ иIэжщ,
ауэ цIыхум и тхьэмыщкIагъэм щыщщ
7 и натIэ къритхам зэрыщымыгъуазэр,
къэхъуну псор хэти жриIэфын абы?
8 Зыми жьыбгъэр иубыдын лъэкIынукъым[a],
щылIэжыну махуэми Iэмал хузиIэ щыIэкъым.
ЗауэлIыр зэуапIэм къыIукIыфынукъым,
бзаджащIэми бзаджэщIагъэкIэ
зихъумэжыфынкъым.

---

[a] **8:8** Е «И псэм хуит щыIэкъым».

[9] Мы уафэм и щӀагъым щӀэт а дунейр акъылкӀэ щызэ-
згъэзахуэм лъэкӀ зиӀэ цӀыхум и ягъэр загъуэрэ нэгъуэ-
щӀым зэрыригъэкӀыр[a] къэслъэгъуащ.

### *ЗахуащӀэхэмрэ бзаджащӀэхэмрэ*

[10] Слъэгъуащ бзаджащӀэхэм я хьэдэр щӀыпӀэ лъапӀэм
ирахыу зэрыщӀалъхьэр. Слъэгъуащ захуащӀэу къэпсэуа
цӀыхухэри зыдэса къалэм щӀэх дыдэ зэраӀэщӀэгъупщы-
кӀыжыр[b]. Мыри пщӀэ зи цӀэ зыпымылъ Ӏуэхущ.
[11] ЩӀэпхъаджащӀэр илэжьамкӀэ щӀэхыу ямыгъэпшы-
нэмэ, цӀыхугури бзаджэ щӀэным зыӀэпишэу хуожьэ.
[12] ПсэкӀуэдыщӀэм мыухыжу псэкӀуэдщӀагъэ ищӀэурэ
кӀыхьу къэпсэуми, сощӀэ, Тхьэм и шынагъэр зыхэзыщӀэм
икӀи фӀэлӀыкӀым и Ӏуэхур нэхъ щӀагъуэ зэрыхъунур.
[13] Тхьэм фӀэлӀыкӀкъыми, бзаджащӀэр ефӀэкӀуэнукъым,
и гъащӀэри зыми щымыщу блэкӀынущ.
[14] Мы дунейм къыщохъу пщӀэ зимыӀэ нэгъуэщӀ зы
Ӏуэхугъуи: бзаджащӀэм хуэфащэр захуащӀэм къылъысрэ
захуащӀэм епэсар бзаджащӀэм еуалӀэу. Мыр пщӀэ зи цӀэ
зыпымылъ Ӏуэхуу зэрыщытри жысӀащ абы щыгъуэм.
[15] Абы хэту гур хэзыгъахъуэ псоми щытхъу хузоӀэт!
Ешхэрэ ефэу, гуфӀэу псэуным нэхъыфӀ мы уафэм и
щӀагъым зыри щыӀэкъым. Тхьэм цӀыхум къыхуиуха
гъащӀэм и кӀуэцӀкӀэ Ӏуэхуу щилэжьми а гуфӀэгъуэр
хэлъу ихьынущ.
[16] Ӏущыгъэр къэсхутэну, жэщи махуи имыӀэу цӀыхум
и нэбдзыпэ щӀызэтримылъхьэ лэжьыгъэри зыхуэдэр зэ-
згъэлъэгъуну сигу щислъхьэм, [17] Тхьэм и ӀэщӀагъэ псо-
ри къэслъэгъуащ. Мы уафэм и щӀагъым къыщыхъухэр

---

[a] **8:9** Е «езым зэрекӀыжыр».

[b] **8:10** Е «Слъэгъуащ бзаджащӀэхэр, зэгуэрым Тхьэм и Унэм къакӀуэу щытыгъахэр, зэрыщӀалъхьэри, ер щилэжьу зыдэса къалэми зэраӀэщӀэгъупщыкӀыжри». Пасэрей Ӏэрытхым къыщыкӀуэ псалъэхэм къарыкӀыр гурыӀуэгъуэ дыдэкъым, зэрызэдзэкӀами къигъэлъагъуэр иӀэнкӀэ хъуну мыхьэнэхэм языхэзырщ.

зыгуэрми зэхищIыкIынкIэ Iэмал иIэкъым. Сыт хуэдизу цIыхум а къомыр зэхихуну иужь имытами, и лъащIэм нэсын лъэкIынукъым. ЦIыху Iущ гуэрым ар ищIэу жиIэми, и пэжыпIэращи, абыи зыри къыгурымыIуауэ аращ.

## ЕБГЪУАНЭ IЫХЬЭ

### *ЛIэныгъэр псоми къапэщылъщ*

[1] А псом сыкъегупсысри, сыкъызыхуэкIуар аращи,
захуащIэри, Iущри, абыхэм я лэжьыгъэри Тхьэм и Iэ-
мыщIэ илъщ. Къыпэплъэр зыщIэ зыри щыIэкъым: фIы-
лъагъуныгъэ хьэмэрэ лъагъумыхъуныгъэ. [2] ЗахуащIэми
бзаджащIэми, гущIэгъу зыхэлъми гущIэгъуншэми[a],
къабзэми къабзагъэ зыбгъэдэмылъми, къурмэн зыщIми
зымыщIми – дэтхэнэми къапэщылъыр а зыращ.

Псапащ1эм и щхьэ сыт кърикIуэми,
псэкIуэдщIагъэ зыщIэми къыщыщIынущ,
тхьэлъанэ зыщIхэр сытым Iууэми,
тхьэрыIуэ псалъэм щыщтэхэри хуэзэнущ.

[3] Мы уафэм и щIагъым къыщыхъухэм щыщу мис ар
тхьэмыщкIагъэщ: а зыр дэтхэнэми къыпэщылъщ. Псэуху
цIыхум и гур бзаджагъэрэ акъылыншагъэкIэ гъэнщIауэ
къогъуэгурыкIуэри, япэ ищахэм я пащхьэ йохьэж.
[4] Псэ зыIут псори мэгугъэ. Псэ зыIумытыж ас-
лъэным нэхърэ, псэ зыIут хьэм и Iуэхур нэхъыфIщ.
[5] Псэ зыIутым кIэ зэриIэр ещIэ. ЛIам зыри ящIэкъым,

[a] 9:2 Пасэрей Iэрытхым «гущIэгъуншэ» псалъэр хэткъым.

къетэни щыIэкъым абыхэм, хэбгъэзыхьмэ я цIэ дыдэри
яIэщIэхужынущ. 6 Я фIылъагъуныгъи, я лъагъумыхъу-
ныгъи, зрафыгъулIэу щытаи – зы къэмынэу кIуэдыжащ,
мы уафэм и щIагъым къыщыхъухэми къэгъазэ имыIэу
хэкIыжащ.

7 Арщи, уи щIакхъуэри IэфIу шхы, уи санэми гу-
фIэм ухэту ефэ – Тхьэм ахэр фIэгунэсщ. 8 Сыт щыгъуи
уи щыгъыныфIхэр зыщыгъагъ, уи щхьэцхэми мэ дахэ
къызыхих дагъэр щыхуэ. 9 Мы уафэм и щIагъым щыбгъа-
щIэ Тхьэм къыуита махуэ пщIэншэхэр фIыуэ плъагъу
уи щхьэгъусэм удэтхъэу гъакIуэ – гъащIэм узыIуигъа-
уэ гугъуехьхэм пэкIуэу Тхьэм аращ къыпхуигъэфащэр.
10 Хьэдрыхэ уздэкIуэжынум Iуэхуи, гупсыси, щIэныгъи,
Iущыгъи щыIэкъым, арщи плъэкIыху пхузэфIэкI къы-
умыгъанэу щIэ.

11 Иджыри нэгъуэщI зыгуэр щыслъэгъуащ сэ мы уа-
фэм и щIагъым:

> жэрыр зэпымычу къатежккъым,
> хахуэми сыт щыгъуи текIуэныгъэр къыдихкъым,
> Iущым щIакхъуэ Iыхьэ щимыIи къыхокI,
> губзыгъэми мылъку щыбгъэдэмылъ къохъу,
> щIэныгъэ зиIэхэми фIыщIэ хуащI зэпыткъым –
> псоми игъуэрэ пIалъэрэ яIэщ.

12 ЦIыхум ищIэкъым и пIалъэр къыщысынур: бдзэ-
жьейр хъым щиубыдынур, бзури бзуущэм къызэринэ-
нур зэрамыщIэм ещхьу, цIыхури уащхъуэдэмыщхъуэу
тхьэмыщкIагъэм зыIэщIелъхьэ.

### *Iущыгъэмрэ делагъэмрэ теухуа гупсысэхэр*

13 Iущыгъэм и зы щапхъэ гъэщIэгъуэн дыди щыслъэ-
гъуащ сэ мы уафэм и щIагъым.

[14] Дэс щIагъуэ щымыIэу зы къалэ цIыкIу щыIэт. Лъэ-
кIышхуэ зиIэ пащтыхь гуэр къебгъэрыкIуэщ абыи,
къитIысыхьри, къищтэн щхьэкIэ хузэфIэкIи къигъэна-
къым. [15] Ауэ хуэмыщIауэ псэууэ а къалэм зы цIыху Iущ
дэсти, и IущыгъэкIэ къригъэлащ абы къалэр. АрщхьэкIэ
иужьым а цIыху тхьэмыщкIэр зыми ягу къэмыкIыжу
яIэщIэгъупщыкIыжащ.
[16] «Лъэщагъ нэхърэ Iущыгъэр нэхъыфIщ», – жысIащ абы
щыгъуэм. АрщхьэкIэ тхьэмыщкIэм къылъыкъуэкI Iущы-
гъэр ауи къэрадзэркъым, и псалъэри хъатэ пэмыхьэ ящI.

17 Iулэм я пашэм и кIий-гуо макъым уедаIуэ нэхърэ,
цIыху Iущым щэхуу жиIэр зэхэпхмэ нэхъыфIщ.
18 Iэщэ нэхърэ Iущыгъэр нэхъыфIщ,
ауэ зы псэкIуэдыщIэм Iуэху щхьэпэ куэд
дэкIуэдынкIэ хъунущ.

## ЕПЩIАНЭ IЫХЬЭ

1 Бадзэ лIам мэ дахэр игъэкIуэду
мейр къызэришэм ещхьу,
акъылыншагъэ мащIэми
Iущыгъэмрэ щIыхьымрэ егъэлъахъшэ.
2 Iущым и гур ижьрабгъумкIэ гъэзамэ,
Iулэм и гур сэмэгумкIэ йобэ.
3 Гъуэгум щрикIуэ къудейми
делэм акъыл хурикъуркъым –
хэти елъагъу зэрыIулэр.
4 Пащтыхьым и губжьыр къыплъэIэсамэ,
уи пIэ уимыкI,
шыIагъэ зыхэлъым сыт хуэдэ щыуагъэри
зэригъэзэхуэжыфынущ.

5 Мы уафэм и щIагъым нэгъуэщI зы
тхьэмыщкIагъи щыслъэгъуащ,
ари Iэщхьэтетым щыуагъэу IэщIэщIэращ:
6 акъыл зыбгъэдэмылъым IэнатIэ
лъагэхэр яхуигъэфащэрэ,
лъэпкъыфI къыхэкIахэм IэнатIэ
цIыкIухэр яриту.
7 Слъэгъуащ пщылIыр шым тесу,
лIакъуэлIэшхэри, пщылI фIэкIа умыщIэну,
лъэсу зэхэзекIуэу.

8 Мащэ зытIыр а мащэм ихуэжынкIэ зэрыхъунур
зыхуэIуа щыIэкъым,
мывэ сэрейр зыгъауэми блэр къеуэнкIи хъунущ.
9 Мывэхэхым фэбжь игъуэтынкIэ хъунущ,
пхъэ зыкъутэми зиуIэжыныр зыхуэIуа
щыIэкъым.
10 Джыдэр дзагуэмэ,
джыдэдзэр дэмылъамэ,
уи гуащIэ епхьэлIэнущ,
ауэ акъыл зиIэм а псор ипэ къихуэу
зэригъэзэхуэнут.

11 Блэр имыпх щIыкIэ уамэ,
хьэпэщыпхэ зезыхьэм и IэщIагъэм
и фIагъи къекIыжкъым.

12 Iущым и жыIэ узыIэпешэ,
Iулэр и жьэм йокIуэдылIэж.
13 Иригъэжьакъэ и псалъэ –
акъыл зи цIэ хэлъкъым,
нихусакъэ и псалъэ –
делагъэ зэфэзэщщ,
14 акъылыншэм къипсэлъым
гъуни нэзи иIэкъым.

Къэхъуну псори цIыхум ищIэкъым,
хэти щигъэгъуэзэн ар иужькIэ
екIуэкIыну псом?

15 Iулэр лэжьыгъэм апхуэдизкIэ
егъэулэури,
унэм хуэзышэж гъуэгури
къыхуэгъуэтыжкъым[a].

16 Уэ хэку, къыппэплъэр тхьэмыщкIагъэщ:
уи пащтыхьыр сабий ныкъуэхъущ,
уи лIакъуэлIэшхэри жэщ-махуэ ямыIэу
ефэ-ешхэм хэтщ.
17 Уэ хэку, уехъулIащ: уи пащтыхьыр
лъэпкъыфI къыхэкIащ,
уи лIакъуэлIэшхэри ныбаблэкъым –
къызэщIэужьэжхэу аращ,
удафэхэркъым.

18 ЦIыхур щхьэхынэмэ,
и унэ бгыкъур къызэфIощIэ,
и Iэхэм щысхьмэ,
и унащхьэ псыи къыпхрокI.

19 ГуфIэгъуэщ Iэнэр зыхуаIэтыр,
санэми гъащIэр IэфI пщещI,
дыжьынми сытри хузэфIокI.

20 Пащтыхьыр екIэ аркъудей уигу къыумыгъэкI,
уи лэгъунэ кIуэцIи екIэ ущытемыпсэлъыхь
цIыху бейм,

*a* **10:15** Е «Iулэр лэжьыгъэм апхуэдизкIэ егъэулэури, къалэм хуэзышэ гъуэгури къыхуэгъуэткъым», е «Къалэм нэса зэрыхъуну щIыкIэр ищIэкъыми, Iулэр лэжьыгъэм егъэулэу». Пасэрей Iэрытхым къыщыкIуэ псалъэхэм къарыкIыр гурыIуэгъуэ дыдэкъым.

жьуджалэрэ пэт, уи псалъэ ирихьэжьэнущ,
зэхэзелъатэурэ зимыIуэхум деж нихьэсынущ[a].

## ЕПЩЫКIУЗАНЭ IЫХЬЭ

### *ЩIэныгъэм гъунэ иIэщ*

1 ФIы щIэи псым хэдзэ,
гува-щIэхами ар уэ бгъуэтыжынщ[b].
2 ХэтыкI зэпыт уи мылъкум,
хэгъэгум къыщыхъуну тхьэмыщкIагъэ
псор зыхуэдэр пщIэкъым[c].

3 Пшэхэм хъумэ псыр ярыз,
уэшхыр щIылъэм кърекIых.
ИпщэкIэми, ищхъэрэкIэми,
жыгыр уамэ,
щыукIуриям деж ар къыщонэж.

4 Жьым кIэлъыплъым жылэр ипхъкъым,
пшэм еплъакIуэми ихыжкъым мэшыр.

---

a 10:20 Журт. «бзурэ пэт, уи псалъэр ирихьэжьэнущ, быбатэурэ жыпIар зэбгрихынущ».

b 11:1 Е «Хы Iуэхум уи мылъку хэлъхьи, хэхъуэншэ ухъункъым». Пасэрей Iэрытхым къыщыкIуэр мыращ: «Уи щIакхъуэ Iыхьэр псым хэдзи, махуэ бжыгъэ дэкIми, бгъуэтыжынщ». Псалъэжьым къикIыр IупщI дыдэкъым.

c 11:2 Мы усэр зэхуэмыдэу къыбгурыIуэуи хъунущ: 1. уи мылъкур Iуэху зыбжанэм хэлъхьи, вакъэ зэв ущихуэ къыпщхьэпэжынщ; 2. тхьэмыщкIэм дэIэпыкъуи, вакъэ зэв ущихуэ абыхэми зыкъыпщIагъэкъуэжынщ.

5 Жьым и кIуапIэ псори
зэрумыщIэм ещхьу,
сабийм и пкъыр анэм и гущIэм зэрыщыжми
узэрыщымыгъуазэм хуэдэу
сыт ищIысри къэзыгъэщI Тхьэм и Iуэхухэри
къыбгурыIуэн плъэкIынкъым.
6 Пщэдджыжьым жылэр пхъы,
пщыхьэщхьэми умыщIэ псэху жыхуаIэр,
пщIэкъым языхэзу къохъулIэнур,
тIури къыбдэхъуну щытми хэт ищIэн?

***УныбжьыщIэху зыгъатхъэ,***
***ауэ УкъэзыгъэщIар зыщумыгъэгъупщэ***

7 ГъащIэр IэфIщ,
и щIасэщ цIыхум нэхури.
8 Сыт хуэдиз гъащIэ цIыхум къыхуимыухами,
гуфIэ-гупсэу ирепсэу.
Ауэ махуейхэр къызэрыщIэзэрыхьынури,
ахэр зэрыкуэдынури щремыгъупщэ.
Сыт къэмыхъуми, псори пщIэншэщ!

9 УныбжьыщIэху, щIалэ, зыгъатхъэ,
ущIалэхукIи уи гум гуфIэр иремыкI.
Уи гум жиIэм тету псэу,
уи нэр здэплъэми ублэмыплъыкI,
ауэ зыщумыгъэгъупщэ, сыт умылэжьми,
Тхьэм и пащхьэ ущихьэжкIэ, жэуап щыпхьынущ.
10 Аращи, зыхуэщI пэIэщIэ гуныкъуэгъуэм,
гугъуехьхэм уипкъри щыхъумэ –
щIалэгъуэр напIэзыпIэу блокI[a].

---

*a* **11:10** НапIэзыпIэу блокI – еплъ 1:2 и еIуэлIапхъэм.

## ЕПЩЫКIУТIАНЭ IЫХЬЭ

1 УкъэзыгъэщIар ущIалэху зыщумыгъэгъупщэ,
махуейхэр къыпкIэщIэмызэрыхь щIыкIи,
«тхъэгъуэ зи цIэ яхэслъагъуэкъым» жыхуэпIэну
илъэсхэр къыптемыгуплIэ щIыкIи
уигу игъэлъ Ар,
2 дыгъи, нэхуи, мази, вагъуи блэн
щамыгъэт щIыкIи,
уэшх нэужьу пшэхэм къытрамыгъэзэж щIыкIи
уигу игъэлъ Ар.
3 Иубыдынущ итIанэ унэхъумэхэр шынэ
техьэгъуэм,
лIы гуащIэвхэри къызэфIэщIэнущ,
хьэжэхэри мащIэ хъунурэ Iуэхуншэу къэнэнущ,
щхьэгъубжэмкIэ дэплъхэми ямылъэгъуж хъунущ[a].
4 Куэбжэпэри къагъэбыдэнущ,
мывэ щхьэлхэми я хьэжэ макъыр ужьыхынущ,
бзу цIырэ-шырэ макъ пэтрэ цIыхур
къыдэушу хуежьэнущ,
уэрэд макъ псоми къэIун щагъэтынущ[b].
5 ЦIыхур лъагапIэми щышынэ хъунущ,

---

*a* **12:3** 2-6-нэ едзыгъуэхэм щIагъыбзэ гъэпсыкIэ яIэщ, зытеухуари жыгъэращ. «Хьэжэхэмрэ» «плъакIуэхэмрэ», уегупсыс зэрыхъунумкIэ, дзэмрэ нэмрэ хуэпхь хъунущ, «унэхъумэхэмрэ» «лIы гуащIэвхэмрэ», нэхъыбэм зэралъытэмкIэ, Iэмрэ лъакъуэмрэ ехьэлIащ.

*b* **12:4** Мы щIыпIэм къикIыр пасэрей Iэрытхым нахуэу къыхэщкъым. Зи гугъу ищIыр жьы хъуам къыхуэкIуэ жэщмыжеймрэ тхьэкIумэ жьажьэ зэрыхъумрэ арагъэнущ.

уэрамым къыдыхьэным щыщтэуи
хуежьэнущ,
щIыпцIэщIыдэми къэгъагъэ хужьхэр
къищIынущ[a],
пкIауэри жьажьэ хъунущ,
щIыгъатхъэри гъужынущ[b] –
мы махуэхэр къыпкIэлъыщIэмыхьэ щIыкIэ
уигу игъэлъ Ар.
МэкIуэж цIыхур къыхуиуха унэм,
щыгъуакIуэхэриныкIэлъокIуатэ.
6 Аращи, дыжьын Iуданэр зэпычыхункIэ,
дыщэ фалъэри чэхункIэ[c],
псыкъуийм деж щыт кхъуэщынри
къутэхункIэ,
кхъуауэми джэрэзын щигъэтыхункIэ,
7 щIым къыхаха Iэпкълъэпкъыр щIым щыщ
хъужыхункIэ,
Тхьэуэ къызыбгъэдэкIам псэм
хуигъэзэжыхункIэ
УкъэзыгъэщIар уигу игъэлъ.

8 Псори пщIэншэщ, – жеIэр ДжакIуэм, –
зыми къикI щымыIэ.

## *Иужьрей псалъэ*

9 ДжакIуэр Iущ къудейтэкъым, цIыхубэм я ущиякIуэт.
Егупсысурэ, зэпишэчурэ псалъэ Iущыби итхыжащ.
10 ЖыIэгъуэ дахэ куэд егугъуурэ къыхихащ ДжакIуэм,

a 12:5 ЩIыпцIэщIыдэм къыпидзэ къэгъагъэ хужьхэр, зэралъытэмкIэ, зэхьэлIар тхъугъэращ.

b 12:5 ЩIыгъатхъэр хъуэпсашэм и хущхъуэгъуэу зэрахьэу щыта удз лIэужьыгъуэщ. Гуащэгъатхъэ жызыIи щыIэ. Зи гугъу ищIыр жьы хъуам хуэмыгъашэ хъуапсэрауэ къыщIэкIынущ.

c 12:6 Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, зи гугъу ищIыр дыжьын Iуданэм пыщIауэ шэху уэздыгъэр зэрыт фалъэращ.

пэжагъ зыхэлъ псалъэхэри зэрыщыт дыдэм хуэдэу ит-
хыжащ.

[11] ЦIыху Iущхэм я псалъэр мэлыхъуэ башым хуэдэу
къыплъоIэс, псалъэжьу зэхуахьэсахэри мэлыхъуэ башым
и удыну къыптохуэ – пщыгъупщэжкъым[a]. Зы мэлыхъуэщ
а псор къызыбгъэдэкIыр.

[12] Абы щыфIэкIам, си щIалэ, хуэсакъ: кIэ имыIэу
тхылъи пхуэтхынщ, уемышыжу зэбгъащIэми уи пкъыр
щIигъэлIэнщ.

13 ЖысIапхъэ къыщымынакIэ,
иужьрейуэ зы псалъэ пхузощIыж:
Тхьэм фIэлIыкI, унафэу игъэувахэми уафIэмыкI –
аращ цIыхум пщэрылъу иIэр.
14 Дэтхэнэ зы Iуэхуфэмкiи,
ар ущэхуауэ щытми,
фIыми Iейми,
Тхьэм и пащхьэ ущихьэжкIэ,
жэуап щыптынущ.

---

*a* **12:11** Мэлыхъуэ башым и удыну къыптохуэ – пщыгъупщэжкъым – журт. «Iунэ хаукIам хуэдэщ». Зэрызэдзэкlам къигъэлъагъуэр иIэнкIэ хъуну мыхьэнэращ.

# «ДжакIуэ» тхылъым къыщыкIуэ гупсысэ нэхъыщхьэхэм я цIэгъэлъагъуэ

**Гухэхъуэр**
2:1-11, 2:24-26, 3:12-13, 3:22, 5:17-19, 6:9, 8:15, 9:7-9, 11:7-10

**Дэзыкъузэхэмрэ захуагъэ зезымыхьэхэмрэ**
3:16, 4:1-3, 5:7-8, 8:9

**ЕхъулIэныгъэмрэ мылъкумрэ**
2:4-11, 2:26, 4:8, 5:9-14, 5:18, 6:1-6, 7:7, 11:1-2

**Къытезымыгъэзэж зэрыщымыIэр**
1:4-11, 3:15, 4:13-16

**Лэжьыгъэр**
1:3, 2:11, 2:18-23, 2:24, 3:9-13, 3:22, 4:5-6, 4:8, 5:15-16, 5:17, 6:7-9

**ЛIэныгъэр**
2:14-16, 3:19-21, 7:2, 9:1-6, 12:5-7

**Псалъэр**
5:1-6, 6:11, 10:12-14

**ПщIэ зимыIэр**
1:2, 1:14, 1:17, 2:1, 2:11, 2:15-17, 2:18-23, 2:26, 3:19, 4:4, 4:7-8, 4:16, 5:9, 5:15, 6:2, 6:9, 7:6, 8:10, 8:14, 11:8, 12:8

**ПIалъэр**

3:1-8, 8:6, 9:11-12

**Тепщэныгъэр**

4:14-16, 5:7-8, 8:2-5, 10:4, 10:5-7, 10:16-17, 10:20

**Тхьэм фIэлIыкIыныр**

3:14, 4:17, 5:1-6, 8:12-13, 11:9, 12:1-7, 12:13-14

**ЦIыхум и зэхэщIыкIыр**

3:11, 3:22, 6:10-12, 7:13-14, 7:24, 8:6-8, 8:16-17, 9:1, 9:12, 10:14, 11:5-6

**ШыIагъэр**

7:8-9, 10:4

**Щыпкъагъэмрэ бзаджащIагъэмрэ**

3:17, 7:15-18, 7:20, 7:25-29, 8:10-14, 9:1-2

**Iущыгъэмрэ делагъэмрэ**

1:17-18, 2:12-16, 4:5, 6:8, 7:4-12, 7:19, 7:23-25, 8:1, 9:13-18, 10:1-3, 10:12-15, 12:11

# Сэфирэт и тхылъ

## Пэублэ псалъэ

*Хъыбару мы тхылъым къиIуэтэжыр къыщыхъуар иджырей Иран хэгъэгум хиубыдэ Шушан къалэрщ, къэжэр пащтыхь Ахъийшурэщ щIымахуэм зыдэсу щыта щыхьэр сэрейрщ. ЩIэныгъэлэжьхэм нэхъыбэм зэрызэдащтамкIэ, Ахъийшурэщыр алыджхэр Ксеркс ЕзанэкIэ еджэу ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 486/5-465 гъэхэм Къэжэр пащтыхьыгъуэм тетыгъуэр щызыIыгъаращ. Къэжэр пащтыхьыгъуэм и хьэритэр тхылъым и кIэм деж къыщыхьащ.*

*«Сэфирэт и тхылъыр» зытеухуари зытепсэлъыхьри Къэжэр пащтыхьыгъуэм хэпхъауэ щыпсэу журтхэр зыIуууауэ щыта шынагъуэмрэ абы а лъэпкъыр къызэрыгуэкI унагъуэм къыхэкIа бзылъхугъэ цIыкIум и фIыгъэкIэ къыIэщIэха зэрыхъуамрэщ. Тхыдэм къызэрыхэщыжымкIэ, ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ VI-нэ лIэщIыгъуэм журт куэд гъэру яубыдри, Бабылей хэгъэгум яхуауэ щытыгъащ. Бабылейр Къэжэрым къыщизэум, пащтыхь къытеувам журтхэр я хэку кIуэжыну хуит ищIащ. АрщхьэкIэ абыхэм ящыщ куэдыр мыкIуэжу лъапсэ щадза щIыналъэм къыщынат.*

*Пащтыхьыгъуэр Ахъийшурэщ щыIэщIыхьэм журтхэм нэгъуэщI шынагъуэ къалъыкъуэкIащ. Пащтыхьым а лъэпкъыр дунейм тезылъагъуэ мыхъу Аман лъытэныгъэшхуэ хуищIу цIыху цIыкIум яхеIэтыкIыр. Аман*

*бзаджагъэ защIэкIэ пащтыхьыр къыдешэхыр, и арэзыныгъэм егъэгушхуэри, зэрыжурт лъэпкъыу игъэкIуэдыну игу ирелъхьэ. Гухэлъ щIэпхъаджэр Аман къызыхихар лъэпкъкIэ журтхэм ящыщ Мардэхей абы лъапIэныгъэ ирихыу щхьэщэ зэрыхуимыщIара хуэдэу тхылъым къыщыгъэлъэгъуами, абы тхыдэ лъабжьэ иIэщ.*

*ПсэзэпылъхьэпIэм лъэпкъыр къиишыным Мардэхеи, Сэфирэти я акъыли, я лIыгъи ирахьэлIэ икIи бзаджэщIагъэу Аман зэрихъахэм пэщIохуэжри токIуэдэж. И цIэр къыхэмыщ пэтми, тхылъыр зытепсэлъыхь хъыбарым и къегъэкIуэкIыкIэмкIэ зэхыбощIэ а псор Тхьэм и ухыгъэм тету къызэрыхъур, тхыдэ хъугъэ-щIагъэхэри Абы гъуэгу захуэм зэрытришэр.*

*«Пурим»-кIэ еджэу журтхэм ноби Iэтауэ ягъэмахуэщI махуэр къуэпскIэ зэкIуэлIэжыр тхылъым зи гугъу ищI а къэхъукъащIэхэрщ. Журтхэр ягъэкIуэдыну щытраухуа пIалъэр гузэвэгъуэм къыщыхэкIа махуэу зызэридзэкIащ. Журтхэм хабзэ яхуэхъуауэ «Сэфирэт и тхылъыр» мы махуэхэм щIаджыкIыныр къызыхэкIри аращ.*

*Тхылъым къыщыIуэта Iуэхугъуэхэм поджэж адыгэ IуэрыIуатэм ноби хъума щыхъуа «Сэфирэт-гуащэ и хъыбарри». Хъыбарым къызэрыхэщымкIэ, и дахагъэкIи, и губзыгъагъэкIи хуэдэ къэмыхъуауэ Сэфирэт-гуащэр цIыхубз зэкIужт икIи цIэрыIуэт. Тхьэм къритауэ бгъэдэлъ Iущыгъэр Сэфирэт-гуащэм ирехьэлIэри, зыщыщ лъэпкъыр игъэкIуэдыну къахузэпещэ лIы бзаджэм пэщIоувэж, арыххэуи хъуагъэщагъэу къакIэлъызэрихьахэми ар токIуэдэж. Зи псэ емыблэжа бзылъхугъэ цIыкIур къызыхэкIа лъэпкъым фIылъагъуныгъэрэ лъытэныгъэкIэ еIэтыр, и псалъэ тIэужыIэ ямыщIыуи ягъэзащIэу хуожьэ. Нэхъыжьхэм къаIуэтэжу щыта Нухь, Ибрэхьим, Мусэ, Данил, Щамел, Даут, Сэлмэн сымэ я хъыбархэм хуэдэуи, Сэфирэт-гуащэ и тхыдэр адыгэхэм зэрацIыхур дин хъыбарущ. Абы къегъэлъагъуэ ар КъуэкIыпIэ Гъунэгъум къызэрикIар, «Сэфирэт и*

*тхылъым» къыхэщыж пащтыхь гуащэ Эстер, адыгэбзэкIэ Сэфирэт-гуащэ жыхуаIэм, и тхыдэм гуэх имыIэуи зэрепхар.*

## ЯПЭ IЫХЬЭ

### *Къэжэр пащтыхь Ахъийшурэщ ефэ-ешхэ ищIахэр*

1 Мы тхыдэ хъугъэ-щIагъэр* къыщыхъуар Ахъийшурэщ[a]
и тетыгъуэм щыгъуэщ – Хьинд[b] хэгъэгум* щегъэжьауэ
Куш[c] нэсыхукIэ дэлъ хэгъэгуищэрэ тIощIрэ блыр зи унафэ
щIэтыгъа Ахъийшурэщ и лъэхъэнэрщ. 2 Пащтыхь тахътэр
абы щыгъуэ здэщыIар Шушан[d] быдапIэрт. 3 Тахътэм зэры-
дэкIуейрэ илъэс ещанэр екIуэкIыу Ахъийшурэщ хэкум
лIакъуэлIэшрэ* уэркъышхуэу исым ефэ-ешхэшхуэ яри-
щIэкIащ. Къэжэрымрэ* Мыдымрэ дзэпщу щыIэр, пщырэ
хэгъэгу пашэу* исыр къыщызэхуэсат абы. 4 Махуищэрэ
махуэ тIощIиплI енкIэ и пащтыхьыгъуэ мылъкушхуэу
илъымрэ щытхъурэ щхьэлъапIэныгъэу езым къыхуа-
гъэфащэмрэ зыхуэдэр яригъэлъэгъуат абы и хьэщIэхэм.
5 А махуэхэр зэрыдэкIыу Шушан быдапIэм цIыхуу
дэсым щхьэкIэ, цIыкIуи ини кърихьэлIэу, пащтыхьым и

[a] 1:1 ЩIэныгъэлэжьхэм я нэхъыбэм зэрызэдащтамкIэ, текстым зи цIэр къыхэщ Ахъийшурэщыр Къэжэр пащтыхьыгъуэр ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 486/5 гъэм щегъэжьауэ 465 гъэм нэс зи IэмыщIэ илъа Ксеркс Езанэрщ.

[b] 1:1 Индие щIыналъэр.

[c] 1:1 СуданыщIым и зэхуэдитIымрэ Мысыр щIыналъэм и ипщэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ щIыгухэмрэ зыхыхьэ хэкум аращ зэреджэу щытар.

[d] 1:2 Иджырей Иран хэгъэгум и къухьэпIэмкIэ щыIэ къалэщ. Пасэм щыгъуэ Къэжэр пащтыхьыгъуэм и щыхьэрищым язэу щытащ; хэгъэгу Iэщхьэтетхэр щIымахуэм зыдэсу щыта сэрейри здэщыIар мыбдежщ.

сэрей* пщIантIэшхуэм махуибл ефэ-ешхэ щызэхишащ.
[6] ПщIантIэр чэтэн* Iупхъуэ хужь-плъыжьыфэхэмкIэ гъэ-
щIэрэщIат. Ахэр чэтэныпс плъыжь-фIыцIафэ пIащIэхэм-
кIэ мывэху пкъохэм хэщIыхьа дыжьын хъурджанэхэми*
епхыжат. Зи жыхафэгур мывэплъэ мывэхухэмкIэ,
мывэ щхъуэкIэплъыкIэхэмрэ налкъутналмэсхэмкIэ
япкIа пщIантIэм дыщэмрэ дыжьынымрэ къыхэщIыкIа
тахътэбанхэр къыщегъэувэкIат. [7] Зэщхьу тIу зыхэмыт
дыщэ фалъэхэмкIэ санэр щымысхьыжу щызэрахьэрт,
фадэ пIащIэри щыпэрыхьэтт. [8] Щхьэж зыхуейм хуэдиз
ирифыну хуитт, хэгъэзыхьи щыIэтэкъым – дэтхэнэми
зэрыфIэфIым хуэдэу яхуэIуэхутхьэбзэщIэну фадащхьэ-
тетхэм пащтыхьым унафэ яхуищIат.
[9] А махуэ дыдэхэм хуэзэу Уэштий-гуащи цIыхубзхэм
щхьэкIэ Ахъийшурэщ зыдэс сэрейм ефэ-ешхэ щищIащ.

### *Уэштий-гуащэм пащтыхь тахътэр зэрыфIэкIуэдар*

[10] Санэм къигъэжэна пащтыхьым ебланэ махуэм и
IуэхутхьэбзащIиблым[a] – Мыхъумин, Безытэ, Хъэрбон,
Беджытэ, Абэджытэ, Зэтар, Къарэкъас сымэ – унафэ
яхуищIащ [11] гуащэ пыIэр щхьэрыгъыу Уэштий и пащхьэ
кърашэну. Нэ фыгъуэ зытрамыгъаплъэм хуэдэу дахэ
гуащэр цIыхубэмрэ и блыгущIэтхэмрэ яригъэлъагъу-
мэ и гуапэт. [12] IуэхутхьэбзащIэхэм лъагъэIэса унафэм
Уэштий-гуащэ къедэIуэн идакъым. Арыххэти, пащтыхьыр
губжьым зэщIищтэри, мафIэм хуэдэу къызэщIэнащ.

---

[a] 1:10 Тхылъым и кIуэцIкIэ зыбжанэрэ ущрихьэлIэ «IуэхутхьэбзащIэ» псалъэмкIэ къэдгъэлъагъуэр сэрейм Iуэхуу дэлъым кIэлъыплъ хьэдымхэращ, е, нэгъуэщIу жыпIэмэ, зи хъулъхугъащхьэр зыIэщIаха цIыхухъухэращ. Пасэрей журтыбзэкIэ тха Iэрытххэм къыщыкIуэ «сарис» псалъэм нэхъыбэм кърахыр а мыхьэнэрауэ щыт пэтми, пащтыхьым къулыкъу хуэзыщIэ цIыхуми ар щыхуахь къыхокI. Тхыгъэ ЛъапIэр зэрыщыту къапщтэмэ, «сарис» псалъэм пащтыхьым и блыгущIэтхэри, упщIэжакIуэхэри, дзэпщхэри, Iуэхузехьэхэри, IуэхутхьэбзащIэхэри, н.къ. къигъэлъагъуэу куэдрэ ущыхуэзэ щыIэщ. КъикI дыдэр зэрагъэнахуэри контекстым теухуауэщ.

13 Хабзэхэмрэ унафэу щыIэхэмрэ хэзыщIыкI цIыху
Iущхэм упщIэж* ярихьэлIэныр пащтыхьым и щэну
щытти, Iуэхум щыгъуазэхэм чэнджэщ щхьэкIэ захуи-
гъэзащ. 14 А лъэхъэнэм Ахъийшурэщ и дзыхь нэхъ зри-
гъэзыр Къарэшынэ, Шэтар, Адмэт, Тэршыш, Мэрэс,
Мэрсэн, Мэмухъан сымэт – Къэжэрымрэ Мыдымрэ
щыщ лIакъуэлIэшиблырт. Пащтыхьым и пащхьэ щы-
хуейм деж ихьэфри, пащтыхьыгъуэм цIыхуу исым нэхъ
яхэIэтыкIари ахэрат.
15 «IуэхутхьэбзащIэхэм езгъэIуэхуа унафэм Уэштий-
гуащэ зэребэкъуам щхьэкIэ, хабзэкIэ узэрыдызекIуэн
хуейр дауэ?» – жиIэри щIэупщIащ Ахъийшурэщ.
16 Пащтыхьми, лIакъуэлIэшхэми захуигъазэу Мэмухъан
къэуври жиIащ: «Уэштий-гуащэр щымысэр* пащтыхь
пащхьэм и закъуэкъым, атIэ Ахъийшурэщ и IэмыщIэ
илъ щIыналъэхэм лъэпкъыбэу щыпсэухэмрэ лIакъуэ-
лIэшу исхэми екъуэншэкIащ ар. 17 Гуащэм IэщIэщIам
и гугъур цIыхубзхэм зэхахмэ, я щхьэгъусэхэм нэмыплъ
ирату хуежьэнущ, „Езы пащтыхь Ахъийшурэщ, Уэштий-
гуащэр къысхуэфшэ, жиIэу, унафэ щищIым, къыху-
щIэкIакъым“, – жаIэурэ. 18 Гуащэр зэрызекIуа щIыкIэм
и хъыбарыр Къэжэрымрэ Мыдымрэ тетыгъуэ щызиIэхэм
я бзылъхугъэхэм нобэ щалъэIэскIэ, щапхъэ трахынщи,
мыужьыхыж зэщыхьэмрэ зэгурымыIуэмрэ къыхэкIынщ!
19 Аращи, пащтыхьым игъуэджэ* щымыхъунумэ, и
пащхьэ Уэштий абы фIэкIа къызэримыхьэнум и унафэр
ирещIи, игъащIэкIэ ирамытхъыкIыжыну Къэжэрымрэ
Мыдымрэ я хабзэ тхылъхэми ар хрырегъатхэ. Гуащэ цIэм
хуэфащэ пщIэри ар къэзылэжь нэгъуэщI цIыхубз гуэрым
лърегъэс. 20 Ар пащтыхьым и унафэу пащтыхьыгъуэм и
дэнэ лъэныкъуэкIи щызэбграхкIэ, цIыхубзхэми я щхьэ-
гъусэхэм, ар пщыуи ирехъу, унэIутуи щрет, хуэщIыпхъэ
пщIэми щIачэнкъым».
21 Чэнджэщыр Ахъийшурэщи, абы и блыгущIэтхэми
ягу ирихьащ, Мэмухъан и жыIэм тещIыхьа унафэри
пащтыхьым къиихьащ. 22 «ЛIыр и унэ щытепщэщ» жиIэу

иту щIыналъэ къэс тхыбзэу илъымрэ лъэпкъыу исым я бзэкIи тхауэ паштыхьыгъуэм и дэнэ къуапи унафэр щызэбграгъэхащ.

## ЕТIУАНЭ IЫХЬЭ

### *Сэфирэт паштыхь гуащэ зэрыхъуар*

[1] ТIэкIу тещIэу и губжьыр нэхъ щыщхьэщыум, Уэштий
ищIамрэ абы трищIыхьыжа унафэмрэ паштыхь Ахъий-
шурэщ егупсысыжащ. [2] «Пщащэ дахэхэм я лъыхъуакIуэ
хэгъыхьэ! – жаIэу и Iуэхузехьэхэм къыщыхалъхьари абы
щыгъуэщ. – [3] Паштыхьыгъуэм къиубыд хэгъэгу псоми
лIыкIуэхэр яхуэщIи, зи теплъэкIэ гурыхь пщащэхэр
Шушан быдапIэм дэт цIыхубз унэм къыщызэхуашэсы-
ну унафэ щIы. Уи Iуэхутхьэбзащ Iэхэм ящыщ Хъыджий,
цIыхубз унэм и кIэлъыплъакIуэм, ахэр и IэмыщIэ илъхьи,
загъэдэхэн щхьэкIэ дыхумэ дахэхэр къызыпих щыхуэн
дагъэ зэхуэмыдэхэр иретъэт. [4] Уигу ирихьын пщащэ
абыхэм къахэкIмэ, Уэштий и пIэкIэ гуащи ирехъу». А
псалъэхэр игъуэу жыIа хъуауэ паштыхьым къилъытэри,
абы тещIыхьа унафи ищIащ.
[5] Шушан быдапIэм Бенамин и лIакъуэм щыщу зы журт
гуэр дэсащ, Мардэхей и цIэу. Ар Къыш и къуэ Щэмей
и къуэ ЙаIир и къуэт. [6] Бабылей[a] паштыхь Нэбыхъу-
нэщыр[b] журт паштыхь Ехъуней Iэрыубыд щищIам щыгъуэ
Ерусэлим гъэру къыдашахэм яхэтащ абы и унагъуэр.

*a* **2:6** Вавилон.
*b* **2:6** Текстым зи цIэ къыхэщ Нэбыхъунэщырыр Бабылей паштыхьы-гъуэр ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 605 гъэм щегъэжьауэ 562 гъэм нэс зи IэмыщIэ илъа Навуходоносор ЕтIуанэрщ. Аращ ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 597 гъэм ебгъэрыкIуэу Ерусэлим къэзызэуар, мин

7 Мардэхейщ и адэ къуэшым ипхъу ХьэтIасэ, СэфирэткIи[a]
зэджэр, зыпIыжар. Ади ани щхьэщымытыжу зеиншэ
хъурейуэ къэнат ар. Хъыджэбз цIыкIур дахэт икIи зэ-
кIужт. И адэ-анэр щыщхьэщыукIурииkIым, Мардэхей
ар зришэлIэжри бын-къан ищIыгъат.
8 Пащтыхь унафэр цIыхубэм щахэIуэм, Шушан быда-
пIэм Хъыджий и нэIэ щIэтыну пщащэ куэд къыщызэхуа-
шэсащ. Абы щыгъуэщ Сэфирэт сэрейм къашэу цIыхубз
унэм и тет Хъыджий и IэмыщIэ щралъхьари. 9 Хъыджэбзыр
абы игу дыхьэри, и нэфIи щыхуащ. Куэд дыди дэмыкIыу
дыхумэ дахэхэр къызыпих щыхуэн дагъэ зэхуэмыдэхэм-
рэ къэуат зыщIэлъ шхын хэплъыхьахэмрэ кърит хъуащ.
Пащтыхь сэрей унэшхуэм кърища унэIут хъыджэбзиблыр
и IуэхутхьэбзащIэу къыбгъэдигъэувэри, цIыхубз унэм
и псэупIэ нэхъыфI дыдэм Сэфирэти ахэри иригъэшащ.
10 Сэфирэт къызыхэкIа лъэпкъыми зыщыщ лIакъуэ-
ми теухуауэ зыми зыри яжриIэртэкъым, сыту жыпIэмэ
ар ибзыщIыну Мардэхей абы унафэ къыхуищIыгъат.
11 Мардэхеи махуэл димыхыу къакIуэрти, цIыхубз унэм
и пщIантIэм и гупэкIэ щызэхэзекIуэрт, Сэфирэт щIэ-
упщIэрти, и Iуэху зыIутыр зригъащIэрт.
12 Пащтыхь Ахъийшурэщ и пащхьэ щихьэн хуей чэзур
къэмыс щIыкIэ, бзылъхугъэм хуагъэува хабзэм тету,
дэтхэнэ зы пщащэми мазэ пщыкIутIым и кIуэцIкIэ
зигъэдэхэн хуейт: ипэ мазихым мэ дахэхэр къызыпих
мир дагъэр зыщихуэу, къыкIэлъыкIуэ мазихым дыхумэ
зыщыу нэгъуэщI дагъэ зэмылIэужьыгъуэхэр зрихьэлIэу.

---

бжыгъэкIэ цIыхухэр гъэру иубыду Бабылей зыхуари. Iэрыубыд
ящIахэм яхэтащ Ехьудейм и пащтыхь Ехъунеи.

[a] 2:7 Журт. «Эстер». ХамэщI къина журтхэм я лъэпкъыцIэри мажусии-
цIэри зэгъусэу зэрахьэу зэрыщытар Сэфирэт и щапхъэм къегъэ-
лъагъуэ. ХьэтIасэр (журт. Хадасса) хъыджэбзым и цIэ дыдэщ,
«мерэт» жыхуиIэщ. Сэфирэтыр, пасэрей журтыбзэкIэ «Эстер» хъур,
хъыджэбзым къыфIаща мажусиицIэращ. Пасэрей къэжэрыбзэм
хэта «вагъуэ» псалъэм къытекIауэ хуэзыгъэфащэхэри, бабылей
тхьэгуащэу Иштар и цIэм къытекIауэ къэзылъытэхэри щыIэщ.

[13] Пщащэр пащтыхьым деж кIуэну цIыхубз унэм къыщикI-
кIэ, къызыщIэлъэIу псори иратырт. [14] Пщыхьэщхьэм абы
деж кIуауэ пщэдджыжьым къэзыгъэзэжыр пащтыхьым
и жэщгъуэлъ цIыхубзхэр щыпсэу етIуанэ унэм яшэрт.
Ар зи нэIэ щIэтыр пащтыхьым и Iуэхутхьэбзащ Iэхэм
ящыщу ШэIэшгъэзт. Абдежым щегъэжьауэ хъыджэбзыр
пащтыхьым деж щIыхьэжыртэкъым, къыхуейуэ и цIэкIэ
къемыджэ къудеймэ.
[15] Ауэрэ Сэфирэти – Мардэхей и адэ къуэш АбыхъурэIил
ипхъу бын-къану зришэлIэжар – пащтыхьым деж щы-
щIыхьэну и чэзур къэсащ. ЦIыхубз унэм и тет Хъыджий
кърита чэнджэщхэм теухуауэщ абы зызэригъэщIэрэщIари.
Къэзылъагъу псоми я гур итхьэкъуу апхуэдэт Сэфирэт.
[16] Пщащэр сэрейм щыдашар епщIанэ мазэрщ, Тебэт
мазэрщ, Ахъийшурэщ и тетыгъуэр илъэсибл щрикъурщ[a].
[17] Сэфирэт адрей цIыхубзхэм нэхърэ нэхъыфIу
пащтыхьым илъэгъуащ, адрей пщащэхэми нэхърэ мы-
бы игу нэхъ кIэрыпщIащ. Гуащэ пыIэр щхьэритIагъэри,
Уэштий и пIэкIэ пащтыхь гуащэ ищIащ. [18] Абы иужь
лIакъуэлIэшрэ уэркъышхуэу щыIэр кърихьэлIэу Сэфирэт
и цIэкIэ ефэ-ешхэшхуи ищIащ. ЩIыналъэхэм махуэщI
махуэу ар щигъэуври[b], пащтыхьым узэрыхуэупсэн хуэдэ
тыгъэ лъапIэхэри иригъэгуэшащ.

### *Мардэхей пащтыхьыр ажалым къызэрыригъэлар*

[19] Пщащэхэр етIуанэу къыщыхашым, Мардэхей
пащтыхьым и Iуэхузехьэхэм ящыщ зы хъуауэ сэрей
куэбжэпэм деж и лэжьыгъэ Iыхьэр щрихьэкIырт[c].
[20] Япэми хуэдэу, Сэфирэт Мардэхей и жыIэ емыбакъуэу

---

*a* **2:16** Ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 479-478 гъ. щIымахуэпэ мазэм.

*b* **2:18** Е «ЩIыналъэхэм хьэкъулэр ящхьэщихри». Пасэрей журты-
бзэкIэ тха Iэрытхым къыщыкIуэ псалъэм къикIыр гурыIуэгъуэ
дыдэу щыткъым.

*c* **2:19** Мардэхей...и лэжьыгъэ Iыхьэр щрихьэкIырт – Журт. «Мардэхей
сэрей куэбжэпэм деж щыст». Пащтыхьым къыхуищI пщэрылъхэр

лIакъуэкIэ зыщыщри лъэпкъкIэ къызыхэкIари ибзыщIырт, къан гъэсэну Мардэхей и унэ щисым и псалъэ тIэужыIэ иримыгъэщIу зэрыщытам ещхьуи, ар абы иджыри едаIуэрт.

[21] Мардэхей и Iуэху щыпэт махуэхэм ящыщ зым сэрейм и бжэIупэхъумэхэу Беджытэнрэ Тэрэшрэ гухьэ-гужь* хуащIам къыхэкIыу пащтыхь Ахъийшурэщ яукIыну мурад ящIащ. [22] Ар Мардэхей къыщищIэм Сэфирэт-гуащэм хуиIуэтэжащ, абыи къыжраIар Мардэхей и цIэкIэ пащтыхьым лъигъэIэсыжащ. [23] Iуэху ящIу пэжыр къыщыщIэщым, а нэрыбгитIым я унафэр щхьэпылъэкIэ ящIащ[a]. А лъэхъэнэм и къэхъукъащIэхэр зратхэ тхылъми а псор пащтыхьым и унафэкIэ иратхэжащ.

## ЕЩАНЭ IЫХЬЭ

### *Журтхэр игъэкIуэдыну Аман мурад зэрищIар*

[1] Зы тэлай гуэр дэкIауэ пащтыхь Ахъийшурэщ аджадж лъэпкъым щыщ Хьэмэдэт и къуэ Аман[b] хиIэтыкIри,

игъэзащIэу, жыхуиIэщ. Сэрей куэбжэпэм дежщ пащтыхь IуэхущIэхэм я лэжьыгъэр щрахьэкIыу щытар. Еплъ: 2:21; 3:2-3.

*a* **2:23** Е «а нэрыбгитIыр бжэгъум фIагъэтIысхьащ».

*b* **3:1** ЩIэныгъэлэжьхэм я нэхъыбэм зэралъытэмкIэ, Аман амэлычхэм я пащтыхьу щыта Аджадж и щIэблэщ. Мысырым къикIыж исрэIилхэм амэлычхэр зэратеуэрэ лъэпкъитIыр зэбийуэ къэгъуэгурыкIуащ. ИсрэIил хэгъэгум и япэ пащтыхь, Мардэхей и адэжь ТIалутI амэлычхэр зэтриукIэн хуейуэ Тхьэм унафэ къыщIыхуищIауэ щытари аращ. А ныбжьрей лъагъумыхъуныгъэу амэлычхэмрэ журтхэмрэ я зэхуаку илъам къыбгурегъаIуэ Мардэхей Аман лъытэныгъэ хуищIыну щIыхуэмеяри, Аман зэрыжурт лъэпкъыу я лъапсэ игъэгъущыну щIытегушхуари.

лIакъуэлIэшхэми нэхърэ нэхъ лъагэу игъэуващ.
2 Пащтыхьым и Iуэхузехьэ псоми Аман и пащхьэ лъэ-
гуажьэмыщхьэ зыщрагъауэрт, пщIэшхуэ хуащIурэ – арат
Ахъийшурэщ унафэу ищIар. Ауэ Мардэхей и закъуэщ
лъэгуажьэмыщхьэ абы зыхуизымыгъэуари, лъытэныгъэ
зи цIи хуэзымыщIари.
3 «Пащтыхь унафэм ущIебакъуэр сыт?» – жаIэурэ
пащтыхьым и Iуэхузехьэхэр Мардэхей къехъурджа-
уэрт. 4 Зэпымыууэ апхуэдэу къыжраIэ пэтми, зы-
тетым ар яхутекIыртэкъым, сэ сыжуртщ, жиIэр-
ти. Арати, мобыхэми Мардэхей и зекIуэкIэр къы-
хуэгъумэ зэрагъэщIэн щхьэкIэ, кIуэри Аман бзэгу
хуахьащ.
5 Езы Амани Мардэхей лъэгуажьэмыщхьэу зэры-
хуэмытIысри, пщIэ къызэрыхуимыщIри щилъагъум,
хуабжьу губжьащ. 6 Зыщыщ лъэпкъыр хэтми къы-
щищIэми, Мардэхей и закъуэ игъэкIуэдыныр фIэ-
мащIэ хъуащ; абы и лъэпкъэгъуу Ахъийшурэщ и
пащтыхьыгъуэм и дэнэ къуапи щыпсэу журтхэм я
лъапсэр зэригъэгъущыну Iэмалыр къиулъэпхъэщу
хуежьащ.
7 Ахъийшурэщ и тетыгъуэр илъэс пщыкIутI щрикъум,
Нисан зи цIэ япэ мазэм[a], Аман и пащхьэ пхъэидзэ, «пур»
жыхуаIэр, щадзащ, журтхэр щызэтраукIэну махуэмрэ
мазэмрэ къагъэнэхуэн щхьэкIэ. Пхъэидзэм къикIар
епщыкIутIанэ мазэрщ, Адар мазэрщ[b].
8 «Пащтыхьыгъуэм и дэнэ къуапи загъэщхьэхуэу зы
лъэпкъ гуэр щопсэу, – жиIащ Аман Ахъийшурэщ зы-
хуигъазэри. – Абыхэм я хабзэхэр нэгъуэщI лъэпкъ
хабзэхэми ещхькъым, уи унафэхэри ягъэзащIэркъым.
Сыт ахэр зыхуэпшэчыр?! 9 ЖысIэр къыздэпщтэмэ, ахэр
зэтраукIэну унафэ щIы; сэри дыжьын къэп минипщI[c]

---

[a] 3:7 Ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 474 гъ. и гъатхэпэ мазэм.
[b] 3:7 Ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 473 гъ. и щIымахуэкIэ мазэм.
[c] 3:9 Журт. «дыжьын талант 10,000» – ар дыжьын тонн 300 хуэдиз мэхъу.

уи Iуэхузехьэхэм къахуэсшэчынщи, хъарзынэщым* ира-
лъхьэну къайстынщ».
10 Абдежым пащтыхьым и мыхъур Iэлъыныр зыIэрих-
ри аджадж лъэпкъым щыщ, журтхэм я бий кIэуфIыцI
Хьэмэдэт и къуэ Аман иритащ. 11 «Дыжьынри къызы-
хуэгъэнэж, а цIыху лъэпкъым епщIэну пфIэигъуэмкIи
ухуитщ», – жриIащ абы Аман.
12 Япэ мазэм и епщыкIущанэ махуэм[a] пащтыхь тха-
кIуэхэр кърaджащ. ЩIыналъэ къэс тхыбзэу илъым-
рэ лъэпкъыу исым я бзэкIи тхауэ пщыхэм, хэгъэгу
пашэхэм, лъэпкъ зэхуэмыдэхэм ящыщ лIакъуэ-
лIэшхэм Аман унафэу ищIари хуатхащ. А унафэр
къызэрыдэкIар пащтыхь Ахъийшурэщ и цIэ-
кIэт, абы и мыхъур Iэлъынри тегъэуэжат. 13 Журт-
хэм ящыщу жьыи щIэи, цIыхубзи сабии зы къэ-
мынэу яукIын, ягъэкIуэдын, я лъапсэр ягъэгъущу
мылъкуу яIэр зэрапхъуэн хуейуэ къэзыгъэув а унафэр
пащтыхьыгъуэм и дэнэ щIыналъи щызэбгратыкIы-
ну шу лIыкIуэхэр яутIыпщащ. ПIалъэу ягъэува-
ри епщыкIутIанэ мазэм и зы махуэт – Адар мазэм и
епщыкIущанэ махуэрт.[b] 14 А махуэм хуэхьэзыру щы-
тын щхьэкIэ, пащтыхь унафэм хабзэ къару зэриIэр
щIыналъэхэм щыгъэIун икIи ар лъэпкъыу хъуам зэ-
лъащIысын хуейт.
15 Пащтыхь жыIэм тету шу лIыкIуэхэр жэрыгъэкIэ
яутIыпщащ. Унафэр Шушан быдапIэм дэсхэми яхэIуащ.
Пащтыхьымрэ Аманрэ фадэ Iэнэм бгъэдэтIысхьэжащ,
ауэ гухэщI-гумэщIышхуэм зэры-Шушан быдапIэу зэ-
щIищтащ.

---

*a* 3:12 Ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 474 гъ. и гъатхэку мазэм и 17-нэ махуэм.

*b* 3:13 Ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 473 гъ. и гъатхэпэ мазэм и 7-нэ махуэм.

## ЕПЛIАНЭ IЫХЬЭ

### *Журтхэм къадэIэпыкъуну Мардэхей Сэфирэт зэрелъэIуар*

1 Къэхъуар къыщищIэм, Мардэхей и щIыIутелъхэр
зэхичатхъэщ, щыгъыныжьхэр зэщитIагъэри, сахуэр и
щхьэм къыхэщэщу, гъуэгрэ бжэуэ къалэм къыдыхьащ[a].
2 Щыгъыныжь зыщыгъ зыри адэкIэ ягъакIуэртэкъыми,
сэрей куэбжэпэм нэсри къыщыувыIащ. 3 Пащтыхь
унафэр зылъэIэса щIыналъэхэм щыпсэу журтхэми а
гуауэ щIыIэр къатепсыхащ, нэщI ихьащ, гъыбзэмрэ
гуIэ тхьэусыхэшхуэмрэ ягъэшу хуежьащ; куэд дыдэми
щыгъуэ щыгъыныжьхэмкIэ зыхуапэри сахуэм хэгъуэлъхьащ.
4 Мардэхей и хъыбарыр и унэIут цIыхубзхэмрэ Iуэхутхьэбзащ Iэхэмрэ[b] къыщыхуахьым, Сэфирэт-гуащэ
хуабжьу къэгузэващ. Абы щыгъыныщIэхэр Мардэхей
хуригъэхьат, и щыгъыныжь чэтхъахуэхэр зыщригъэхыу ахэр зыщригъэтIэгъэн щхьэкIэ, ауэ мыдрейм ахэр
яIихын идакъым.
5 Апхуэдэу щыхъум, Сэфирэт и IуэхутхьэбзащIэу
ягъэува унэIутхэм ящыщ Хьэтэх къриджэри, Мардэхей
деж игъэкIуащ зыгъэгузавэмрэ апхуэдэу щIищIэмрэ жригъэIэну. 6 Хьэтэх сэрей куэбжэпэм и гупэ къит
къалэ утым деж щыс Мардэхей бгъэдыхьащ. 7 Мардэхей

---

*a* **4:1** КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыпсэу лъэпкъхэм гуауэ къащытепсыхэкIэ, я щыгъын щIыIутелъхэр зэхачатхъэрэ щыгъуэ щыгъынхэр къызэщатIагъэу, сахуэр я щхьэм драпхъейрэ ину гъуэгрэ бжэуэ хабзэ яхэлъащ.

*b* **4:4** Еплъ. 1:10.

къыщыщIа псори абы хуиIуэтащ, журтхэр зэрызэ-
траукIэнум пэкIуэу Аман хъарзынэщыр дыжьынкIэ
иущэну* пащтыхьыр зэригъэгугъами и гугъу хуищIащ.
8 Абы иужькIэ, Сэфирэт хуихьу иригъэлъэгъун папщIэ,
Мардэхей Хьэтэх иритащ журтхэр ягъэкIуэдын хуейуэ
зыгъэув унафэу Шушан быдапIэм щагъэхъыбарам тра-
тхыкIа тхылъымпIэр. Мардэхей Хьэтэх елъэIуащ Iуэхур
зыIутыр Сэфирэт гуригъэIуэну икIи езыр зыщыщ
лъэпкъым щхьэкIэ гущIэгъу лъыхъуэу пащтыхьым деж
кIуэн зэрыхуейр жриIэну.

9 Хьэтэх кIуэжри Мардэхей и псалъэхэр Сэфирэт хуи-
Iуэтэжащ. 10 Асыхьэту Сэфирэт Хьэтэх иIуэхуащ Мардэхей
деж кIуэуэ жриIэну: 11 «Пащтыхь къулыкъущIэхэми,
пащтыхьыгъуэм хэку-хэкукIэрэ лъэпкъыу исми ящIэ, ар
ирецIыхухъу, ар ирецIыхубз, къраныджауэ пащтыхьым и
пщIантIэ кIуэцI дыхьэм хабзэкIэ къыпэщылъыр зыхуэ-
дэр – абы и унафэр укIщ. Псэууэ къелынури пащтыхьым
и дыщэ башыр зыхуишийращ. Си гугъу пщIымэ, мазэ
мэхъу ар къызэрызэмыджэрэ».

12 Сэфирэт и псалъэхэр Мардэхей щызэхихым, 13 мы-
пхуэдэ жэуап иригъэхьыжащ: «Сэрейм узэрыдэсым
щхьэкIэ журтхэм я щхьэ кърикIуэнум уфIэкIын уимы-
гугъэ. 14 Мыпхуэдэ зэман бзаджэм зыри жумыIэу зы-
бущэхуми, журтхэр кIуэдыпIэ къизышын, къезыгъэлын
нэгъуэщI гуэр къыкъуэкIынщ, ауэ уэрэ уи адэжьхэм-
рэ фи лъапсэм псыр ирагъэжыхьыжынщ. ИтIани, хэт
ищIэрэ, нобэ хуэдэ зы махуэуи къыщIэкIынщ пащтыхь
гуащэ ущIэхъуари?!»

15 Апхуэдэу щыхъум мыр жэуапу Мардэхей иратыжыну
Сэфирэт унафэ ищIащ: 16 «Хыхьи, Шушан дэс журтхэр
къызэхуэшэси, сэр щхьэкIэ фынэщI[a]. Жэщищ-махуищкIэ
фемышхэ икIи фемыфэ. Сэри, си унэIут цIыхубзхэр си
гъусэу, фэ фхуэдэ къабзэу сынэщIынщ. КъекIуэкI хабзэм

[a] 4:16 Гузэвэгъуэ щихуэкIэ е гуауэ къащылъэIэскIэ журтхэр нэщI ихьэр-
ти, гущIэгъу къахуищIу гъуазэ яхуэхъуну Тхьэм елъэIуу щытащ.

себакъуэми, пащтыхьым деж сыкӀуэнщ. Си кӀуэдыр абы къыхэкӀынуми, срекӀуэд».

[17] Мардэхей ежьэри, Сэфирэт унафэу къыхуищӀар игъэзэщӀащ.

## ЕТХУАНЭ ӀЫХЬЭ

### *Сэфирэт ефэ-ешхэм пащтыхьыр зэрыригъэблэгъар*

[1] Ещанэ махуэм Сэфирэт гуащэ фащэхэр зыщитӀагъэщ аби, тахътэр зыщӀэт унэм и гупэкӀэ къиту сэрейм и пщӀантӀэкум къиуващ. Пащтыхьри, тахътэм тесу, сэрейм и къыдыхьэпӀэм хуэзанщӀэу щыст. [2] ПщӀантӀэкум ит Сэфирэт-гуащэр абы къыщилъагъум, нэ гуапэкӀэ къеплъащ, ӀэщӀэлъ дыщэ башри къыхуишиящ. Сэфирэти кӀуатэри, башыпэм щабэу теӀэбащ.

[3] «Сыт узыгъэгузавэр Сэфирэт-гуащэ? Сыт узыщӀэлъэӀур? – еупщӀащ абы пащтыхьыр. – ЖыпӀауэ пхуэзмыщӀэн мы дунейм теткъым».

[4] «Игъуэу къэплъытэмэ, – жиӀащ Сэфирэт, – нобэ уэ щхьэкӀэ згъэхьэзыра ефэ-ешхэм Аман и гъусэу зыкърегъэхьэлӀэ».

[5] «ЩӀэхыу Аман къысхуэфшэ, – ищӀащ унафэ Ахъийшурэщ, – Сэфирэт къызыщӀэлъэӀуар хуэдмыщӀэу хъунукъым».

Арати, Аман гъусэ ищӀри, пащтыхьыр Сэфирэт игъэхьэзыра ефэ-ешхэм кӀуащ. [6] Санэм ефэу здэщысым, пащтыхьыр Сэфирэт зыхуигъазэри еупщӀащ: «Сытыт узыхуейр? ЖыпӀэркъэ, къохъулӀэнущ ар уэ! Сыт хуэдэ лъэӀу къысхуиӀэр? ЖыпӀауэ пхуэзмыщӀэн мы дунейм теткъым».

[7] «Сызыхуейуэ сызыщIэлъэIур мыращ, – жиIащ
Сэфирэт. – [8] Суримыжагъуэмэ, сызыхуей псори къы-
схуэпщIэнур пэжмэ, сызыщIэлъэIури бгъэзэщIэну пфIэ-
игъуэмэ, пщэдеи пхуэзгъэхьэзырыну ефэ-ешхэм Аман
и гъусэу иджыри зэ къысхуеблагъэ. Мис абы щыгъуэ
узыщIэупщIами жэуап нестынщ».

### *Аман Мардэхей иукIыну игу зэрырилъхьар*

[9] Аман гуфIэу, гунэдж* дахэ иIэу къежьэжащ.
Сэрей куэбжэпэм деж Мардэхей щрихьэлIэм, къы-
зэрыхуэмытэджам, и шынагъэ лъэIэсу зэрыримыгъэ-
лъэгъуам хуабжьу иригубжьащ. [10] Ауэ Аман зишыIэри
и унэ кIуэжащ.

И ныбжьэгъухэмрэ и щхьэгъусэ Зэрэшрэ къриджэ-
ри, [11] мылъкуу бгъэдэлъым и инагъымкIэ, къуэ бын
унагъуэшхуэу зэрыщытымкIэ, пащтыхьым пщIэ къы-
зэрыхуищIымрэ лIакъуэлIэшхэмрэ уэркъышхуэхэмрэ
зэрахиIэтыкIамкIэ Аман зыщытхъужу хуежьащ. [12] «Абы
щыфIэкIыжу, – къыпищащ адэкIэ Аман, – Сэфирэт-
гуащэ си закъуэщ иригъэблэгъар игъэхьэзыра ефэ-ешхэм
пащтыхьым и гъусэу кIуэну. Пщэдей гуэрми пащтыхьым
сыщIыгъуу сыкIуэну къызэджащ. [13] Ауэ журт Мардэхей
сэрей куэбжэпэм деж сыщрихьэлIэху а псор зыми щы-
мыщу мэкIуэдыж».

[14] И щхьэгъусэ Зэрэшрэ и ныбжьэгъухэмрэ жраIащ абы
итIанэ: «IэфракIэ щэныкъуэ[a] зи лъагагъ щхьэпылъа-
пIэр ягъэувыну унафэ щIыи, пщэдджыжь пащтыхьым
елъэIу Мардэхей абдеж и щхьэр щыпалъэну. ИтIанэ уи
гур зэгъэжауэ пащтыхьым и гъусэу ефэ-ешхэм кIуэ».
Чэнджэщыр Аман игу ирихьри, щхьэпылъапIэр ягъэ-
увыну унафэ ищIащ.

[a] 5:14 Метр 25-м нэблагъэ.

## ЕХАНЭ ІЫХЬЭ

### *Пащтыхьым Мардэхей зэригъэлъэпІар*

[1]А жэщым пащтыхьым и нэбдзыпэ зи хузэтелъхьэртэкъым. Арати унафэ ищІащ пащтыхьыгъуэм щыхъуа къэхъукъащІэхэр зратхэ тхылъыр къыхуахьу къыхуеджэну. [2]Абы кърaджыкIащ сэрейм и бжэIупэхъумэхэу Беджытэнрэ Тэрэшрэ пащтыхь Ахъийшурэщ яукIыну мурад ящIауэ зэрыщытар Мардэхей къызэрыщIигъэщыгъар.

[3]«Сыт хуэдэ пщІэрэ щхьэлъапІэныгъэрэ игъуэтыжа абы щхьэкІэ Мардэхей?» – щІэупщІащ пащтыхьыр.

«ХуащІа щыІэкъым», – кърaтыжащ абы жэуап и Іуэхутхьэбзащ Іэхэм.

[4]«Хэт Іуэхузехьэхэм ящыщу пщІантІэм дэтыр?» – щІэупщІащ пащтыхьыр.

Аман сэрей щІыб пщІантІэм дэтт. ЩхьэпылъапІэ игъэувам Мардэхей зэрыщыпилъэнум и ІуэхукІэ пащтыхьым епсэлъэну къэкІуауэ арат ар.

[5]«Аманщ иджыпсту пщІантІэм дэтыр», – жаІащ Іуэхутхьэбзащ Іэхэм.

«КъыщІрехьэт си деж», – ищІащ пащтыхьым унафэ.

[6]Аман къыщыщІыхьэм, пащтыхьыр абы еупщІащ: «ЗгъэлъэпІэну сызыхуей цІыхум сыт хуэсщІэмэ нэхъыфІ?»

«Сэр нэмыщІ пащтыхьым игъэлъэпІэнур хэт?» – жиІэри егупсысащ ар игукІэ. [7]«БгъэлъэпІэну цІыхум, – иритащ абы жэуап Ахъийшурэщ, – [8]пщыгъа фащэр къыхуегъэхь, узытеса шыми уи дамыгъэхэр зытет бэракъыр

теубгъуауэ[a] къыхуегъашэ. [9] ИтIанэ фащэмрэ шымрэ уи
зы лIакъуэлIэш пажэм ет. Ирехуапэ абы а щыгъынхэм-
кIэ згъэлъэпIарэт жыхуэпIэ цIыхури, ирегъэшэс шым,
„Мыращ пащтыхьым игъэлъэпIа цIыхум хуащIэр!“
жиIэурэ цIыхуцIэ зиIэм зэхахыуи шы IумпIэр иIыгъыу
къалэ утми къыщрырешэкI».
[10] «ЗанщIэу кIуэи, – жиIащ пащтыхьым Аман
унафэ хуищIурэ, – фащэри къащтэ, шыри Iэдэж
щIыи, сэрей куэбжэпэм деж зи Iуэху Iыхьэр щезы-
хьэкI журт Мардэхей къызэрызжепIам хуэдэ дыдэу
дызекIуэ. ЖыпIам щыщуи бгъэзэщIэну зыри зыщу-
мыгъэгъупщэ».
[11] Аман щыгъынхэри ищтэщ, шыр Iэдэжу ири-
шажьэри, Мардэхей ихуапэщ, игъэшэсщ, шы IумпIэр
иубыдыжри, цIыхуцIэ зиIэм зэхахыу «Мыращ
пащтыхьым игъэлъэпIа цIыхум хуащIэр» жиIэурэ
къалэ утым къыщришэкIащ.
[12] Абы иужь Мардэхей сэрей куэбжэпэм деж къи-
гъэзэжащ. Аман укIытарэ и щхьэр здихьынур имы-
щIэу жэрыгъэкIэ унэм къэкIуэжри, [13] къыщыщIа щIэ-
щхъур и щхьэгъусэ Зэрэшрэ и ныбжьэгъухэмрэ яхуи-
Iуэтэжащ.
КъыжраIащ абыхэм[b] итIанэ Аман: «Мардэхей и лъэпкъ-
кIэ журтщ, апхуэдэу узыгъэикIам упэлъэщынукъым,
шэч хэлъкъым узэрыIэщIэкIуэдэнуми».
[14] Ар жраIэн яухатэкъым пащтыхь IуэхутхьэбзащIэхэр
къэсу Сэфирэт игъэхьэзыра ефэ-ешхэм епIэщIэкIыу
Аман щашам.

---

*a* **6:8** Пасэрей журтыбзэкIэ тха текстым къызэрыхэщымкIэ, пащтыхь дамыгъэхэмкIэ гъэщIэрэщIар шыщхьэрат.

*b* **6:13** Журт. «и упщIэжакIуэхэмрэ и щхьэгъусэ Зэрэшрэ». Пасэрей журтыбзэкIэ тха Iэрытххэр мыбдеж зэтемыхуэу къыщыхэкI щыIэщ. Языныкъуэ тхыгъэжьхэм «упщIэжакIуэу» ущрохьэлIэ, нэгъуэщI Iэрытххэми «ныбжьэгъуу» къыщыгъэлъэгъуащ.

## ЕБЛАНЭ ІЫХЬЭ

### *Аман и щхьэ кърикІуар*

1 Паштыхьыр, Аман и гъусэу, Сэфирэт-гуащэ деж
ефэ-ешхэм кІуащ. 2 Япэ махуэми хуэдэу, санэ ефэу здэ-
щысым, паштыхьыр аргуэру щІэупщІащ: «Сытыт узы-
хуейр, Сэфирэт-гуащэ? ЖыпІэркъэ, къохъулІэнущ ар уэ!
Сыт хуэдэ лъэІу къысхуиІэр? ЖыпІауэ пхуэзмыщІэн мы
дунейм теткъым».
3 «Сурымыжагъуэмэ, – жиІащ Сэфирэт-гуащэр къэ-
псалъэри, – игъуэу къэплъытэмэ, сызыхуейр зыщ – си
гъащІэр сІыумых. СыкъызыхэкІа лъэпкъми гущІэгъу
къыхуэщІ – аращ сызыщІэлъэІур. 4 Дащащ дэ – сэри, си
лъэпкъри. ДаукІыу, дагъэкІуэду, ди лъапсэр ягъэгъуэщы-
ну аращ. ПщылІыпІэ драшэну дащауэ щытатэмэ, зыри
жысІэнтэкъым, узгъэгумэщІынтэкъым абы щхьэкІэ[a]».
5 «Хэт ар? Мышынэу ар зигу къэкІар дэнэ щыІэ?» –
еупщІащ къызэщІэнауэ Ахъийшурэщ Сэфирэт-гуащэм.
6 «Жагъуэгъури бийри мис мы бзаджащІэ Аманщ», –
жиІащ Сэфирэт. Абдежщ паштыхьымрэ гуащэмрэ я
шынагъэр Аман щызыхищІар.
7 Паштыхьыр губжьауэ къыщылъэтщ, фадэ Іэнэр
къигъанэщ аби, сэрейм дэт жыг хадэм хыхьащ. И псэм
тегужьеикІа Аман, паштыхьым мураду къыхуищІар
зыхуэдэр къыщыгурыІуэм, ажалым къыІэщІихынкІэ
Сэфирэт елъэІуу зыкърина щ.

---

*a* **7:4** узгъэгумэщІынтэкъым абы щхьэкІэ – Пасэрей журтыбзэкІэ тха Іэрытхым къыщыкІуэ псалъэхэм къарыкІыр гурыІуэгъуэ дыдэкъым, зэрызэдзэкІами къигъэлъагъуэр иІэнкІэ хъуну мыхьэнэхэм языхэзырщ.

[8] Сэрейм дэт жыг хадэм къикIыжу ефэ-ешхэу зыщIэса
унэм къыщигъэзэжым, Сэфирэт-гуащэр зытелъ тахътэ-
баным Аман зызэрытридзар пащтыхьым къилъэгъуащ.
«Мыр дауэ? Сэр щхьэкIи къимыгъанэу си пащхьэ гуащэр
щыхигъэзыхьыну ара?» – жиIэри Ахъийшурэщ къыхэ-
гуоукIащ.
Ар жиIэн иухатэкъым Аман щапхъуэтам[a]. [9] Абдежщ
Хъэрбон, пащтыхьым и Iуэхутхьэбзащ Iэхэм ящыщ зым,
щыжиIар: «Ажалым укъезыгъэлыгъауэ щыта Мардэхей
щыфIилъэну IэфракIэ щэныкъуэ зи лъагагъ щхьэпылъа-
пIэр Аман и унэ гупэм щыгъэувагъэххи...».
«Мис абдеж щыпыфлъэж-тIэ!» – ищIащ унафэ
пащтыхьым. [10] Арати, Мардэхей хуигъэхьэзыра щхьэ-
пылъапIэм езы Аман щыфIалъэжащ. Абы иужь пащтыхьым
и губжьри ужьыхыжащ.

## ЕЯНЭ IЫХЬЭ

***Журтхэм захъумэжыну зэрыхуитымкIэ пащтыхьым унафэ къызэрыдигъэкIар***

[1] А махуэ дыдэми пащтыхь Ахъийшурэщ журтхэм я бий
фIыцIэ Аман и унэ-лъапсэр Сэфирэт-гуащэм иритащ[b].
Мардэхей къызэрыгухьэ щIыкIэр Сэфирэт пащтыхьым
щыжриIэм, ар къриджащ. [2] Аман къыIрихыжа и мыхъур

[a] 7:8 Журт. «Аман и нэгур [тепхъуэкIэ] щIауфащ». Пасэрей журтыбзэкIэ тха Iэрытхым къыщыкIуэ псалъэхэм къарыкIыр гурыIуэгъуэ дыдэу щыткъым, ауэ, зэрыхуэбгъэфэщэнкIэ, Аман кIэ зэрыратар къигъэлъагъуэу аращ.

[b] 8:1 ЕпцIыжакIуэхэмрэ щIэпхъаджащIэхэмрэ я мылъкур хэгъэгу хъарзынэщым щыщ хъуныр Бабылей пащтыхьыгъуэм илъа хабзэхэм ящыщ зыт.

Iэлъыныр пащтыхьым зыIэрихри Мардэхей иритащ. Сэфирэтми Аман къыщIэныжа унэ-лъапсэм и тету Мардэхей игъэуващ.

[3] Зыхуигъэзащ аргуэру Сэфирэт пащтыхьым, и пащхьэ зыщридзыхри гъуэгыу елъэIуащ. Аджадж лъэпкъым щыщ Аман журтхэм яхуищIа мурад фIыцIэр къызэпиудыну елъэIут ар абы. [4] Пащтыхьми и дыщэ башыр Сэфирэт къыхуишийри, ар абы и пащхьэ къыщызэфIэуващ.

[5] «Игъуэу къэплъытэрэ, – жиIащ абы, – арэзы укъыстехъуэмэ, мы Iуэхури пфIэзахуэрэ сэри суримыжагъуэмэ, пащтыхьыгъуэм и дэнэ щIыналъи журту щыпсэум я лъапсэр ягъэгъущын хуейуэ иту аджадж лъэпкъым щыщ Хьэмэдэт и къуэ Аман яригъэтхыгъа тхылъхэм кърагъэгъэзэну унафэ щIы. [6] Армырмэ, сызыщыщ лъэпкъым и щхьэ кърикIуэну тхьэмыщкIагъэр сигу дауэ техуэн? Сеплъурэ си лъэпкъэгъухэр дауэрэ езгъэгъэкIуэдын?»

[7] ЯжриIащ итIанэ пащтыхь Ахъийшурэщ Сэфирэтгуащэмрэ журт Мардэхейрэ: «Журтхэм я ужьыр Аман екIэ зэрызэрихуам пэзгъакIуэу и уни, и лъапси Сэфирэт естащ, езыри щхьэпылъэ сщIащ. [8] Мыхъур Iэлъыныр тегъэуэжауэ пащтыхьым и цIэкIэ къыдэкIа унафэр пкъутэж хъуркъым. Абы къыхэкIыу, журтхэм теухуауэ фызыхуей унафэм хуэдэр вгъэхьэзыри, мыхъур Iэлъыныр тевгъэувэж».

[9] Ещанэ мазэм, Сиуан мазэм, и тIощIрэ ещанэ махуэм[a], пащтыхь тхакIуэхэр къызэхуашэсащ. Хьинд хэгъэгум щегъэжьауэ Куш нэсыхукIэ дэлъ хэгъэгуищэрэ тIощIрэ блым журту, пщыуэ, хэгъэгу пашэу, лIакъуэлIэшу исым яхуэгъэзауэ Мардэхей унафэ къыдигъэкIащ. А унафэри щIыналъэ къэс тхыбзэу илъымрэ лъэпкъыу исым я бзэкIэ, абы журтхэм я тхыбзэри бзэри хэтыжу, ятхащ.

[a] 8:9 Ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 474 гъ. и гъэмахуэпэ мазэм и 25-нэ махуэм.

[10] Пащтыхь Ахъийшурэщ и цIэкIэ Мардэхей ар яригъэтхщ,
тхыгъэм мыхъур Iэлъыныр тригъэуэжри, пащтыхьым
къыхуагъэхъуа шы лъэпкъыгъуэхэм къыхашу шы жэр
нэхъыфI дыдэхэм ягъэшэса шу лIыкIуэхэм IэщIалъхьэ-
ри, зэбгрырагъэхащ.
[11] Пащтыхь унафэм дэнэ къали щыпсэу журтхэр
зэхуэсу захъумэжыну хуит ищIащ. Къатеуэр сыт
хуэдэ лъэпкъ щымыщми, дэнэ щIыпIэ къимыкIами,
абы я цIыхубзхэмрэ сабийхэмрэ зэрахэту, япэщIэ-
увэжу яукIыну, ягъэкIуэдыну, я лъапсэр ягъэгъущу
мылъкуу яIэр зэрапхъуэну журтхэр хуит ящIат. [12] Абы
щхьэкIэ пащтыхь Ахъийшурэщ и пащтыхьыгъуэм
журту исым пIалъэу хухахар епщыкIутIанэ мазэм,
Адар мазэм, и епщыкIущанэ махуэрт[a]. [13] А махуэм
ялъ зэращIэжынум журтхэри хуэхьэзыру ирихьэ-
лIэн щхьэкIэ, пащтыхь унафэм хабзэ къару зэри-
Iэр щIыналъэхэм щыгъэIун икIи ар лъэпкъыу хъуам
ялъэгъэIэсын хуейт.
[14] Пащтыхьым иш жэрхэм ягъэшэса шу лIыкIуэхэр,
унафэм хуэжыIэщIэу, епIэщIэкIыу гъуэгу техьащ. Унафэр
Шушан быдапIэм дэсхэми зэлъащIысащ.
[15] Пащтыхь щыгъын хужь-плъыжьыфэкIэ зэщы-
хуэпыкIауэ, дыщэ пыIэр щхьэрыгъыу, чэтэн плъыжь-
фIыцIафэ пIащIэм къыхэщIыкIа абэр тепхъуауэ Мардэхей
Ахъийшурэщ и деж къыщIэкIыжащ. Шушан къалэри
нэщхъыфIэ къэхъужри гуфIэгъуэшхуэм зэщIищтащ. [16] А
зэманым дунейр нэхугъэрэ гуфIэгъуэкIэ журтхэм къа-
хуэупсам хуэдэт, лъытэныгъэшхуи цIыхум къыхуащIат.
[17] Журтхэр щыпсэууэ пащтыхь унафэр зылъэIэса дэнэ
щIыналъи, дэнэ къали гуфIэгъуэмрэ нэщхъыфIагъэмрэ
зыщиIэтащ, дэни щыплъагъур ефэ-ешхэрэ джэгурэт.
Абы щыгъуэщ журтхэм я шынагъэ зыхэзыщIа куэдым
журт диныр къыщащтари.

---

[a] 8:12 Ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 473 гъ. и гъатхэпэ мазэм и 7-нэ махуэм.

## ЕБГЪУАНЭ IЫХЬЭ

### *Журтхэр я бийхэм зэрытекIуар*

[1] ЕпщыкIутIанэ мазэм, пащтыхь унафэр щызэщIэн
хуей Адар мазэм, и епщыкIущанэ махуэр къэсащ. Бийр
гугъат а махуэм журтхэр хигъэщIэну, ауэ зыри зэрыщы-
мыгугъауэ Iуэхур къыщIидзыжри, я бий кIэуфIыцIыр езы
журтхэм лъэгуажьэмыщхьэу къагъэтIысащ. [2] Пащтыхь
Ахъийшурэщ и щIыналъэхэм къалэу итым бзаджагъэ
зигу къахуилъхэм езэуэну журтхэр къыщызэхуэсащ.
Журтхэм я шынагъэр цIыху лъэпкъ псоми зэралъэ-
Iэсам къыхэкIыу къапэщIэувэжыну зыри тегушхуакъым.
[3] Мардэхей и шынагъэ зыхащIам пщыи, хэгъэгу паши,
лIакъуэлIэши, пащтыхь Iуэхузехьи къанэ щымыIэу
журтхэм къуигъэуващ. [4] Мардэхей и пщIэм нэхъри нэхъ
лъагэу сэрейм зыщиубгъуырт: кIуэ пэтми нэхъ лъэщ хъурт,
и цIэри пащтыхьыгъуэм и дэнэ къуапи щыжаIэрт.

[5] Журтхэм бийр джатэщхьэрыкIуэ ящIырт, яукIырт,
лъапсэкIуэдыр къыхуагъакIуэрт, жагъуэгъум ирамыщIи
щыIэтэкъым. [6] Шушан быдапIэм и закъуэ журтхэм бийм
щыщу цIыху щитхум лъапсэкIуэдыр къыщыхуагъэкIуащ.
[7-10] Абыхэм яхэтащ журтхэм я бий фIыцIэ Хьэмэдэт и
къуэ Аман и къуипщIри: Пэршэндэт, Дэлфан, Аспэт,
Пэурэт, Адэлей, Арудэт, Пэрэмшэт, Арысей, Арудей,
Уейзэт сымэ. Ауэ хъунщIэ зи цIэ журтхэм зыщIыпIи
къыщыхагъэкIакъым.

[11] Шушан быдапIэм укIыгъэ щыхъуам и бжыгъэр а махуэ
дыдэм пащтыхьым деж нагъэсащ. [12] ЖриIащ пащтыхьым
Сэфирэт-гуащэм: «Шушан быдапIэм журтхэм цIыху
щитху хуэдиз хъун, Аман и къуипщIри яхэту, щаукIащ.

Пащтыхьыгъуэм хиубыдэ адрей щIыналъэхэм щащIар
сыту пIэрэ-тIэ абы щыгъуэм? ЖыIэ уэ, сыт иджыри узы-
хуейр? УзыщIэлъэIу псори пхуэсщIэнущ».
[13]«Игъуэу къэплъытэмэ, – къитыжащ жэуап Сэфирэт, –
Шушан дэс журтхэр нобэ унафэр зэрагъэзэщIам ещхьу
пщэдеи зекIуэну хуит щIы, Аман и къуэхэм я хьэдэри
щхьэпылъапIэм къыпегъалъэ».
[14]Ар икIэщIыпIэкIэ ягъэзэщIэну пащтыхьым ткIий-
уэ и Iуэхузехьэхэм ятрикъузащ. Арати, Шушан быда-
пIэм унафэ къыщыдагъэкIри, Аман и къуипщIым я
хьэдэхэр щхьэпылъапIэм фIрагъэдзащ. [15]Шушан дэс
журтхэр Адар мазэм и епщыкIуплIанэ махуэми[a] зэхы-
хьэри, бийм щыщ цIыху щищ хагъэщIащ, ауэ хъунщIэ
зи цIэ къыхагъэкIакъым.
[16-18]Мыр къыщыхъуар Адар мазэм и епщыкIущанэ,
епщыкIуплIанэ махуэхэрщ, къыкIэлъыкIуэ епщыкIутхуанэ
махуэм загъэпсэхужри, ар ефэ-ешхэм хэту гуфIэгъуэм и
махуэщIу ягъэнэхуащ.

Абы ирихьэлIэу пащтыхьыгъуэм хиубыдэ адрей щIына-
лъэхэм щыпсэу журтхэри, бийм икIэм-икIэжым зыкъы-
IэщIахыу зыщахъумэжын щхьэкIэ, зэхуэсат, жагъуэгъухэм
ящыщу цIыху мин блыщIрэ тху хуэдизым лъапсэкIуэдыр
къыхуагъэкIуат. ХъунщIэ зи цIи къыхагъэкIатэкъым.
Мыр къыщыхъуар Адар мазэм и епщыкIущанэ махуэрщ.
КъыкIэлъыкIуэ махуэр зыгъэпсэхугъуэ махуэ ящIри,
ар ефэ-ешхэм хэту гуфIэгъуэм и махуэщIу ягъэнэхуащ.
[19]Аращ къуажэдэс журтхэм Адар мазэм и епщыкIуплIанэ
махуэр гуфIэу, ефэ-ешхэм хэту щIагъэлъапIэр, шхын
тыгъи щIызэхуащIыр[b].

*a* **9:15** Ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 473 гъ. и гъатхэпэ мазэм и 8-нэ махуэм.

*b* **9:19** МахуэщI махуэхэм деж шхыныгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ зыр зым етэурэ зэщыгуфIыкIыныр журтхэм хабзэу яхэлъащ.

### *Пурим махуэщIыр зэрыхаха щIыкIэр*

20 Мардэхей мы къэхъукъащIэ псори итхыжри, Ахъий-
шурэщ и пащтыхьыгъуэм журту исым, жыжьэ щыIи,
гъунэгъуу щыси къимыгъанэу, тхыгъэу яхузэбгригъэхащ,
21 илъэс къэс Адар мазэм и епщыкIуплIанэ, епщыкIутхуанэ
махуэхэр махуэщI махуэу ягъэлъэпIэну иту. 22 НэщхъыфIэу,
ефэ-ешхэ ящIу, шхынкIэ зыр зым етэу, тхьэмыщкIэхэри
ягъэгуфIэу а махуэхэр ягъэкIуэнуи яхуигъэуващ. Журтхэм
нэплъэжыгъуэ щагъуэтар мы махуэхэращ. Бий фIыцIэм
текIуэу я гуIэгъуэм гуфIэгъуэкIэ зыщызридзэкIар, гъыбзэу
ягъэшым махуэщIкIэ зыкъыщыдигъэзари мы мазэращ.
23 МахуэщIу ирагъэжьар иужьым журтхэм хабзэу зэ-
дащтэжащ – арат Мардэхеи яхуитхауэ щытар абыхэм.
24 Аджадж лъэпкъым щыщ Хьэмэдэт и къуэ Аман, зэры-
журту я бий кIэуфIыцIым, игъэкIуэдын неткIэ абыхэм
лъапсэрыхыр къащыхуигъэкIуэну махуэр къыхихыну
пхъэидзэ, «пур» жыхуаIэр, идзыгъат. 25 Ауэ Сэфирэт
пащтыхьым деж щыкIуэм, абы унафэ къыдигъэкIыгъат
гухэлъ бзаджэу Аман журтхэм яхуищIар къыпекIуэкIы-
жу – езыри и къуэхэри щхьэпылъапIэм щыпалъэжыну.
26 (Абдеж къыщежьэри «пур» псалъэм къытекIа «Пурим»
фIэщыгъэцIэмкIэ а махуэхэм еджэ хъуащ).
Мардэхей ищIа унафэм къыпкърыкIыу, езыхэми я нэгу
щIэкIамрэ я щхьэ кърикIуами къыхэкIыу 27 журтхэм хабзэ
къызэдащтащ, а зэрагъэувам тету щIэблэу къащIэхъуэ-
нуми, я дин къихьэну цIыхухэми илъэс къэс а махуи-
тIыр игъуэм фIэкIыпIэншэу ягъэмэхуэщIыну. 28 ЛIэужьу
къэхъухэми, унагъуэхэми, щIыналъэхэми, жылагъуэхэми
ящымыгъупщэу ягу илъын хуейщ а махуэхэр. Пуримыр
журтхэм IэщIыб ящI хъунукъым, ар зищIысыр щIэблэм
IэщIэмыхужын щхьэкIэ.
29 Абы иужь АбыхъурэIил ипхъу Сэфирэт-гуащэ, унафэу
IэщIэлъым хуэдизкIэ, Мардэхей и гъусэу, Пурим махуэщI-
хэм теухуауэ ипэкIэ ящIыгъауэ щыта унафэм иджы-

ри зэ щыхьэт техъуэж тхылъ ятхащ. 30 Мамырыгъэрэ
зэпэщыныгъэкIэ ехъуэхъуу Ахъийшурэщ и пащтыхьы-
гъуэм хиубыдэ хэгъэгуищэрэ тIощIрэ блым щыпсэу
журтхэм хузэбграгъэха а тхыгъэм, 31 Мардэхейрэ Сэфирэт-
гуащэрэ зэрыхагъэунэхукIам тету, Пуримыр игъуэм
ягъэмэхуэщIыну къигъэувырт. Езы журтхэми зэдащтэгъа
икIи щIэблэу къащIэхъуэм къыхуагъэна махуэ хэха-
хэм – нэщIымрэ щыгъуэщIымрэ – мыри хагъэхъуэ-
жырт. 32 Пуримым теухуа унафэр Сэфирэт и тхыгъэм
щигъэщыпкъэжащ, къэхъукъащIэхэр зратхэ тхылъми
иратхэжащ.

## ЕПЩIАНЭ IЫХЬЭ

### *Мардэхей зэрагъэлъэпIа щIыкIэр*

1 Абы иужь пащтыхь Ахъийшурэщ зэрыпащтыхьы-
гъуэу, хы Iуфэм еуалIэ щIыпIэ жыжьэхэри къыхыхьэу,
хьэкъулэ ятрилъхьащ. 2 Пащтыхьым игъэхъамрэ батэу
игъэшамрэ, Мардэхей зэригъэлъэпIам и хъыбар нэсри
хэту, Къэжэрымрэ Мыдымрэ я пащтыхь тхыдэ тхылъхэм
иратхауэ итщ. 3 Пащтыхь Ахъийшурэщ и ужькIэ журт
Мардэхейщ пащтыхьыгъуэм нэхъ фIэлIыкI зиIэу исар.
КъызэрымыкIуэу ину ялъытащ ар журтхэм, Iулыджы-
шхуи къыхуащIащ и лъэпкъэгъухэм. Езыри еш имыщIэу
и лъэпкъым и къэкIуэнум щIэбэнащ, щIэчэ имыIэуи абы
и щхьэщыжакIуэу щытащ.


Хы ФӀыцӀэ
Хы Каспр
ЛУД
ЕРМЭЛЫ
Нинуей
МЫД
ПАРТЕЙ
Карт
Ахъмэт
Хы Курыт
Щам
КЪЭЖЭР
Щэмэрэн
Бабылей
Шушан
Ерусалим
Муниф
Парсэ
МЫСЫР
ХЬЭРЫП
Къэжэр хыжьэ
Табкъалэ
Нил
Хы Плъыжь
Къэжэр пащтыхьыгъуэ
© UBS, 1999

## Псалъэ гурыIуэгъуейхэм я псалъалъэ

**Ахъуэ** – и теплъэкIэ хъурей-баринэу щыт жыг щхъуэфIыцIафэ, «инжир» жыхуаIэращ.

**Бэтэгъэ** – лъагапIэ, зыплъыхьыпIэ.

**Блэр пхын** – мыуэ щIыкIэ блэм ебжурэ и пкъыр убыдын, зэщIэмыкIыжу щIын.

**Гие** – цIыхум мыхъумыщIагъэ IэщIэщIам хущIрагъэгъуэжын щхьэкIэ зэреущие псэлъэкIэ.

**ГуащIэ** – къару, зэфIэкIыныгъэ; лъэщагъ, бланагъэ; пхъашэ, ябгэ; щхьэмыгъазэ; къикIуэт зымыщIэ.

**ГуемыIу псалъэ** – жыIэпхъаджэ, укIытэгъуэ зыпылъ, жьэм къемыкIу, гум еуэ псалъэ; псалъэ хъуэн.

**Гунэдж** – гукъыдэж; нэжэгужагъэ, нэщхъыфIагъэ.

**Гухьэ-гужь** – гужьгъэжь, лъагъумыхъуныгъэ; гуращэ бзаджэ.

**Гъэджылын** – гъущIыкIэм игъуэтыну щэн-щытыкIэм теухуауэ гъэунэхун.

**ГъэIэсэгъуей** – жыIэмыщIэ, къэгъэдэIуэгъуей.

**ДэхащIэ** – IэфIагъ, гуапагъ зыхэлъ псалъэ.

**Дыщэ токъу** – дыщэ гъэжа; цIыхур зыгъэIуэщхъу, зыIэпызышэ мэгъу мывэ (зэхь.).

**Дзеегъу** – Iуэху зыпэрытыр, лэжьыгъэ къэрахьэлIэр щIэх зэфIэха хъун щхьэкIэ зиш, зив, къинэмыщIхэр зэдзылIауэ зэдэлажьэ; дзей гъусэ.

**ЕфыгъулIэн** – зыр зым нэхъыфIу хущыту къалъытэу зэгуэпын; еижын.

**Жагъуэзэрабг** – гурымыхь, гущыкIыгъуэ, жагъуэ.

**Жьуджалэ** – илъэситIкIэ къэкI, банэ зытет удз хъурей лIэужьыгъуэ.

**Зэусыгъуэджэн** – зэмыпэсын, зыхуэмыгъэфэщэн.

**Игъуэджэ** – емыкIу, емызэгъ, укIытэгъуэ зыпылъ; къэхъун хуэмей Iуэху.

**Игъуэнэмыс хъун** – и ныбжь нэмысу дунейм ехыжын.

**Икърарыншэ** – пцIыупс, пцIыIуэпцIылэ, зи псалъэ темытыж; тхьэгъэпцI.

**Инат** – ерыщ, ерыпIынэ; зи жыIэрэ зи щIэнрэ яхутемыкI.

**КIадэ** – гъэтIылъыгъэ.

**КIыщтэн** – зы кумбыгъэм ит гъущIыкIэ плъар нэгъуэщI кумбыгъэм ипкIэурэ гъэупщIыIун.

**Къэгъэхъаржэн** – хэхъуэ щIын, зэгъэгъуэтын, къызыIэрыгъэхьэн.

**Къэжэр** – 1. Перс щIыналъэ. 2. Перс лъэпкъым щыщ.

**Къуентхъ** – зауэ, теуэ, зекIуэ хуэдэхэм деж бийм къыIэщIах мылъку, Iэщэ-фащэ.

**Къумалэ** – бзэIэфIагъ, гуапагъэ.

**Къутыргъэн** – пагэ; зыхэзыIэтыкI, зыкъызыфIэщIыж; пагагъэ.

**Кхъуауэ** – кIапсэ пыщIауэ псыкъуийм псыр кърырахыу джэрэзу щхьэщыт пкъожьей.

**Лъэкъухь къэхьын** – емыкIу къэхьын, Iуэху игъуэджэ хэхуэн; икIэу къыщIидзын.

**Лъэпощхьэпо** – Iуэхум и кIуэрабгъур къызыхэхыгъуей, кIуапIэ къозымыт щытыкIэ.

**ЛIакъуэлIэш** – и лъэщагъкIэ, тетыгъуэ иIэкIэ пщым къыкIэлъыкIуэу щыта уэркъ лъэпкъ; текстым зэрыхэтымкIэ – IэнатIэ лъагэ зиIэ цIыху лъэрызехьэ, тепщэныгъэ зиIэ, куэд зыхузэфIэкI.

**Мэхъаджэ** – гущIэгъу зыхэмылъ, еру; бзаджэнаджэ; хъийм икIа; шынагъуэ.

**МэIу** – бжы, сэшхуэ хуэдэхэм пэщIадзу зэрызрахъумэ гъущI пIащIэ е пхъэ хъурей (е плIимэ); пшапэIудз.

**Мывэдз** – мывэ зэрадз Iэмэпсымэ.

**Мывэ сэрей** – хадэ, пщIантIэ, щIыхьэпIэ сыт хуэдэхэр къызэрыхухьа мывэ блын.

**Мысэ** – къуаншагъэ зыбгъэдэлъ цIыху.

**Нэрыбгэ** – цIыху.

**Нузыр** – Тхьэм и цIэкIэ цIыхум игъэзэщIэну ит псалъэ, гухэлъ, гуращэ.

**Ныбжьи** – игъащIэкIэ, псэухукIэ, дунейр щыIэхукIэ.

**Пашэ** – Iэтащхьэ; унафэщI, нэхъыщхьэ, Iэщхьэтет, тет.

**Пэбгъэн (мэпабгъэ)** – зыгурым хущIэкъун, щIэхъуэпсын.

**ПкIауэ** – цIыр-цIыр макъхэр игъэIуу, пкIэуэ къэзыкIухь псэущхьэ цIыкIу.

**ПкъыщIэлIэ хъун** – ешын, пщын, гугъуехьым къыхэкIыу пкъыр щIэлIэн.

**ПсэкIуэдщIагъэ** – Тхьэм и хабзэрэ и псалъэрэ емызэгъ IуэхущIафэ; гуэныхь.

**Псыгуэн** – жыг хадэхэм, къэкIыгъэхэм псы щIагъэлъадэр щаIыгъ е зэрыт псы IыгъыпIэ.

**ПсынщIэетэ тхьэлъанэ** – емыгупсысауэ, зэмыгъэзэхуауэ, зэпэмылъытауэ ящI псалъэ, тхьэрыIуэ.

**Псыхуэш** – псыфIэIу, «уксус» жыхуаIэращ.

**И пхъэ къикIын** – ехъулIэн, унэн, фIы къеуэлIэн.

**ПшапэIудз** – мэIу; шынагъуэм (цIыхуейм, бзаджэнаджэм, щхъуэм, н.къ.) пэIэщIэ зызэрыхуэпщI Iуэхуфэ е псэлъафэ (зэхь.).

**Пшэрыхьын** – къэущэкIуар зэIыхын, пщэфIын.

**Пщэжын** – гъущIыкIэ плъам щымыщу хэлъыр хэгъэкъэбзыкIын.

**СанэщIэху** – жызумым и псыр къызэрыщIаху Iэмэпсымэ.

**Сэрей** – пащтыхьыр, хъаныр, пщыр зыщыпсэууэ щыта уардэ унэ.

**Тхьэпщ** – дин хуэIухуэщIэхэр зезыхьэ цIыху, дин лэжьакIуэ.

**ТхьэщIа иIэн** – тхьэрыIуэ; тхьэлъанэ зыхэлъ Iуэху.

**Уанэ мыгъуэр телъхьэн** – гузэвэгъуэ хэхуэн.

**Уэкъуо** – жьапщае, жьышхуэ; жьыкIурий.

**Уэхьий** – бегъымбархэм къахуех Тхьэм и псалъэр е и унафэр.

**УпщIэж ехьэлIэн** – Iуэхум чэнджэщ къыхегъэлъхьэн; зыгуэрым ечэнджэщын.

**УпщIэжакIуэ** – упщIэжэгъу, чэнджэщэгъу; чэнджэщакIуэ.

**Ухэсын** – зы Iуэхугъуэм пыухыкIауэ теубыдэн; унафэ къэщтэн.

**Ущэн** – зыщIыпIэ зыгуэр илъхьэн, зыгуэр из щIын.

**Фэлъыр дэхын** – зыгуэрым ткIийуэ ешхыдэн; удын ехын.

**Фо бэшх** – фо куэд зышх; IэфIышх.

**Хэгъэгу** – хэку, лъахэ, щIыпIэ, щIыналъэ.

**Хей** – къуаншагъэ зыбгъэдэмылъ цIыху.

**Хеяжьэ баш** – хеящIэм хейщIэгъуэр зэрызригъакIуэ баш. Къуаншагъэ зыбгъэдэлъыр щызэхигъэкIкIэ, хеящIэм хейуэ къигъэлъэгъуар здэщыт лъэныкъуэмкIэ башыр ирихьэкIмэ, абы мысагъэ зэрыбгъэдэмылъыр цIыхум яригъащIэрт.

**ХеящIэ** – хеяжьэ; къуаншагъэ зыбгъэдэлъыр зэхэзыгъэкI цIыху.

**ХущIэджэн** – зыгуэрым хуэпсэлъэн, и Iей жыIэн, хуэмыфащэ епэсын; хущIэбжэн, ебгын.

**Хьэкум** – цIыху зэныкъуэкъухэм я Iуэхур зэхэзыгъэкI, щIэпхъаджэ зылэжьам хуэфащэ тезыр тезылъхьэ щIыпIэ е IуэхущIапIэ; хеящIэ.

**Хьилэгу** – бзаджэ; щIэкIыпIэ зи куэд, IэмалкIэ Iэзэ; хьилэшы.

**Хъарзынэщ** – хъугъуэфIыгъуэхэр щахъумэ, щагъэтIылъ, щызэрахьэ щIыпIэ; хъумапIэ.

**Хъатэ пэмыхьэ щIын** – къыпфIэмыIуэхун, зыгуэрым уасэ емытын; зыгуэрым фIэмылIыкIын.

**Хъырцыжь** – хъунщIакIуэ, техакIуэ.

**Хъуэхъупэ тын** – фIыщIэгуапэ псалъэ.

**Хъугъэ-щIагъэ** – къэхъугъэ, Iуэхугъуэ блэкIа.

**Хъурджанэ** – зыгуэр ирикIэращIэу пкъощIэсэм хэщIыхьа епхыпIэ.

**Чэтэн** – щэкI Iув лъэпкъыгъуэ, пхъашэу зэIущауэ.

**ЧыракIуэ** – чырэм хэт цIыху; чырэкIэ зыгуэр къешэкIын, зехьэн.

**Шэс** – зыгуэр бгъэзэщIэну е бгъэпэжыну пщэрылъ зыщыпщIыжкIэрэ узэрыхуэ щытыкIэ.

**ШэсыпIэ иувэн** – шэс хьэкъ; шэс папщIэу зыгуэрым и цIэкIэ увын.

**Шэчалъэ** – тэрэзэ, гырэ.

**(И IэдакъэщIэкI) и шхыгъуи ихуэн** – цIыхум ищIам, илэжьам пэкIуэ игъуэтыжын, фIыщIэгуапэ щIыгъуэ ихуэн.

**ШыIагъэ** – шыIэныгъэ.

**Щауэгъу** – ныбжэгъу.

**ЩуIэгъэ** – нысащIэ; бзылъхугъэ щхьэгъусэ.

**ЩхьэкIуэ** – хъыбар гуауэ, хъыбар Iей; жагъуэ, губгъэн (зэхь.).

**ЩыжакIуэ** – зыгуэрым къыщхьэщыж, зыгуэрым къыдэщI; щхьэщыжакIуэ.

**ЩынэщIылъху** – щIымахуэм халъхуа щынэ.

**Щыхъэн** – щекIуэкIын, къыщыхъун.

**ЩIэнэкIалэ** – цIыхум щIэнакIэр; ауаныщI.

**Iэл** – бзаджэ; ерыщ, еру; зэгъыгъуей, сампIэимыхьэ.

**Iэщхьэтет** – унафэщI, нэхъыщхьэ, тет, Iэтащхьэ.

**Iуэрбжэр** – псэлъэрей; мыхъумыщIэ куэд жызыIэ.

**Iулэ** – акъылыншэ, мыгубзыгъэ, делэ.

**Iумэт** – пащтыхьым пэжу хущыт, щыпкъэу бгъэдэт; зы дин зылэжь, а диным ит цIыху гуп.